



PREMYE KOZE A

Nou konenn moun ki ekri Levanjil sa a se Kominote Disip Jezi te renmen anpil la. Se li menm ki di sa nan chapit 21,24. Men nan dezyèm syèk la yo te kòmanse di se Jan ki te ekri 1. Kominote Disip Jezi renmen anpil la se yon modèl pou nou tou.

Levanjil Jan an diferan anpil ak sa nou rele Levanjil sinoptik yo, sa vle di Matye, Mak ak Lik. Jan gen yon fason apa pou li prezante mèvèy Jezi a, epi pou li ekri liv pa li a. Depi nan kòmansman li prezante Jezi kòm Pawòl Bondye a, sèl gress Ptit la, Bondye te voye pou li bay moun yo limyè ak lavi, pou li vin fè tou sa Bondye te fè, tou-nen yon reyalite tounèf. Pawòl Bondye a ki egziste depi anvan toutan, se yon sous enèji k ap chanje tout bagay san rete.

Menm si li sèvi ak anpil senbòl, nan Levanjil sa a, nou jwenn temwayaj ki gen anpil presizyon. Epi yo gen plis detay istorik nou kapab verifye, pase nan lòt Levanjil yo. Plis n ap vanse nan lekti Levanjil sa a, plis n ap dekouvre misyon Sovè Jezi te genyen an.

Chèf Jwif yo parèt nan Levanjil Jan an tankou moun ki te refize kwè Jezi se Sovè Bondye voye ak yon kò, pou li sove tout moun sou tè a.

Lè patizan Jezi te renmen anpil la te fin ekri Levanjil sa a, Women yo te deja detwi Jerizalèm ak Tanp li an. Li vle montre kijan Jezi tanmen yon epòk tounèf sou tout tè a.

Li te fè pèp Jwif la konnen sèvis sakre Tanp lan se bagay demodé. Men se nan Premye Kontra a n ap jwenn kanmenm kle pou nou konprann travay Jezi a. Levanjil Jan an montre Jezi ale divès fwa Jerizalèm nan fèt Jwif yo. Jan pale sou twa fèt Pak (2,23 ; 6,4 ; 13,1). Men Levanjil sinoptik yo pale sou yon sèl fèt Pak. Jan montre mèvèy Jezi a ak senbòl relije yo tankou dlo, limyè, pen ki lamàn tounèf la, tanp tounèf la, ti mouton an, ak lòt bagay. Nan tout mirak Jezi te fè yo, levanjil Jan an te chwazi sèt sèlman pou li montre tout fòs lavi ki sòti nan Jezi, paske chif sèt la se chif ki montre yon bagay total.

Nan Levanjil Jan an, nou jwenn prezans fi yo. Nou jwenn Mari manman Jezi (2,1s; 19,25), fi samaritèn nan (4,1-32), Mari moun Magdala a (20,1s ; Mt 11,27) ak anpil lòt. Yo montre enpòtans fi genyen nan premye kominote kretyen yo. Lòt bagay ki bay Levanjil sa a yon enpòtans total kapital, se fason Jezi rele tèt li « Se mwen menm ». Non sa a, se non Bondye Yave te di Moyiz li genyen, sou mòn Sinayi a (Egzòd 3,8).

Ti pa ti pa, Jan mete moun devan yon moun ekstwòdinè : Jezi, Moun Nazarèt la, pou yo chak reyaji devan l nan lafwa. Li pa kache nou kote li vle rive ak nou : « Yo te ekri tout bagay sa yo pou yo kwè Jezi se pitit Bondye a... » (Jn 20,31).

Jan te ekri Levanjil li a vè lane 80 konsa, e yo ta kwè se nan lavil Efèz.

Men chapant Levanjil Jan an :

Nou kapab wè de gwo pati ladan 1:

Yon premye koze : Chapit 1

Jezi se Pawòl Bondye ki tounen moun (1,1-18)

Temwayaj Janbatis (1,19-34)

Premye patizan yo (1,35-51)

Premye pati : (Sòti chapit 2 rive chapit 12) : Liv siy yo

Jezi montre ki moun li ye nan sa li di ak nan sa li fè (2-3)

Devan Jezi nou reají divès fason (4-6)

Chèf Jwif yo refize Jezi (7-12)

Dezyèm pati : (sòti chapit 13 rive chapit 21) : Jezi pare kominote li a, epi li tounen jwenn Papa 1, lè li pase nan lanmò epi li leve byen vivan.

Denye soupe a (13-17)

Gwo soufrans Jezi ak Leve byen vivan 1 (18-19)

Jezi byen vivan parèt devan patizan 1 yo (20-21)

1 <sup>1Jn 1, 1-2;
Ap 19,13</sup> Nan kòmansman Pawòl la te la. Pawòl la te kote Bondye. Pawòl la te <sup>Jen 1,
1-5;</sup>

<sup>Saj 9,1;
Pw8,22</sup> **2** Li te kote Bondye nan kòmansman.

Flp 2 6

<sup>1Jn 2,8;
1Tes 5,4</sup> **3** Se grasa li tout bagay te fèt. San li pa gen anyen ki te fèt nan tou sa ki fèt.

Kol 1,16;
Eb 1,2;

4 Se nan li lavi a te ye. Lavi a te limyè pou moun.

1Kor 8,6;

5 Limyè a klere nan fènwa, fènwa pa t pran pye sou li.

1Jn 2,9

6 Te gen yon nèg Bondye te voye, li te rele Jan.

Mt 3,1

7 Li te vini kòm yon temwen, pou li sèvi limyè a temwen : konsa pou tout moun te kapab kwè grasa li.

8 Se pa li menm ki te limyè a. Men li te la pou li te sèvi limyè a temwen.

3,19;
8,12;

9 ^{12,46} Limyè toutbon vre a te la. Se li ki klere tout moun. Li t ap vini sou tè a.

Jn 7,19;

10 Li te sou tè a. Se grasa li tè a te fèt, men tè a pa t konnen l.

14,17;
17,25

11 Li te vini lakay li, men moun lakay li pa t resevwa l.

<sup>Gal 3,26;
1Jn 5,13</sup> **12** Men tou sa ki resevwa l yo, ki kwè nan Non l, li te ba yo pouvwa tounen ptit Bondye.

17 <sup>31,18;
Wm</sup> Paske se grasa Moyiz yo te ban nou Lalwa a, men se grasa Jezi Kri nou te jwenn favè a ak laverite a.

6,14;

Jn 7,19;

10,4

<sup>3,5;
Jk 1,18;
1Jn 5,18</sup> **13** Yo menm se pa nan san, ni nan bezwen lachè, ni nan volonte gason, men se nan Bondye yo sòti.

18 <sup>5,37;
6,46;</sup> Bondye, pèsonn pa janm wè l, sèl gress Pitit li a, Bondye ki nan Papa a, se li menm ki te fè moun konnen l.

33,20;

1Tm

<sup>Wm 1,3;
Gal 4,4;
1Tm 3,16;
Eb 2,14;
1Jn 4,2;
Ap 21,3;
25,8;
Dtw 4,7;
Bar 4,1;
37,27;
34,6;
Sòm
89,2;
Oze 2,21</sup> **14** Pawòl la te tounen moun, li te vin abite nan mitan nou. Nou te wè glwa l, glwa li resevwa nan men Papa a, kòm sèl gress Pitit, ki plen favè ak laverite.

1,17;

6,16;

1Jn 4,12;

Mt 11,27

15 Jan sèvi l temwen, li di byen fò : « Se te de li menm mwen t ap pale lè m te di : Sila a k ap vini apre m lan, li te devan m paske li te egziste anvan m. »

Deklarasyon Janbatis

Mt 3,1-12; Mk 1,2-8; Lk 3,15-17

<sup>1,27;
Mt 3,11</sup> **16** Nan kantite byen li genyen pou piyay la, nou tout nou te resevwa favè sou favè.

19 ^{Lk 3,3} Men deklarasyon Jan lè Jwif Jerizalèm yo te voye prêt ak moun ras Levi yo kote l, pou yo mande l : « Kilès ou ye ? » <sup>3,28;
T Ap
13,25</sup> **20** Li te deklare, li pa t di non, li te deklare : « Se pa mwen ki Kris la. » <sup>Mal
3,23;</sup> **21** Yo mande l : « Men kilès ou ye ? Ou se Eli ? » Li reponn : « Se pa sa mwen ye. » —« Ou se pwofèt la ? » Li reponn :

11,14;

17,10;

Dtw

18,15

1,1-13 : Nan kòmansman Pawòl la te la, Pawòl la te kote Bondye, Pawòl la te Bondye... Premye pawòl pou kòmanse Levanjil Jan an fè nou sonje premye pawòl pou kòmanse liv Jenèz la (Jenèz 1,1-2,4^a). Nan kòmansman, anvan Bondye te kreye tout bagay, te gen Pitit Bondye a ki te la nan Bondye menm.

gen pwojè kòm kreyatè, pou l fè l rive nan pwòp lavi Bondye. Bondye ofri tout moun posiblite sa a, men se pa tout moun ki aksepte l.

Pitit la se pòtre Papa a san manke anyen, epi Papa a gade pwòp figi pa l nan Pitit li a. Toude, youn nan lòt, nan yon komunikasyon total kapital.

1,17-18 : Poutèt se grasa Moyiz yo te ban nou Lalwa a, men se grasa Jezi Kri nou te jwenn favè a ak laverite a. Bondye te pase pa Moyiz pou l bay Lalwa. Epi tout Jwif yo twouve Lalwa sa a se pi gwo kado Bondye te fè yo. Reyèlman vre, Bondye te sere yon kado pi gwo pase sa. E pa sèlman pou Jwif yo, men pou tout moun ki sou latè beni. Jezi, Pitit Bondye a, kado toutbon Papa a fè nou an, se li menm sèl ki kapab pale sou Bondye Papa a.

1,14-16 : Pawòl la te tounen moun, li te vin rete nan mitan nou, nou te wè glwa l, glwa li resevwa nan men Papa a, kòm sèl gress Pitit ki plen favè ak laverite. Bondye vle mennen moun patisipe nan pwòp lavi l, e nan pwòp kè kontan li. Pou sa kapab fêt, Pawòl la tounen moun, epi li vin nan pwòp kay li, sou tè sa a ki pou li. Jezi Kri ki limyè a, vini pou l fè tout moun tounen pitit Bondye. Se li menm sèl ki pitit toutbon vre a. Men nou menm tou nou kapab vin pitit Bondye nan li menm. Sa fè nou wè kalite diyite moun genyen. Bondye tèlman renmen moun, li

1,19-28 : Men deklarasyon Jan, lè Jwif Jerizalèm yo te voye prêt ak moun ras Levi yo kote l pou yo mande l : « Kilès ou ye ? » Lè Jan Batis kòmanse preche, Jwif yo t ap tann Mesi a (Mesi a osinon Kris la se non yo te bay moun Bondye pral voye a), ki te gen pou l delivre yo anba lami-zè ak dominasyon etranje. Janbatis te anonsé Mesi a pa t lwen vini. Li te mande pèp ki vin

« Non. » ²²Yo di l: « Kilès ou ye? Pou nou kapab bay moun ki voye nou yo yon repons. Sa w di sou ou menm? » ²³Li di: « Mwen menm, mwen se vwa sila a k ap rele nan dezè a: Fè wout Granmèt la vin dwat, jan pwofèt Izayi te di a. » ²⁴Moun yo te voye yo te fè pati gwoup Farizyen yo. ²⁵Yo mande l kesyon, yo di l konsa: « Poukisa w ap batize si w pa ni Kris la, ni Eli, ni pwofèt la? » ²⁶Jan reponn yo: « Mwen, se nan dlo m ap batize. Gen yon moun ki kanpe nan mitan nou la a, nou pa konnen l. ²⁷L ap vini apre m. Mwen pa merite lage kòd sapat li. » ²⁸Sa te pase Betani, lòt bò larivyè Jouden an, kote Jan t ap batize a.

^{1Kor 5:7;}
^{1Pyèt 1:8;}
^{2,24;}
^{Zak 3:9;}
^{Ap 5:6;}
^{Mt 8:17;}

^{M1}
^{16,14;}
^{Mk}
^{11,30}

^{T Ap}
^{13,25}

²⁹Nan demen, li wè Jezi k ap vin kote l, li di: « Men mouton Bondye a ki wete peche tè a. ³⁰Se te de li mwen te di: Gen yon nèg k ap vini apre m, li te la anvan m, paske li te egziste anvan mwen. ³¹Mwen menm, mwen pa t kon-

jwenn li an pou yo batize nan dlo Jouden, pou montre yo vle chanje lavi yo. Chèf relijon yo te gen pwoblèm ak sa, epi yo te voye moun poze Janbatis kesyon.

1,21 : Yo mande l kesyon, yo di l konsa : « Poukisa w ap batize si w pa ni Kris la, ni Eli, ni pwofèt la? ». Te gen kwayans, anvan Mesi a vini, pwofèt Eli te gen pou reparèt (Malachi 4,5). Epi te gen yon lòt tradisyon ankò ki te preche Bondye pral voye yon pwofèt tankou Moyiz (Detewonòm 18,18). Janbatis di se pa li menm ki Mesi a, ni pwofèt Eli a, ni Pwofèt ki pral vini tankou yon Moyiz tounèf. Li denonse otorite yo. Dapre Farizyen yo, si Janbatis pa yon sèl nan twa moun yo t ap tann yo, li pa gen dwa pou l batize ni denonse sa y ap fè, se yon fo pwofèt li ye. Yo vle Janbatis pèdi figi l devan pèp la. Janbatis ba yo yon nouvèl ki ba yo tèt chaje: Mesi a deja la pou kòmanse yon tan tounèf pou pèp la.

1,23-25 : « Mwen menm mwen se vwa sila a k ap rele nan dezè a: Fè wout Granmèt la vin dwat, jan pwofèt Izayi te di a. » Mesaj Jan an jwenn sous li nan yon vèsè kote pwofèt Izayi te anonse liberasyon an. Sa vle di moun ki te nan egzil Babilòn t ap tounen lakay yo tankou yon dezyèm Egzòd (Iz 40,3) Janbatis akize chèf Jwif yo fè wout Granmèt la vin kwochi.

1,26 : Jan reponn yo : « Mwen, se nan dlo m ap batize. ».... Batèm Janbatis lan se antre nan dlo, tankou nan tan lontan pèp la te travèse lanmè Wouj la ak larivyè Jouden an. Se te kondisyon pou tounen mèt yon tè tounèf. Janbatis vle mon-

nen l, men se pou li te kapab parèt aklè pou Izrayèl, ki fè mwen te vin batize nan dlo. » ³²Jan te bay temwayaj sa a: ^{Iz 11,2;}
^{61,1} « Mwen te wè Lespri a desann sòti nan syèl tankou yon pijon, li te rete sou li. ³³Mwen menm, mwen pa t konnen l. ^{Mt 3,16} Men Sila a ki voye m batize nan dlo a, se li menm ki te di m: Moun w a wè Lespri a desann vin poze sou li a, se li menm k ap vin batize nan Lespri Sen an. ³⁴Pou mwen, mwen wè, ki fè mwen ^{Iz 42,2} sèvi temwen se li menm ki Pitit Bondye a. »

Premye Apot yo

³⁵Nan demen Jan te la toujou ak de nan patizan l yo. ³⁶Li fikse je l sou Jezi ki t ap pase, li di: « Men mouton Bondye a. » ³⁷De patizan l yo te tande sa li te di a, epi yo te pran swiv Jezi. ³⁸Jezi vire, li wè y ap swiv li, li di yo: « Sa n ap chèche? » Yo di l: « Rabi, (sa vle di pwofesè) kote w rete? » ³⁹Li di

tre Mesi a pote yon tan tounèf ban nou, menm jan Egzòd la te pote yon tan tounèf tou.

1,29-31 : Nan demen li wè Jezi k ap vini kote l, li di : « Men mouton Bondye a ki wete peche tè a. » Nan lang Jwif, menm mo a kapab sèvi pou di « mouton » ak pou di « sèvitè ». Jezi se Sèvitè Bondye. Pwofèt yo te gen tan anonse l. An menm tan li se Mouton toutbon k ap pran plas mouton Pak la, se li menm ki gen pou bay tèt li pou frè l yo. Lè Janbatis bay Jezi non sa a, li montre Jezi se Mesi ki vin wete tout mour anba esklavaj kote yo ye a, epi ki vin kondi yo nan yon lavi libète. Jezi pral delivre moun, konsa moun ap dekouvri renmen Bondye gen pou yo. Sa pral rann moun yo lib, sa pral fè yo pran konsyans pwòp valè pa yo ak valè lòt yo. Epi sa ap fè yo mete lavi yo nan avantaj ak nan sèvis tout moun.

1,32 : « Mwen te wè Lespri a desann sòti nan syèl tankou yon pijon, li te rete sou li ». Fraz sa a fè nou sonje Jenèz 1,2: « Lespri Bondye t ap plannen sou dlo ki te kouvri tout tè a ». Lespri Bondye a se Lespri ki kreye tout bagay. Lè l te poze sou Jezi, li montre Jezi se Kreyati Tounèf la, kreyasyon an reyalize nèt nan Jezi, e se Jezi ki sèvi repozwa pou Lespri Bondye a ki toujou rete sou li. Delivrans Jezi pote bay moun yo, sòti nan fòs Lespri Sen an, Lespri Lavi. Se yon delivrans pou chak moun nan mitan pèp li sove a. Chak moun dwe aksepte l, nan libète, paske Bondye pa fòse moun.

1,35-37 : De patizan l yo te tande sa li te di a, epi yo te pran swiv Jezi. Jezi kòmanse mache, sa

yo: « Vini n a wè. » Y ale vre, yo wè kote li rete. Yo rete lakay li jou sa a. Li te vè katrè nan apremidi.⁴⁰ Andre, frè Simon Pyè a, te youn nan de moun ki te tandé sa Jan te di a, epi ki te mete swiv Jezi.⁴¹ Premye moun li jwenn se Simon, pwòp frè l, li di l: « Nou jwenn Mesi a (sa vle di Kris la). »⁴² Li mennen l bay Jezi. Jezi fikse l nan je, li di l: « Ou se Simon, pitit Jan, yo va rele w Kefas, sa vle di: Wòch Pyè. »⁴³

^{Lk 5, 1-11; Mt 21,15; Gal 2,11; 16,18; Dlw 18,18;} Nan demen li te vle al nan Galile, li jwenn Filip. Jezi di l: « Swiv mwen! »⁴⁴ Filip te moun Betsayida, vil kote Andre ak Pyè te sòti a.⁴⁵ Filip jwenn Natanayèl, li di l: « Sila a Moyiz te ekri sou li nan liv Lalwa a, epi pwofèt yo tou te ekri sou li a, nou jwenn li. Se Jezi, pitit

Jozèf, moun Nazarèt. »⁴⁶ Natanayèl di l: « Nazarèt, ki bon bagay ki kapab sòti la? » Filip di l: « Vini w a wè. »⁴⁷ Jezi wè Natanayèl k ap vin bò kote l, li di sou li: « Men yon nèg peyi Izrayèl toutbon vre, ki pa gen riz nan li. »⁴⁸ Natanayèl di l: « Kote w konnen mwen? » Jezi reponn, li di l: « Anvan Filip te rele w, lè w te anba pye fig frans lan, mwen te wè w. »⁴⁹ Natanayèl di l: « Rabi, ou se Ptit Bondye, ou se wa Izrayèl la. »⁵⁰ Jezi reponn li: « Paske mwen di w mwen te wè w anba pye fig frans lan, ou kwè? Ou va wè pi gran pase sa. »⁵¹ Apre sa, li di l: « Anverite, anverite, mwen di nou, nou va wè syèl la ouvè, ak zanj Bondye yo k ap monte desann anlè tèt Ptit moun nan. »^{Jen 28, 10-17; Lk 3,21; Mt 14,11}

vle di li kòmanse travay li. Janbatis te envite pwòp patizan l yo swiv Jezi. Andre ak lòt patizan an t al lakay Jezi, epi yo rete avè l. Apre sa nou wè kouman, Simon, Filip ak Natanayel dekouvri Jezi. Se toujou yon deklarasyon ki pémèt yon lòt moun dekouvri Jezi.

1,38: « Sa n ap chèche? » : Se premye pawòl Jezi nan Levanjil sa a. Moun ki jwenn ak Jezi kòmanse viv ak li. Epi ti pa ti pa, li rete avè l, l ap dekouvri ki moun Jezi ye. Patizan yo rele l Pwofesè anvan, apre sa, Andre di se Mesi li ye, epi Natanayel di se Ptit Bondye li ye (v. 49). Se menm bagay la pou nou tou. Ti pa ti pa nou mache ak Jezi, nou pral vanse nan konesans Jezi, epi n ap anvi rete ak li.

Rabi, (sa vle di pwofesè) kote w rete? Jezi pa bay kote li rete, men se dapre lavi l sèlman yon moun kapab konnen l, dapre espryans li.

Lè Andre (non li vle di yon nonm ki gen kon-pòtman grannmoun), fin pran kontak ak Jezi, li santi kè l cho anpil, li pa kapab kenbe ankò. Li kouri al chèche frè l, Simon.

1,43-44: « Nan demen, li te vle al nan Galile, li jwenn Filip. Jezi di l: « Swiv mwen! » Jezi deside l pral nan Galile, reydon ki nan Nò a, ki pa anba administrasyon delege Women an. Epi li lwen pouwa santral Jwif yo, ki chita Jerizalèm. Se la li te kapab gen plis libète pou l fè travay li. De moun ki parèt nan vèsè sa yo, Filip ak Natanayel, yo pa t gen rapò ak Janbatis.

1,44: Filip te moun Betsayida, vil kote Andre ak Pyè te sòti a : Betsayida te nan pati nò lak Galile a. Non Betsayida la vle di kote moun fè lapèch.

1,45-46: Filip jwenn Natanayèl ... Menm jan ak Andre, lè Filip te fè konesans ak Jezi, li santi kè l cho anpil. L al chèche Natanayèl, epi li pale

I sou Jezi moun ni Moyiz, ni Pwofèt yo te anonsé nan Ansyen Kontra a. Natanayèl resevwa anons lan ak dout nan tèt li: li te pran anpil desepsyon nan men politisyen yo. Li konnen, sa pa fè lontan Women yo te touye anpil moun sou kwa (Travay 5,37). Epi se sa lakòz li pèdi konfyans nan Mesi ki sòti nan Galile. Filip pa fòse l kwè, men, li envite Natanayèl vin fè konesans dirèk dirèk ak Jezi.

1,47: « Jezi wè Natanayèl k ap vin bò kote l, li di sou li: « Men yon nèg peyi Izrayèl toutbon vre, ki pa gen riz nan li. » Jezi pale sou Natanayèl kòm yon modèl moun Izrayèl. Li reprezante pòsyon pèp Izrayèl la ki toujou swiv lòd Bondye.

1,48-49: « Lè w te anba pye fig frans lan, mwen te wè w » Pye fig frans lan se youn nan senbòl pèp Izrayèl la nan Bib la. Reyaksyon Natanayèl plen chalè tou. Li rele Jezi Rabí, sa vle di, Pwofesè ki kontinye swiv tradisyon pèp Izrayèl la. Li pral blije mache ak Jezi jis li dekouvrí mesaj tounèf Jezi pote a.

1,50-51: « Anverite, anverite, mwen di nou, n a wè syèl la ouvè ak zanj Bondye yo k ap monte desann anlè tèt Ptit moun nan ». Jezi envite Natanayèl al pi lwen nan sa li konnen dejá. Li pa dwe swiv Jezi paske li se Mesi, Wa Izrayèl la (v. 49) men paske li se Mesi Ptit Moun nan, sa vle di pèsonaj sa a ki senp, men ki resevwa yon gwo misyon nan men Bondye pou delivrants tè a, e misyon sa a ap dire jis nan dènye tan yo.

Pa t janm gen moun ki gen yon kontak sere ak lavi Bondye (syèl la louvri), paske pa t janm gen yon moun ki plen ak favè ak laverite (Jan 1,14). Men kounye a, Jezi, Moun Bondye voye a, mete tè a ak syèl la ansanm. Se sa ki pwojè Bondye lè l te kreye tout bagay.

PREMYE PATI LEVANJIL JAN

Nòs Kana a

2 ^{19,26} Twazyèm jou a te gen yon nòs Kana, nan Galile. Manman Jezi te la. ² Yo te envite Jezi tou nan nòs la, ansanm ak patizan l yo. ³ Kòm diven an te fini, manman Jezi di l konsa : « Yo pa gen diven, non. » ⁴ Jezi reponn li : « Sa sa ye pou mwen ak pou ou, madanm ? ^{Jen} Lè pa mwen an poko rive. » ⁵ Manman l di moun ki t ap sèvi yo : « Fè tou sa li di nou. »

^{Mk 7,3} ⁶ Te gen sis kannari, fèt ak wòch, ki te sèvi pou Jwif yo pwòpte kò yo. Chak te kenbe de twa ti barik. ⁷ Jezi di moun ki t ap sèvi yo : « Plen kannari yo dlo. » Yo plen yo ra bouch. ⁸ Epi li di yo : « Kounye a pran ladan pote bay chèf kanbiz la. » Yo pote ba li. ⁹ Lè chèf kanbiz la goute dlo ki te tounen diven an—li pa t konnen kote l sòti, men moun ki t ap sèvi yo te konnen, paske se yo menm ki te tire dlo a—chèf kanbiz la rele mesye marye a, ¹⁰ li di l : « Tout moun sèvi bon diven an anvan.

Lè moun yo kòmanse sou, yo sèvi sa ki pa fin twò bon an. Men ou menm, ou te sere bon diven an jis kounye a. » ¹¹ Se te kòmansman mirak Jezi yo. Li te fè l Kana, nan Galile. Li te montre glwa l, epi patizan l yo te kwè nan li.

^{4,54;}
^{12,37;}
^{21,14;}
^{1,14;}
^{11,40;}
^{12,41}

¹² Apre sa, li desann Kafanawòm, li menm, manman l, frè l yo ak patizan l yo. Yo pa t pase anpil jou la.

**Jezi kouri dèyè moun k
ap vann nan Tanp lan**

Mt 21,12-13; Mk 11,15-17; Lk 19,45-46

^{Mt 21,}
^{12-13;}
^{Mk 11,}
^{15-17;}
^{Lk 19,}
^{45-46;}
^{11,55}

¹³ Pak Jwif yo te vanse rive. Jezi monte Jerizalèm. ¹⁴ Li jwenn nan Tanp la moun k ap vann bèf, mouton ak pijon, epi moun ki chita ap chanje lajan. ¹⁵ Li fè yon fwèt ak kòd, li chase tout moun nan Tanp lan ak ni mouton, ni bèf. Li gaye ti monnen moun ki t ap chanje lajan yo, li chavire tab yo. ¹⁶ Li di machann pijon yo konsa : « Wete sa yo la. Pa fè kay Papa mwen an tounen yon kay komès. » ¹⁷ Patizan li yo sonje sa ki te ekri a :

^{Zak}
^{14,21;}
^{Lk 2,49}

^{Sòm}
^{69,10}

PREMYE PATI LEVANJIL JAN : Pitit Bondye a te vini sou tè a pou li pote lavi bay moun yo. Moun kapab aksepte l oswa refize l.

Sòti nan chapit 2 rive nan chapit 12 se Liv Mèvèy Jezi yo. N ap jwenn sèt mirak ladan, yo rele yo siy, Jezi te fè, pou montre pwojè lavi pou moun yo. An menm tan n ap jwenn divès reyakson devan Jezi.

2,1-2 : Twazyèm jou a te gen yon nòs Kana, nan Galile. Manman Jezi te la. Li konte twazyèm jou apre kat jou yo, kote Jezi te fin jwenn premye patizan l yo. Sa vle di se setyèm jou a. Jan vle montre semèn Kreyasyon Tounèf la fini ak fèt nòs Kana a. Maryaj la se siy kontra renmen Bondye ak pèp li a. Ak Jezi li fè kontra renmen sa a vin yon Kontra pou toutan nètale.

Manman Jezi (yo pa ba li non Mari) se madanm ki reprezante moun pèp Izrayèl yo ki te swiv lòd Bondye. Nan premye chapit la, Natanyèl, yon gason, reprezante moun sa yo. Kounye a se yon fi. Men an menm tan, Mari, ki ede fèt maryaj la jwenn sa li bezwen pou l bay tout moun kè kontan, reprezante kominkasyon Kontra Tounèf la tou.

2,3-5 : Kòm diven an te fini, manman Jezi di l konsa : « Yo pa gen diven non. » Nan Bib la, diven se senbòl kè kontan e se senbòl renmen ant

madanm ak mari (Pi Bèl Kantik 1,2 ; 7,10 ; 8,2) Men nan nòs Kana a, manke diven. Sa a se sitiyasyon pèp Jwif la : Jan Jwif yo swiv reliyion yo, yo pa montre renmen Bondye pou pèp la. Ni pèp la pa reponn Bondye nan renmen. Diven an se senbòl Lèspri Sen an ak kè kontan tou. San Jezi, moun sou tè a ap viv yon fèt maryaj san diven (v. 4 Sa sa ye pou mwen ak pou, madanm...). Pawòl Mari a se yon envitasyon li ye : « Fè tou sa l di nou ». Sa a se yon envitasyon pou nou tout.

2,6-11 : Te gen sis kannari fèt ak wòch ki te sèvi pou Jwif yo pwòpte kò yo... Kannari fèt ak wòch yo reprezante Lalwa yo te ekri sou wòch la (Égzòd 31,18 ; 32,15 ; Detewonòm 4,3). Reliyyon Tanp lan te fèmen kominkasyon Bondye ak pèp li a poutèt yon pakèt règleman ki te anpeche pèp la dekoutri jan Bondye renmen l.

2,13 : Pak Jwif yo te vanse rive. Jezi monte Jerizalèm. Jwif yo te konn selebre fèt Pak la chak lane pou yo sonje delivrans Bondye te ba yo, lè yo te nan esklavaj nan Lejip. Reyelman vre nan epòk Jezi a, fèt sa a te pèdi sans liberasyon li te konn genyen lontan an.

Pou Jwif yo, Tanp lan se te sèl kote pou rankonstre ak Bondye. Se la yo te konn mete ofrann yo. Yo te ranmase yon gwo trezò, prêt yo t ap okipe.

Jalouzi pou kay ou a, ap devore mwen.

<sup>6,30;
20,29;
Lk
11,29</sup> <sup>Mk
14,58;
15,29;
T Ap
6,14</sup> <sup>1Kor
6,19</sup> ^{12,16} <sup>4,45;
7,31;
11,47</sup> <sup>7,48;
12,42;
19,39</sup> <sup>1Mt 18,3;
1Pyè
1,23</sup> <sup>1Jn 5,1;
Jk 1,17</sup> ^{18 Jwif yo reponn li, yo mande l: « Ki mirak ou montre nou pou w gen dwa fè sa ? » ^{19 Jezi reponn yo, li di yo : « Kraze Tanp sa a, nan twa jou m ap rebati l. » ^{20 Jwif yo reponn : « Se karantsis lane yo te pran pou yo bati Tanp sa a, ou menm w ap rebati l nan twa jou ? » ^{21 Li menm li t ap pale sou Tanp sa a ki pwòp kò l. ^{22 Lè li te fin leve byen vivan sòti pamì mò yo, patizan l yo vin sonje sa li te di a. Yo vin kwè nan sa ki ekri nan Liv yo, ak nan pawòl Jezi te di yo a.}}}}}

^{23 Antan li te Jerizalèm pou fèt Pak la, anpil moun te kwè nan Non l, poutèt mirak yo te wè li t ap fè. ^{24 Men Jezi li menm pa t fè yo konfyans, paske li te konnen yo tout. ^{25 Epitou li pa t bezwen pèsonn montre l anyen sou moun, paske li te konnen li menm menm sa ki te andan kè moun.}}}

Jezi ak Nikodèm

3 ¹Te gen youn nan Farizyen yo, yo te rele Nikodèm. Se te youn nan chèf Jwif yo. ²Lannwit li te vin kote Jezi, li di l: « Rabi, nou konnen w se yon pwofesè Bondye voye. Reyèlman vre, pèsonn pa kapab fè mirak sa w ap fè yo, san se pa Bondye ki avè l. »

<sup>12,49;
1Kor
2,14;
Saj 9,16;</sup> <sup>Dtw
30,12;
Ef 4,9</sup> <sup>Res 21,
4-9;
Saj 16,
5-7</sup> <sup>8,28;
12,32</sup> <sup>18,32;
Jen
22,16;
Wm 5,8;
8,32;
Mt 21,37</sup> ^{1Jn 4,9} <sup>12,47;
5,22;
2Kor
5,19</sup> <sup>1,5;
8,12</sup> ^{3 Jezi reponn li : « Anverite, anverite, mwen di w, si yon moun pa tounen fèt ankò, li p ap kapab wè Peyi kote Bondye Wa a. » ^{4 Nikodèm di l : « Kijan pou yon moun fèt, si li fin granmoun ? Èske li kapab tounen antre yon dezyèm fwa}}

3,8 : Van vante kote l vle... Van an se senbòl Lespri Sen an. Li vante jan li vle. Moun ki aksepte Jezi ak Lespri li a, vin lib devan nempòt moun, ni fi ni gason, ni sa ki gen pouvwa, ni sa ki pa genyen l. Epi se libète kretyen sa a nou resevwa nan sakreman batèm nan.

3,9-15 : Menm jan Moyiz te leve sèpan an anlè nan dezè a, se konsa tou fòk yo leve Ptit moun nan anlè. Konsa tout moun ki kwè nan li va genyen lavi ki p ap janm fini an. Bagay tounèf Bondye gen pou moun yo se nan Jezi lì sòti. Sou lakwa a Jezi va montre nou lavi tounèf Bondye ban nou an,

nan vant manman l pou l fèt ? » ^{5 Jezi} <sup>Ezk
36,25;
Wm 64;
Ef 5,26;
Tit 3,5</sup> ^{6 Sa ki sòti nan lachè se lachè, sa ki sòti nan Lespri se Lespri. ^{7 Pa sezi si mwen di w fòk nou tounen fèt ankò. ^{8 Van vante kote l vle, ou tande bri l, men ou pa konnen ni kote li sòti, ni kote li prale. Se konsa pou tout moun ki fèt nan Lespri a. » ^{9 Nikodèm reponn, li di l : « Kijan sa kapab fèt ? » ^{10 Jezi reponn, li di l : « Ou se pwofesè pèp Izayèl la, ou pa konnen bagay sa yo ? ^{11 Anverite, anverite, mwen asire w, se sa nou konnen nou pale. Nou sèvi temwen pou sa nou wè, men nou pa resevwa temwayaj nou an. ^{12 Si mwen pale ak nou sou bagay tè a, nou pa kwè, kouman n ap fè kwè si mwen pale ak nou sou bagay syèl la ? ^{13 Pèsonn pa janm monte nan syèl la, sòf sila a ki desann sòti nan syèl la, Ptit moun nan. ^{14 Menm jan Moyiz te leve sèpan an anlè nan dezè a, se konsa tou fòk yo leve Ptit moun nan anlè. ^{15 Konsa tout moun ki kwè nan li va gen lavi ki p ap janm fini an. ^{16 Bondye te sitèlman renmen tè a, li te bay sèl gress Ptit li a pou tout moun ki kwè nan li pa peri, men pou li gen lavi ki p ap janm fini an. ^{17 Bondye pa t voye Ptit li sou tè a pou li jije tè a, men pou tè a te kapab sove grasa li. ^{18 Moun ki kwè nan li, yo p ap jije l. Men moun ki pa kwè nan li, yo deja fin jije l, paske li pa t kwè nan Non sèl gress Ptit Bondye a. ^{19 Men sa ki jij-}}}}}}}}}}}}}}

paske se la a li bay prèv pi gwo renmen an : li bay lavi l pou delivre tout moun ki sou tè a.

3,16-18 : Bondye pa t voye Ptit li sou tè a pou li jije tè a, men pou tè a te kapab sove grasa li. Bondye pa vle pou moun pèdi, ni li pa pran plezi nan kondane pèsonn. Nan Jezi li montre tout renmen li gen pou nou. Men prezans Jezi deranje moun, paske li montre Bondye pa dakò ak tout sa ki pa ale nan menm sans ak pwojè lavi li gen pou tout moun.

3,19-21 : Men sa ki jijman an : Limyè a vini sou tè a, men moun yo pi pito fènwa pase limyè a.

man an: Limyè a vin sou tè a, men moun yo pi pito fènwa pase limyè a. Reyèlman vre, se move zèv y ap fè.
12,48;
Ef 5,13
1Tes 5,4
²⁰Moun k ap fè mal, li rayi limyè a, li pa vini nan limyè a pou zèv li pa jwenn re-pwòch. ²¹Moun ki mache nan laverite vin nan limyè pou zèv li yo, yo parèt tout aklè, paske se ak Bondye l ap fè yo. »

Dènye deklarasyon Janbatis

²²Apre sa Jezi ak patizan l yo al nan peyi Jide. Li rete la ak yo, e li t ap batize. ²³Jan t ap batize tou nan Enon, tou pre Salim, paske te gen anpil dlo la. Moun te vini epi yo te batize yo. ²⁴Yo pa t ko mete Jan nan prizon.
Mt 14,3

²⁵Yon diskisyon te leve ant patizan ^{Lk 7,18} Jan yo ak yon Jwif sou afè pwòpte. ²⁶Y al bò kote Jan, yo di l: « Rabi, sila a ki te avè w lòt bò larivyè Jouden an, sila a ou te bay temwayaj sou li a, men l ap batize, epi tout moun pral jwenn li. » ²⁷Jan reponn: « Yon moun pa kapab pran anyen, si se pa resevwa li resevwa sòti nan syèl la.

<sup>1Kor 4,7;
Eb 5,4</sup> ²⁸Nou menm nou temwen sa m te di a: Se pa mwen ki Kris la, se voye yo voye m devan l. ²⁹Lamarye se pou mesye marye a li ye. Zanmi mesye marye a ki la ap koute l. Se pa ti kontan li kontan, poutèt vwa mesye marye a li tande a. Se konsa kontantman fin plen kè m nèt. ³⁰Fòk li vin pi gran, mwen menm fòk mwen vin pi piti.

³¹Sa ki sòti anwo, li anwo tout moun. Sa ki sòti nan tè a, se moun tè a li ye, li pale sou bagay tè a. Sa ki sòti nan syèl, li anwo tout moun, ³²sa li te wè ak sa li te tande, se sou sa li sèvi temwen,

Devan Jezi moun dwe pran yon desizyon. Yon bò nou jwenn sa ki kwè nan Jezi, epi ki chwazi chemen renmen an. Lòt bò nou jwenn moun ki pa kwè nan pwojè lavi Jezi a, poutèt sa yo rete prizonye fòs fènwa a.

3,22-30: Nou menm nou temwen sa m te di a: Se pa mwen ki Kris la, se voye yo voye m devan li. Janbatis pa fè pari ak Jezi. Li deklare byen klè misyon pa l se fè konnen Jezi pou moun ki vle swiv li kapab swiv li. Janbatis pa vle montre li piplis pase Jezi pou li ta gen piplis patizan pase l.

men pèsonn pa aksepte temwayaj li a.

³³Moun ki aksepte temwayaj li a, seti-fye Bondye se laverite. ³⁴Sila a Bondye voye a, se Pawòl Bondye li pale, paske Bondye ba li Lespri a san mezi. ³⁵Papa a renmen Ptit la, li renmèt tout bagay nan men l. ³⁶Moun ki kwè nan Ptit la, li gen lavi ki p ap janm fini an. Men moun ki refize kwè nan Ptit la, li p ap wè lavi a, men kòlè Bondye a ap rete sou li. »

7,28;
1Jn 5,10

Jezi kay samariten yo

4 ¹Lè Granmèt la vin konnen Fari-zyen yo tande li t ap fè plis patizan pase Jan, epi li t ap fè plis batèm pase l, ²(malgre se pa Jezi li menm ki te fè batèm yo, men patizan l yo) ³li kite Jide, li tounen Galile ankò. ⁴Li te gen pou li travèse Samari. ⁵Li rive nan yon vil Samari yo rele Sika, toupre tè Jakòb te bay Jozèf, ptit li a. ⁶Se la a pi Jakòb la te ye. Vwayaj la te fatige Jezi, se pou sa li te chita arebò pi a. Li te kapab midi konsa.

1Kor 1,17
Lk 9,52

⁷Vwala yon madanm Samari vini pou tire dlo. Jezi di l: « Ban mwen bwè. »

⁸Patizan li yo t al lavil la achte manje.

⁹Madanm Samari a reponn li: « Ou menm Jwif, kijan w fè mande m bwè, mwen menm yon fi Samari? » (Paske Jwif pa konn mele ak moun Samari.)

¹⁰Jezi reponn, li di: « Si w te konnen ka-do Bondye a, ak kilès moun k ap di w ‘Ban mwen bwè’ a, se ou menm ki ta mande l, epi li ta ba w dlo ki bay lavi a. »

7,37;
Ap 21,6;
22,17

¹¹Li di l: « Mèt, ou pa gen vesò pou w tire dlo, epitou pi a fon, kote w ap jwenn dlo ki bay lavi a? ¹²Èske w ta pi

6,31;
8,53

3,31-36: Sa ki sòti anwo, li anwo tout bagay. Jezi te sòti bò kote Papa a. Konsa se li sèl ki kapab montre figi Bondye toutbon vre a.

4,1-15: Vwala yon madanm Samari vini pou tire dlo, Jezi di l: « Ban m bwè ». Jwif yo pa t vle wè moun Samari yo, paske se moun sanmele yo ye. Epitou yon Jwif pa t chita pale ak yon fi an publik. Konsa, lè Jezi t ap pale ak yon fi Samari a, li te mete prejije ras ak prejije sosyal sou kote.

gran pase papa nou, Jakòb? Se li menm ki ban nou pi a. Epi se ladan l ni li menm, ni pitit li yo, ni bêt li yo te konn bwè. » ¹³Jezi reponn li: « Tout moun ki bwè nan dlo sa a gen pou li swaf ankò. ¹⁴Men moun ki bwè nan dlo m ap ba li a mwen menm, p ap janm swaf ankò. Men dlo m ap ba li a va tounen yon sous dlo k ap ponpe dlo annan l, pou lavi ki p ap janm fini an. » ¹⁵Madanm nan di l: « Mèt, ban m dlo sa a, pou m pa swaf ankò, ni pou m pa tounen vin tire dlo isit la ankò. » ¹⁶Jezi reponn li: « Al rele mari w, epi tounen isit la. » ¹⁷Madanm nan reponn: « Mwen pa gen mari. » Jezi di l: « Ou gen rezon di ‘Mwen pa gen mari’, ¹⁸paske w pase senk mari. Epi sa w gen kounye a pa mari w, sa w di a se vre. » ¹⁹Madanm nan di l: « Mèt, mwen wè se yon pwofèt ou ye. ²⁰Granmoun nou yo te konn sèvi sou mòn sa a, men nou menm nou di se Jerizalèm kote moun dwe sèvi a ye. » ²¹Jezi di l: « Ou mèt kwè m, madanm, lè a rive kote se pa ni sou mòn sa a, ni Jerizalèm nou pral sèvi Papa a. ²²Nou menm, moun Samari yo, nou sèvi sa nou pa konnen, men nou menm Jwif yo nou sèvi sa nou konnen, paske se bò kote Jwif yo delivrans lan sòti. ²³Men lè a rive, li rive depi kounye a, kote moun k ap sèvi Bondye toutbon vre yo, pral sèvi Papa a nan lespri ak nan laverite. Se moun k ap sèvi l konsa Papa a ap chèche. ²⁴Se lespri Bondye ye, fòk moun k ap sèvi l yo, sèvi l nan lespri ak nan laverite. » ²⁵Madanm nan di l: « Mwen konnen Mesi a, sa yo rele Kris la, ap vini. Lè l vini li va anonce nou tout bagay. » ²⁶Jezi di l: « Se mwen menm k ap pale ak ou la a. »

<sup>Jer
2,13;
Iz
58,11</sup>^{6,34}<sup>Dtw
11,29;
12,5</sup><sup>Wm
9,4</sup><sup>2Kor
3,17;
Wm
12,1;
Flp
3,3</sup>

²⁷Menm lè sa a patizan l yo rive. Yo te sezi wè l ap pale ak yon fi. Men pèsonn pa t mande l: « Sa w ap chèche» oubyen « Poukisa w ap pale avè l? » ²⁸Madanm nan menm kite krich li a, l al lavil la pou li di moun yo: ²⁹« Vin wè yon nèg ki di m tou sa m te fè. Pou di se pa li menm ki Kris la? » ³⁰Moun yo te sòti lavil la, yo t al jwenn li.

³¹Menm lè sa a patizan yo t ap priye l, yo t ap di l: « Rabi, manje non. »

³²Men li di yo: « Mwen gen yon manje pou mwen manje nou pa konnen. »

³³Patizan yo t ap pale youn ak lòt: « Ou kwè kèk moun ta pote manje ba li? »

³⁴Jezi di yo: « Manje pa m, se pou m fè volonte Sila a ki voye m lan, ak pou m fin fè travay li a nèt. ³⁵Èske se pa nou ki di: Nan kat mwa rekòt la pral rive? Men li, mwen di nou: louvri je nou, gade jaden yo, yo tou blan, yo bon pou rekòte. ³⁶Sila a k ap rekòte a fin touche lajan l déjà, l ap ranmase danre l yo pou lavi ki p ap janm fini an. Konsa moun k ap simen an ak moun k ap rekòlte a, yo gen menm kontantman an. ³⁷Konsa pawòl ki di: ‘Youn simen, yon lòt rekòlte’, se pawòl laverite. ³⁸Mwen voye nou rekòlte sa nou pa t fatige kò nou pou li. Se lòt moun ki te redi travay, epi nou menm nou antre nan travay yo a. »

<sup>6,38;
17,4</sup>

³⁹Pami moun Samari ki te rete nan vil sa a, anpil te vin kwè nan li, poutèt pawòl temwayaj madanm nan te bay la: ‘Li di mwen tou sa m te fè.’ ⁴⁰Lè moun Samari yo rive bò kote l, yo priye l rete lakay yo. Li te rete la de jou.

⁴¹Te gen piplis toujou ki te kwè poutèt pawòl li a. ⁴²Yo di madanm nan konsa: « Se pa plis poutèt pawòl pa w la nou

^{4,16-20}: Jezi reponn li: « Al rele mari w, epi tounen isit la » Nan Bib la, maryaj se senbòl kontra renmen Bondye te pase ak pèp la. Fi sa a reprezante pèp Samari a. Nan tan lontan, moun Samari yo te gen sis tanp pou divès Bondye (2Wa 17,29-33). Youn nan tanp sa yo se te nan Mòn Garizim pou Bondye Yave. Jwif yo menm te konn adore Bondye Yave nan Tanp Jerizalèm nan.

^{4,21-26}: Jezi di l: « Ou mèt kwè m, madanm, lè a rive kote se pa ni sou mòn sa a, ni Jerizalèm nou pral sèvi Papa a ». Jezi mete reliyon ki marye ak yon nasyon sou kote. Li montre Bondye vle moun adore l nan pwòp lavi yo. Yon lavi ki kon-sakre pou byen lòt yo, menm jan ak pa Jezi a. Se sa ki sèvis toutbon y ap bay Bondye. Bondye Papa a, la nan mitan pitit li yo. E li pa vle moun yo mete reliyon yon bò ak lavi yon lòt bò.

kwè, reyèlman vre, nou te tandé nou menm menm, konsa nou konnen se li menm ki Sovè tè a toutbon vre. »

⁴³ De jou apre sa li sòti la pou l ale Lk 4,24 nan Galile. ⁴⁴ Jezi li menm deklare, yo pa respekte yon pwofèt nan pwòp peyi l. ⁴⁵ Lè li rive nan Galile, moun Galile yo byen resevwa l, paske yo te wè tou sa li te fè Jerizalèm nan fèt la. Yo menm tou yo t ale nan fèt la.

Dezyèm mirak nan Kana

Mt 8,5-13; Lk 7,1-10

^{Mt 8, 5-13; Lk 7, 1-10} ⁴⁶ Li retounen Kana nan Galile kote li te fè dlo tounen diven an. Yon anplwaye wa a te gen yon ptit gason l malad nan Kafanawòm. ⁴⁷ Lè li tandé Jezi te sòti Jide pou l al nan Galile, li pati al kote l, li priye l pou li desann vin geri ptit gason li an ki te prêt pou mouri.

^{Mt 12,38; 16,1; 1Kor 1,22} ⁴⁸ Konsa Jezi di l: « Si nou pa wè mirak ak gwo mèvèy nou pa kwè. » ⁴⁹ Anplwaye wa a di l: « Mèt, desann non anvan timoun mwen an mouri. » ⁵⁰ Jezi di l: « Ou mèt ale, ptit ou a ap viv. » Nèg la kwè nan pawòl Jezi di li a, l ale.

^{Mk 7,29} ⁵¹ Antan li t ap desann, sèvitè l yo vin rankontre l pou yo di l timoun li an ap viv. ⁵² Li mande yo ki lè li refè. Yo di l: « Yè apremidi a inè lafayèv la tonbe. » ^{T Ap 11,14} ⁵³ Papa a rekonèt se lè sa a Jezi te di l: « Ptit ou a ap viv. » Li menm ansanm ak tout moun lakay li kwè.

⁵⁴ Se te dezyèm mirak Jezi fè lè li sòti Jide pou l al nan Galile.

Gerizon yon enfim nan basen Bezata

^{9,7} **5** ¹ Apre sa te gen yon fèt Jwif yo, e Jezi monte Jerizalèm. ² Jerizalèm, bò Pòt Mouton yo, gen yon basen yo rele Bezata nan lang ebre. Li te gen

5,1-18: Apre sa te gen yon fèt Jwif yo, e Jezi monte Jerizalèm. Yo di «fèt Jwif yo». Galri Tanp lan se te kote Farizyen yo ak dirijan Jwif yo te konn montre pèp la prensip Lalwa Moyiz yo. La te genyen senk Galri ki reprezante senk premye liv Ansyen Kontra yo, sa nou rele Pentatèk la. Jezi ale nan pòt Mouton yo. Li toujou aji kòm Bon Gadò.

5,5: Te gen yon nèg ki te la, li te gen trantuit

senk galri. ³ Te gen yon kantite moun malad ki kouche anba yo: moun avèg, moun bwate, ak moun paralize. Yo t ap tann dlo a kòmanse bouyi. Yon zanj Granmèt la te konn desann chak lè nan basen an, li brase dlo a, e premye moun ki te desann apre dlo a te fin bouyi, te geri anba nenpòt maladi li te genyen. ⁵ Te gen yon nèg ki te la, li te gen trantuit lane ak yon maladi sou li. ⁶ Jezi wè l kouche, e li konnen li te gen lontan déjà konsa, li di l: « Èske w vle geri? » ⁷ Malad la reponn li: « Mèt, mwen pa gen pèsou pou lage m nan basen an lè dlo a bouyi. Antan m prale, yon lòt gen tan desann anvan m. » ⁸ Jezi di l: « Leve non, pran kabann ou, mache ale. » ⁹ Menm lè a nèg la geri. Li pran kabann li, li mache, l ale. Se te yon jou saba. ¹⁰ Jwif yo di nèg ki te geri a: « Se jou saba, ou pa gen dwa pote kabann ou. » ^{Lk 13,14} ¹¹ Li reponn yo: « Se moun ki geri mwen an ki di mwen: Pran kabann ou, mache ale. » ¹² Yo mande l: « Kilès moun ki di w pran kabann ou, mache ale? » ¹³ Nèg ki te geri a pa t konnen kilès li ye, paske Jezi te pèdi kò l nan foul ki te sanble bò la a. ¹⁴ Apre sa, Jezi jwenn avè l nan Tanp lan, li di l: « Men ou geri, pinga w fè peche ankò, pou pi mal pa rive w. » ^{Mk 9,2} ¹⁵ Nèg la al di Jwif yo se Jezi ki te fè l geri. ¹⁶ Se poutèt sa Jwif yo t ap pèsokite Jezi, paske li t ap fè sa yon jou saba. ¹⁷ Men Jezi reponn yo: « Papa mwen ap travay jis kounye a, e mwen menm tou m ap travay. » ^{9,4; Lk 3,4;} ¹⁸ Se poutèt sa Jwif yo t ap chèche piplis toujou pou yo touye l, paske non sèlman li te kraze saba a, men li te di Bondye se pwòp Papa l, konsa li te mete l egal ak Bondye. ^{Mk 2,27}

lane ak yon maladi sou li. Lòd Jezi pral bay malad la pa kadre ak Lalwa ki pa pèmèt moun pote okenn bagay jou saba a (v. 9). Jezi aji kòm si saba a pa t jam egziste. Pa gen okenn Lalwa ki kapab mete limit nan aktivite l anfavè moun ki te nan ka. Pou Jezi e pou Papa l, sa k enpòtan se lavi ak libète moun. Se sa ki pral deklannche pèsokite otorite yo kont li.

¹⁹ Jezi pran lapawòl, li di yo : « Anverite, anverite, mwen di nou, Ptit la pa kapab fè anyen pou kont li, san se pa yon bagay li wè Papa a fè. Konsa sa Papa a fè, Ptit la fè l tou menm jan.

<sup>3,35;
10,17;
14,12;
15,9;
17,23</sup>
<sup>1Sam
2,6;
Wm
4,17;
Ef 2,5;
Jn 11,25;</sup>
^{3,17}

²⁰ Papa a renmen Ptit la, e li montre l tou sa l fè. L ap montre l bagay ki pi gran toujou pase sa yo, dekwa pou nou sezi. ²¹ Menm jan Papa a leve moun mouri yo, li ba yo lavi, se konsa Ptit la tou bay moun li vle lavi.

<sup>T Ap
10,42</sup>
<sup>Flo
2,10;
Lk
10,16;
1Jn
2,23</sup>

²² Papa a pa jije pèsonn, men li lage tout jijman nan men Ptit la, ²³ konsa pou tout moun respekte Ptit la menm jan yo respekte Papa a. Moun ki pa respekte Ptit la, pa respekte Papa a ki voye li a.

²⁴ Anverite, anverite, mwen di nou, moun ki koute pawòl mwen, epi ki kwè nan Sila a ki voye mwen an, gen lavi ki p ap janm fini an. Li p ap pase nan jijman, men li pase sòti nan lanmò pou li janbe nan lavi.

<sup>3,11;
8,51;
10,27;
11,25</sup>

<sup>Mk 5,
38-43;
Lk 7,
11-17</sup>

<sup>Dan
7,10</sup>

<sup>Ap
20,13;
1Tes
4,16</sup>

²⁵ Anverite, anverite, mwen di nou, lè a rive, e se kounye a, kote moun ki mouri yo pral tande vwa Ptit Bondye a. Moun ki tande l pral viv. ²⁶ Menm jan Papa a gen lavi nan li menm, se konsa tou li fè Ptit la gen lavi nan li menm.

²⁷ Li ba li pouvwa pou li jije, paske se Ptit moun nan li ye. ²⁸ Pa sezi : lè a rive kote tout moun ki nan tonm yo pral tande vwa l. ²⁹ Sa ki fè byen yo pral sòti pou yon leve vivan ki bay lavi, sa ki te fè mal yo menm pral sòti pou yon leve vivan ki mennen kondanasyon.

³⁰ Mwen pa kapab fè anyen pou kont mwen. Mwen jije dapre sa mwen tande.

5,20-29 : «Papa a renmen Ptit la, epi li montre l tou sa l fè. L ap montre l bagay ki pi gran toujou pase sa yo, dekwa pou nou sezi». Ak konparezon sa a, yon lòt fwa ankò, Jezi mele aktivite pa l ak pa Papa a. Sa Jezi t ap fè a se menm travay kreyasyon an li te aprann nan men Bondye Papa. Epitou Jwif yo t ap chèche disparèt Jezi. Bagay touye moun pa sòti nan Bondye (5,18). Jezi di yo yon bagay terib : moun ki gen pwojè touye Jezi yo, se nan men yon lòt papa, «dyabla», lènmi a (8,44), yo aprann fè sa.

5,30-47 : «Mwen pa kapab fè anyen pou kont

Jijman mwen an kòrèk, paske mwen pa chèche fè volonté pa mwen, men volonté Sila a ki voye m lan. ³¹ Si mwen ta sèvi tèt mwen temwen, temwayaj mwen bay la pa ta yon bon temwayaj.

^{8,13}

³² Se yon lòt ki sèvi m temwen, e mwen konnen temwayaj li bay pou mwen an se yon bon temwayaj. ³³ Nou te voye moun bò kote Jan, li te sèvi laverite a temwen. ³⁴ Pou mwen menm, se pa nan men yon moun mwen jwenn temwayaj.

^{3,26}

Men mwen di sa pou nou kapab sove.

³⁵ Jan li menm se yon lanp ki bay chalè e ki klere. Nou te byen kontan jwi limyè li a pou yon ti tan. ³⁶ Mwen gen lòt bagay k ap sèvi mwen temwen ki pi gran toujou pase Jan. Reyèlman vre,

^{10,25;}

^{15,26;}

^{Mt 11,7}

travay Papa a ban m fè yo, se travay sa yo menm m ap fè. E se yo menm ki sèvi m temwen, yo montre se Papa a ki voye m.

^{1Jn 5,9;}

^{Jn 2,11;}

^{10,25}

³⁷ Papa a ki voye m lan, te sèvi m temwen li menm menm. Men nou pa t janm tande vwa l, ni nou pa t janm wè figi l.

^{Mt 3,17;}

^{Dlw 4,12}

³⁸ Nou pa kenbe pawòl li a anndan nou, paske nou pa kwè nan Sila a li voye a. ³⁹ N ap fouye sa ki ekri nan Liv yo, paske nou kwè nou va jwenn lavi ki p ap janm fini an ladan. E se sa ki ekri yo menm ki sèvi m temwen. ⁴⁰ Lèfini, nou pa vle vin jwenn mwen pou nou kapab gen lavi.

<sup>T Ap
13,27</sup>

⁴¹ Mwen pa pran glwa nan men moun. ⁴² Men mwen konnen nou, nou pa gen renmen Bondye anndan nou.

⁴³ Mwen menm, mwen vini sou non Papa m. Nou pa resevwa m. Men si yon lòt moun ta vini nan pwòp non pa l, moun sa a, wi, n ap resevwa l. ⁴⁴ Kijan

^{12,43;}

<sup>1Jn
2,15</sup>

<sup>1Kor
4,5</sup>

mwen. Mwen jije dapre sa m tande. Jijman mwen an kòrèk, paske mwen pa chèche fè volonté pa m, men volonté Sila a ki voye mwen an». Kouman pou w fè sa ki vre ak sa ki pa vre ? Sa ki kòrèk ak sa ki pa kòrèk ? Kouman pou w fè konnen si Jezi reyalize volonté Bondye ou non ? Jezi prezante twa prèv pou li montre sa li di se laverite : premye prèv la se sa li fè an favè lavi ak libète. Dezyèm nan li sèvi ak prèv Janbatis ki prezante l kòm sovè. Twazyèm nan, sa Bib la te dejà anonse, Mesi a ap reyalize yo. Ak twa prensip sa yo, Jezi montre sa li di ak sa li fè, sòti nan Bondye.

nou kapab kwè, antan youn ap pran glwa nan men lòt, san nou pa chèche glwa nan men sèl gress Bondye a ?
Dtw
31,26
⁴⁵ Pa mete nan tèt nou se mwen ki pral akize nou devan Papa a. Moun ki pral akize nou an se Moyiz, li menm nou mete tout lespwa nou sou li a. ⁴⁶ Si nou te kwè Moyiz, nou ta kwè nan mwen tou, paske se sou mwen li te ekri. ⁴⁷ Si nou pa kwè nan sa li ekri yo, kijan nou pral kwè nan pawòl mwen yo ? »
Lk
24,27

Jezi bay senk mil moun manje

Mt 14,13-21; Mk 6,32-44; Lk 9,10-17

Mt 14,
13-21;
Mk 6,
32-44;
Lk 9,
10-17
6 ¹Apre sa Jezi janbe lòt bò lanmè Galile, lanmè Tiberyad la. ²Te gen yon foul moun ki t ap swiv li, paske yo te wè mirak li te fè sou malad yo. ³Jezi monte nan mòn nan, li chita la ak patizan l yo. ⁴Fèt Pak la, fèt Jwif yo, te vanse rive.

Mt 5,1
⁵Lè Jezi leve je l, li wè yon foul moun k ap vin sou li, li di Filip : « Kote n ap achte pen pou moun sa yo manje ? » ⁶Li te di sa pou li te seye l, paske li te byen konnen li menm sa li ta pral fè. ⁷Filip reponn li : « Desan denye pen p ap kont pou chak moun ta jwenn mòso. » ⁸Youn nan patizan l yo, Andre, frè Simon Pyè a, di l : « ⁹Gen yon ti gason isit la ki gen senk pen lòj ak de ti pwason. Men sa sa ye pou tout foul moun sa a ? » ¹⁰Jezi di : « Fè moun yo lonje kò yo atè a. » Te gen anpil zèb bò la, moun yo lonje kò yo atè a. Te gen valè senk mil gason konsa. ¹¹Jezi pran

6,15 : Jezi te konprann yo t ap vin pran l ak fòs pou yo fè l wa, li wete kò l ankò, l ale nan mòn nan, sèl pou kont li. Foul la pa konprann pwojè Jezi a. Ni patizan l yo tou. Foul la vle fè l vin wa pa fòs. Konsa Jezi pral vin Mesi k ap pote piyay manje, ki ba yo pén san yo pa fè okenn efò. Sa se yon tantasyon pou Jezi. Men Jezi se pa yon lidè popilis ki pwofite fòs Bondye pou li rale moun pou li. Li bezwen lapriyè pou l kanpe fèm nan misyon Papa a te ba li a. Se sa l al fè nan mòn nan.

6,16-19 : « Yo monte nan yon kannòt pou y al lòtbò lanmè a, nan direksyon Kafanawòm. Li te fin fènwa, men Jezi pa t ko vin jwenn yo ». Patizan yo pran desepsyon ak Jezi ki pa aksepte yo

pen yo, li lapriyè, li di mèsi, li separe yo bay moun ki te lonje kò yo atè a. Li fè menm jan ak ti pwason yo. Li ba yo kantite yo te vle. ¹²Lè vant yo te fin plen, li di patizan l yo : « Ranmase ti mòso ki rete yo, pou anyen pa pèdi. » ¹³Yo ranmase yo, yo plen Douz panyen ak ti mòso ki te rete nan senk pen lòj yo, apre moun yo te fin manje. ¹⁴Lè moun yo wè mirak li te fè a, yo di : « Nèg sa, se pwofèt toutbon vre ki te gen pou li vini sou tè a. » ¹⁵Jezi te konprann yo t ap vin pran l ak fòs pou yo fè l wa. Li wete kò l ankò, l al nan mòn nan, sèl pou kont li.

Jezi mache sou lanmè

Mt 14,22-27; Mk 6,45-52

¹⁶Lè solèy fin kouche, patizan l yo desann bò lanmè a. ¹⁷Yo monte nan yon kannòt pou y ale lòt bò lanmè a, nan direksyon Kafanawòm. Li te fin fènwa, men Jezi pa t kò vin jwenn yo. ¹⁸Lanmè a te move, paske yon gwo van t ap soufle. ¹⁹Lè yo fin vanse yon distans senk kilomèt konsa, yo wè Jezi k ap mache sou lanmè a, li te rive tou pre kannòt la. Yo te pè. ²⁰Li di yo : « Se mwen menm, nou pa bezwen pè. » ²¹Yo te vle pran l nan kannòt la, men la menm kannòt la te rive sou tè kote yo ta prale a.

Dtw
18,15

18,36;
Mk 1,35

Prech nan sinagòg Kafanawòm nan

²²Nan demen, foul moun ki te rete lòt bò lanmè a wè pa gen lòt kannòt pase yon sèl ki te la. Epitou yo te wè

Mt
14,27

fè l wa. Yo wete kò yo, pou yo tounen Kafanawòm. Men Jezi pa lage yo. Li mache sou dlo lanmè a, sa vle di li Bondye menm jan ak Papa a (Jòb 9,8 ; 38,16 se Bondye ki pale konsa). Pou Jwif yo lanmè se senbòl sa ki mal yo, kote move bêt abite. Si li mache sou dlo lanmè a sa vle di li gen pouvwa pou l detwi sa ki mal la.

6,20-21 : Li di yo : « Se mwen menm, nou pa bezwen pè ». Nou kapab pran deklarasyon sa a tankou nan Egzòd la, nan jan Bondye te di Moyiz Non li « Se mwen menm », se konsa tou Jezi di « Se mwen mem » (Egzòd 3,14).

6,22-24 : Nan demen, foul moun ki te rete lòt bò lanmè a wè pa gen lòt kannòt pase yon sèl ki te la. Epitou yo te wè Jezi pa t ale ak patizan l yo

Jezi pa t ale ak patizan l yo nan kannòt la, men yo te pati pou kont yo. ²³ Men te gen lòt kannòt ki te sòti Tiberyad rive tou pre kote yo te manje pen an, apre Granmèt la te fin lapriyè di mèsi a. ²⁴ Lè foul la wè ni Jezi, ni patizan l yo pa t la, yo monte nan kannòt yo, y ale Kafanawòm dèyè Jezi. ²⁵ Lè yo jwenn li lòt bò lanmè a, yo di l: «Rabi, kilè w gen tan isit la?» ²⁶ Jezi reponn yo: «Anverite, anverite, mwen di nou, nou p ap chèche m poutèt mirak nou wè, men pou pen nou manje plen vant nou an. ²⁷ Pa travay pou manje k ap gate, men pou manje k ap dire, pou lavi ki p ap janm fini an. Manje sa a se li Ptit moun nan pral ban nou, paske se li menm Bondye Papa a make ak siyati l.»

^{Iz 55,2;} ^{Jn 4,14} ^{Lk 11,29} ^{Sòm 78,24;} ^{16,4;} ^{Res 11,7} ^{4,15;} ^{Mt 6,11} ^{Pwy 9,} ^{1-6;} ^{Ekklik 24,} ^{19-22;} ^{Iz 55,} ¹⁻³

²⁸ Yo di l: «Kisa pou nou fè pou nou travay nan travay Bondye a?» ²⁹ Jezi reponn, li di: «Men travay Bondye a: kwè nan Sila li voye a.» ³⁰ Yo di l: «Ki mirak ou fè non pou nou wè, pou nou kwè w? Ki travay w ap fè? ³¹ Zansèt nou yo te manje lamàn nan dezè a, jan sa ekri a: *Li ba yo manje pen ki sòti nan syèl la.*» ³² Jezi di yo: «Anverite, anverite, mwen di nou, se pa Moyiz ki te ban nou pen ki sòti nan syèl la. Men se Papa m ki ban nou pen toutbon vre a, ki sòti nan syèl la. ³³ Pen Bondye a, se sila ki desann sòti nan syèl la pou li bay tè a lavi.» ³⁴ Yo di l: «Mèt, ban nou pen sa a toutan.» ³⁵ Jezi di yo: «Pen ki bay lavi a se mwen menm. Moun ki vin jwenn mwen p ap janm grangou, moun ki kwè nan mwen p ap janm swaf.

nan kannòt la, men yo te pati pou kont yo. Foul la chèche Jezi paske yo vle kontinye manje pen gratis. Y ap chèche yon lidè politik k ap gide yo, ki deside, epi ki prevwa tout bagay, san li pa egzije yo fè okenn efò. Jezi pa ka aksepte moun yo swiv li sèlman poutèt li ba yo manje. Jezi montre solisyon an se chèche lavi nètale, men sa mande pou moun pran angajman serye pou tèt yo tou.

6,35-40: Jezi di yo: «Pen ki bay lavi a se mwen menm, moun ki vin jwenn mwen p ap janm grangou, moun ki kwè nan mwen p ap janm swaf»... Jezi prezante tèt li kòm Moun Bondye te voye vin bay lavi ki pa janm fini an.

³⁶ Men, mwen pale nou, malgre nou wè mwen, nou pa kwè toujou. ³⁷ Tou sa Papa a ban mwen ap vin jwenn mwen. Moun ki vin jwenn mwen, mwen p ap jete l deyò. ³⁸ Paske mwen desann sòti nan syèl, pa pou mwen fè volonte pa m, men pou mwen fè volonte Sila ki voye m lan. ³⁹ Men sa ki volonte Sila ki voye m lan: Pou mwen pa pèdi anyen nan tou sa li te ban mwen yo, men pou mwen leve l byen vivan nan dènye jou a. ⁴⁰ Paske volonte Papa m, se sa: Se pou tout moun ki wè Ptit la, lèfini ki kwè nan li, gen lavi ki p ap janm fini an. E mwen menm, m a leve l byen vivan nan dènye jou a.»

^{11,24} ^{Mt 11,27}

⁴¹ Jwif yo t ap pale anba anba sou li poutèt li te di: «Mwen se pen ki desann sòti nan syèl la.» ⁴² Epi yo t ap di: «Atò, se pa Jezi, pitit Jozèf la sa? Nou konn papa l ak manman l, kouman fè kouanye a li kapab di li desann sòti nan syèl la?» ⁴³ Jezi reponn, li di yo: «Nou pa bezwen ap pale anba anba youn ak lòt.

^{Mk 6,3;} ^{Lk 4,22}

⁴⁴ Pèsonn pa kapab vin jwenn mwen, si Papa a ki voye m lan pa rale l vini. E mwen menm, m a leve l byen vivan nan dènye jou a. ⁴⁵ Sa ekri nan Pwofèt yo: *Tout moun pral aprann nan men Bondye.* Tout moun ki koute Papa a, epi k aprann nan men l, vin jwenn mwen. ⁴⁶ Sa pa vle di gen moun ki wè Papa a, anwetan Sila ki sòti nan Bondye a. Li menm li wè Papa a. ⁴⁷ Anverite, anverite, mwen di nou, moun ki kwè, gen lavi ki p ap janm fini an.

^{Mt 16,17}

⁴⁸ Mwen menm, mwen se pen ki bay

^{Iz 54,13;} ^{Jer 31, 33-34;} ^{1Tes 4,9}

^{1,18;} ^{7,29}

6,51-59: «Mwen se pen ki gen lavi a, pen ki desann sòti nan syèl la. Si yon moun manje nan pen sa a, l ap viv pou toutan. Pen mwen menm m ap bay la, se vyann mwen, pou tè a kapab jwenn lavi». Jezi ap anonsé Lekaristi. Jezi menm, li rive ofri pwòp lavi l (kò l ak san l) pou lòt yo. Patizan Jezi yo dwe swiv Jezi jouk yo bay pwòp lavi yo nan sèvis moun. Lekaristi se sakreman ki montre jan patizan Jezi yo swiv tras li. Nou twò abitye mete lamès yon bò ak lavi yon lòt bò. Jounen jodi a Lekaristi a vin tounen yon sèvis ki pa fè nou pran angajman pou nou defann lavi frè ak sè nou yo, jan Jezi te fè li a.

lavi a.⁴⁹ Zansèt nou yo te manje lamàn nan dezè a, epi yo mouri.⁵⁰ Men sa a, se pen ki desann sòt nan syèl la, moun ki manje ladan l p ap mouri.⁵¹ Mwen se pen ki gen lavi a, pen ki desann sòt nan syèl la. Si yon moun manje nan pen sa a, l ap viv pou toutan. Pen mwen menm m ap bay la, se chè mwen, pou tè a kapab jwenn lavi.»

⁵² Gwo kont leve nan mitan Jwif yo, yo di: «Kouman pou sila kapab ban nou vyann li pou nou manje a?»⁵³ Jezi di yo: «Anverite, anverite, mwen di nou, si nou pa manje vyann Ptit moun nan, si nou pa bwè san l, nou p ap gen lavi nan nou.⁵⁴ Moun ki manje vyann mwen epi ki bwè san mwen, li gen lavi ki p ap janm fini an. Mwen menm, m ap leve l byen vivan nan dènye jou a,⁵⁵ paske vyann mwen se yon manje toutbon, san mwen se yon bwason toutbon.⁵⁶ Moun ki manje vyann mwen epi ki bwè san mwen, li rete nan mwen, mwen rete nan li.⁵⁷ Menm jan Papa a ki gen lavi a voye m, epi se grasa Papa a mwen viv, se konsa tou, moun ki manje mwen ap viv grasa mwen.⁵⁸ Sa a se pen ki desann sòt nan syèl la. Li pa tankou sa zansèt nou yo te manje a, apre sa yo te mouri. Moun ki manje pen sa a l ap viv pou toutan.»

⁵⁹ Li di pawòl sa yo nan prèch li te fè nan sinagòg Kafanawòm nan.⁶⁰ Anpil nan patizan l yo, lè yo fin tande l, yo t ap di: «Ala rèd pawòl sa yo rèd, kilès ki kapab koute l?»⁶¹ Jezi te konnen nan kè l patizan l yo t ap pale anba anba sou sa, li di yo: «Sa revòlte nou?⁶² Bon, e si nou ta wè Ptit moun nan monte kote li te ye anvan an?⁶³ Se Lespri a ki bay lavi, lachè pa itil anyen. Pawòl mwen di nou yo, se Lespri, se lavi.⁶⁴ Men pamí nou genyen ki pa kwè.»

Jezi te byen konnen depi nan kòmansman kilès ki pa kwè yo, ak kilès

ki pral trayi li a.⁶⁵ Li di yo: «Se poutèt sa mwen te di nou, pèsonn pa kapab vin jwenn mwen si se pa yon favè Papa a fè l.»

⁶⁶ Depi lè sa a, anpil nan patizan l yo rale kò yo dèyè, yo pa mache avè l ankò.

Deklarasyon lafwa Pyè

Mt 16,16-23

⁶⁷ Jezi di Douz yo: «Nou vle al fè wout nou tou?»⁶⁸ Simon Pyè reponn li: «Granmèt, kilès nou pral jwenn? Ou gen pawòl lavi ki p ap janm fini an.⁶⁹ Kanta nou menm, nou kwè, nou konnen ou se moun Bondye mete apa a.»⁷⁰ Jezi di yo: «Apa se mwen menm ki chwazi nou tou le Douz? Poutan gen youn pamí nou se yon dyab li ye.»⁷¹ Li t ap pale sou Jida, ptit Simon Iskaryòt la. Se li menm, youn nan Douz yo, ki ta pral trayi l.

Jezi monte Jerizalèm pou fèt la

7 ¹ Apre sa, Jezi t ap ale vini nan Galile. Li pa t vle ale vini nan Jide, paske Jwif yo t ap chèche touye l.² Fèt Jwif yo rele Fèt Joupa yo, te vanse rive.³ Frè l yo di l konsa: «Sòti isit la, ale nan Jide pou patizan ou yo wè travay w ap fè yo.⁴ Pèsonn pa fè anyen ankachèt si l ap chèche parèt. Si w ap fè bagay sa yo, fè tout moun wè w.»⁵ Paske menm frè l yo pa t kwè nan li.⁶ Jezi di yo: «Tan pa mwen an pokò rive, pou nou menm tout lè bon lè.⁷ Tè a pa kapab rayi nou, men li rayi mwen, mwen menm, paske mwen sèvi temwen kont li pou sa l fè ki pa bon.⁸ Nou mèt monte ale nan fèt la nou menm. Kanta mwen, mwen p ap monte nan fèt sa a, paske tan pa mwen an pokò rive bout.»⁹ Lè li fin di sa, li rete nan Galile.¹⁰ Men lè frè l yo fin monte al nan fèt la, li monte lè sa a li menm tou ankachèt, san moun pa wè l.

^{16,16;}
^{Lk 22,28}

^{2,4;}
^{7,30;}
^{8,20}

^{15,18;}
^{3,19}

7,1-13 : «Fèt Jwif yo rele fèt Joupa a, te vanse rive». Fèt sa a se te youn nan fèt Jwif yo ki pi popilè. Nan okazyon fèt sa a gen plis moun ki te rasanble Jerizalèm pase lòt fèt yo (Zakari 14,16.19).

¹¹ Jwif yo t ap chèche l nan fèt la, yo t ap di: « Kote l ? » ¹² Nan foul la te gen anpil pale anba anba sou li. Gen sa ki t ap di se yon bon moun li ye. Gen lòt ki t ap di non se twonpe l ap twonpe pèp la. ¹³ Men pèsonn pa t pale aklè sou li tèlman yo te pè Jwif yo.

¹⁴ Lè fèt la déjà rive nan mwatye, Jezi monte nan Tanp lan, e li t ap montre anpil bagay. ¹⁵ Jwif yo sezi. Yo t ap di: « Kijan li fè save konsa san li pa t aprann ? » ¹⁶ Jezi menm reponn pou li di

^{3,11} yo: « Sa m ap montre la a, se pa nan mwen li sòti, se nan Sila ki voye m lan. ¹⁷ Si yon moun vle fè volonte l, l a konnen si bagay m ap montre a sòti nan Bondye, oubyen si m pale pou tèt mwen. ¹⁸ Moun k ap pale pou tèt li, ap chèche pwòp glwa l. Men moun k ap chèche glwa Sila ki voye li a, se li menm ki nan laverite, pa gen riz nan li.

^{Wm 2,17} ¹⁹ Apa Moyiz ki te ban nou Lalwa a ? Men pèsonn nan nou pa fè sa Lalwa a mande. Poukisa n ap chèche touye m ? » ²⁰ Foul la reponn: « Ou gen yon demon sou ou, kilès k ap chèche touye w ? » ²¹ Jezi reponn, li di yo: « Yon sèl bagay mwen fè, epi nou tout sezi.

^{Jen 17,10; Wm 4,11} ²² Bon ! Moyiz te mande pou nou fè sikonsizyon—poutan se pa nan Moyiz sa sòti, men nan zansèt nou yo—epi gwo jou saba nou fè sikonsizyon pou moun. ²³ Si pou nou pa dezobeyi lòd Moyiz, nou kapab fè sikonsizyon pou yon moun jou saba, pou ki nou ankòlè sou mwen, poutèt mwen geri tout kò yon moun jou saba ? ²⁴ Pa jije sou lapa-rans, men jije yon fason ki kòrèk. »

Kote Kris la sòti ?

^{5,18} ²⁵ Te gen kèk moun Jerizalèm ki t ap di: « Apa sila a y ap chèche touye a ? ²⁶ Men l ap pale lib san yo pa di l anyen.

7,14-26 : Lè fèt la déjà rive nan mwatye, Jezi monte nan Tanp lan e li t ap montre anpil bagay... Jezi te pase kèk jou Jerizalèm. Men li pa t ko al nan Tanp lan. Lè fèt la déjà rive nan mwatye, Jezi monte nan Tanp lan. Men li pa al pou l fete fèt la. L ale pou l montre moun yo anpil bagay. Se

Pou di chèf yo ta rekonèt se li menm ki Kris la vre ? ²⁷ Men li menm nou konnen kote l sòti. Lè Kris la ap vini, pèsonn p ap konnen kote l sòti. » ²⁸ Jezi t ap preche nan Tanp lan, li rele byen fò, li di: « Nou konnen m, e nou konnen kote m sòti ! Mwen pa vini pou kont mwen. Men Sila ki voye m lan, li nan laverite, e nou pa konnen l. ²⁹ Mwen konnen l mwen menm, paske se bò kote l mwen sòti, e se li menm ki voye m. »

^{9,29;}
^{Mk 12,35;}
^{Mt 5,1;}
^{Mt 1,6}

^{8,19;}
^{19,9}

^{8,55}

³⁰ Yo t ap chèche arete l, men pèsonn pa t mete men sou li, paske lè l pa t ko rive.

^{Lk 4,29;}
^{Jn 2,11}

Jezi anonse li pral pati

³¹ Nan foul la gen anpil ki te kwè nan li, yo t ap di: « Lè Kris la va vini, èske l ap fè plis mirak pase sila a ? » ³² Farizyen yo te tande tout pawòl sa yo pèp la t ap di anba anba sou li. Chèf prêt yo ansanm ak Farizyen yo, voye gad arete l. ³³ Jezi di yo: « Se pou yon ti tan ankò m avèk nou, lèfini mwen pral jwenn Sila ki voye m lan. ³⁴ Nou va chèche m, men nou p ap jwenn mwen, paske kote mwen mwen menm mwen ye a, nou pa kapab vini. »

^{Am 8,11;}
^{Iz 55,6}

³⁵ Jwif yo pran pale antre yo, youn t ap di lòt: « Ki kote li prale pou nou pa kapab jwenn li an ? Èske li vle al kote sila yo ki gaye nan mitan Grèk yo, pou li tounen pwofesè Grèk yo ? ³⁶ Ki pawòl sa a l ap di a : ‘N a chèche m, men nou p ap jwenn mwen, paske kote mwen menm mwen ye a, nou pa kapab vini?’ »

^{13,36;}
^{T Ap 11,20}

^{16,16;}
^{Dtw 4,29}

Pwomè s dlo ki bay lavi

³⁷ Nan dènye jou fèt la, pi gran jou a, Jezi te kanpe e li di byen fò: « Si yon moun swaf, se pou l vin jwenn mwen, se pou li bwè. ³⁸ Yon moun ki kwè nan mwen, jan sa ekri a, larivyè dlo ki bay

^{4,10;}
^{19,34;}
^{Ap 21,6;}
^{22,17;}
^{Iz 55,1;}
^{Ez 47,1;}
^{Zak 13,1}

premye fwa nan Levanjil Jan an, Jezi al nan Tanp lan kòm pwofesè.

7,37-39 : Nan dènye jou fèt la, pi gran jou a, Jezi te kanpe, epi li di byen fò: « Si yon moun swaf, se pou l vin jwenn mwen, se pou li bwè ».

15,7;
16,7;
20,22;
T AP
19,2 lavi ap koule sòti nan zantray li. »³⁹ Li t ap pale sou Lespri a, moun ki kwè nan li yo te gen pou yo resevwa a. Yo pa t ko bay Lespri a, paske Jezi pa t ko jwenn glwa li.

Yon fwa ankò : kote Kris la sòti

6,14;
Dtw
18,15 Moun nan foul la ki tande pawòl sa yo, t ap di : « Sila a se pwofèt la toutbon vre. »⁴⁰ Gen lòt ki t ap di : « Sila a se Kris la. » Genyen menm ki di : « Èske se ta Galile Kris la ta sòti ? »⁴¹ Èske Liv yo pa di se nan ras David, nan bouk Betleyèm kote David te moun nan, Kris la ap sòti ? »⁴² Foul la tonbe andezakò poutèt li. ⁴³ Gen ladan yo ki te vle menm arete l. Men sèlman pèsonn pa t mete men sou li.

⁴⁴ Lè gad yo tounen kote chèf prèt yo ak Farizyen yo, mesye yo di yo : « Poukisa nou pa mennen l vini ? »⁴⁵ Gad yo reponn : « Pèsonn pa janm pale tankou nèg sa a. »⁴⁶ Farizyen yo reponn yo atò : « Èske nou ta kite l pran tèt nou tou ? »⁴⁷ Èske gen yon sèl nan chèf yo, oubyen nan Farizyen yo, ki kwè nan li ?

⁴⁸ Men foul moun sa yo ki pa konnen Lalwa a menm, yo gen madichon. »⁴⁹ Nikodèm, youn nan yo ki te vin kote Jezi anvan sa, di yo :⁵⁰ « Èske Lalwa nou an janm kondane yon moun san yo pa tande l anvan, pou yo konnen sa l fè ? »⁵¹

⁵² Yo reponn li : « Èske w ta moun Galile ou menm tou ? Fouye, ou va wè pa janm gen pwofèt ki sòti nan Galile. »⁵³ Apre sa, chak moun al lakay yo.

Madanm adlità a

8 <sup>Lk21,37;
Mt
26,55</sup> ¹ Jezi menm al nan mòn Pye Oliv la. ² Granm maten li retounen nan

Jezi kanpe debou, li envite moun pwoche bò kote l pou yo vin bwè dlo ki bay lavi ki pa janm fini an. Nou dwe mete pwomès Dlo Lavi a ki pral sòti nan Jezi epi nan patizan l yo, an rapò ak fet Joupa a kote y ap lapriyè pou mande Bondye lapli, epi kote y ap sonje mirak dlo nan dezè a (Egzòd 17,1-7). Konsa lè Jezi te fè yo pwomès l ap ba yo dlo ki bay lavi a, li montre li se Bondye ki kapab fè mirak pou pèp li. Men dlo sa a pa la pou yon ti tan, li la pou toutan nètale.

Tanp lan. Tout pèp la vin jwenn li. Li chita ap montre yo anpil bagay. ³ Pwo-
fesè Lalwa ak Farizyen yo mennen

Lk 7,37

yon madanm, yo te bare ap fè adiltè. Yo mete l kanpe nan mitan,⁴ yo di Jezi : « Pwofesè, yo kenbe madanm sa a ap fè adiltè.

Dtw

Nan liv Lalwa a, Moyiz mande nou pou touye kalite medam sa yo ak kout wòch. Ou menm sa w di nan sa ? »

⁵ Yo t ap di sa pou yo seye l, defason pou yo te gen dekwa akize l. Men Jezi bese kò l, li t ap ekri atè a ak dwèt li.

Jer

⁶ ^{17,13} Kòm yo kontinye ap mande l kesyon, li drese kò l, li di yo : « Se pou moun ki

Mt 7,1

san peche pamí nou la a, ba li premye kout wòch la. »⁷ Epi li tounen bese kò l pou l ekri atè a. ⁸ Tande yo tande sa,

yo wete kò yo youn apre lòt, sa ki te pi granmoun yo anvan. Jezi te rete pou kont li ak madanm nan ki te kanpe la nan mitan.

5,14;

¹⁰ Jezi drese kò l, li di madanm nan : « Madanm, kote yo ? Pèsonn pa kondane w ? »¹¹ Li reponn :

Ezk

« Pèsonn non, Mèt. » Jezi di l : « Mwen menm tou, mwen pa kondane w. Ou mèt ale. Apati jodi a, pinga w fè peche ankò. »

33,11

Jezi se limyè tè a

¹² Jezi tounen pale ak yo, li di yo : « Se mwen menm ki limyè tè a. Moun ki swiv mwen p ap mache nan fènwa. Li va gen limyè ki bay lavi a. »¹³ Atò Farizyen yo di l : « W ap sèvi tèt ou temwen, deklarasyon ou lan pa laverite. »

14,9;

9,5;

12,46;

Mt15,14

¹⁴ Jezi reponn, li di yo : « Menm si mwen sèvi tèt mwen temwen, deklarasyon m lan se laverite, paske mwen konnen kote m sòti ak kote m prale. Nou menm, nou pa konnen ni kote mwen

8,1-11 : Pwofesè Lalwa ak Farizyen yo mennen yon madanm, yo te bare ap fè adiltè. Moun ki akize madanm nan, epi ki vle touye l dapre Lalwa a, pa swiv Lalwa a : yo mete men sou madanm nan, men yo kite nèg ki te ak li a, ale (Detewonòm 22,22).

8,12-20 : Jezi tounen pale ak yo, li di yo : « Se mwen menm ki limyè tè a. Moun ki swiv mwen p ap mache nan fènwa. L ap gen limyè ki bay lavi

sòti, ni kote mwen prale. ¹⁵Nou menm, nou jije jan moun konn fè. Mwen menm, mwen pa jije pèsonn. ¹⁶Menm si mwen jije, jijman pa mwen an se laverite, paske mwen pa pou kont mwen, men se mwen menm ak Sila ki voye m lan. ¹⁷Nan Lalwa nou an, yo ekri: Temwayaj de moun bay se laverite. ¹⁸Mwen sèvi tèt mwen temwen, epi Papa a ki voye mwen an sèvi mwen temwen tou. » ¹⁹Yo di l: «Kote Papa w ye?» Jezi reponn: «Nou pa konnen ni mwen menm, ni Papa m. Si nou te konnen m, nou ta konnen Papa m tou.» ²⁰Li te di pawòl sa yo nan Tanpan lan, bò bwat lajan an, pandan li t ap montre anpil bagay. Men pèsonn pa t arete l, paske lè pa li a pa t ko rive.

²¹Li di yo toujou: «Mwen menm mwen prale, nou va chèche m, men n ap mouri nan peche nou an. Kote mwen prale a nou pa kapab ale.» ²²Jwif yo di l: «Pou di li pral touye tèt li? Paske li di: Kote mwen prale a, nou pa kapab ale.» ²³Jezi di yo: «Nou se moun ki sòti anba. Mwen menm se anwo mwen sòti. Nou se moun tè sa a, mwen menm mwen pa moun tè sa a. ²⁴Mwen di nou n ap mouri nan peche nou yo. Si nou pa kwè mwen se Sila ki la a, n ap mouri nan peche nou yo.» ²⁵Yo di l: «Ki moun ou ye?» Jezi di yo: «Sa m ap di nou depi nan kòmansman an? ²⁶Mwen gen anpil bagay pou mwen di sou nou, pou mwen jije nou. Men Sila ki voye m lan se laverite a. E se sa mwen tande nan bouch li mwen pale sou tè a.» ²⁷Yo pa t konprann se de Papa a li t ap pale yo. ²⁸Jezi di yo:

Dlw
17,6;
Res
35,30
5,32

12,45;
16,3

Mk
12,41

7,33;
13,36

Am
8,11;
Pvv
1,22
3,31

Iz
43,11

3,14;
12,32

a.» Levanjil Jan an sèvi ak pawòl «Se mwen menm» plizyè fwa. Travay Jezi se menm travay delivrans Yave a (Egzòd 3,8). Ak pawòl sa a "Se mwen menm", Jan vle montre Jezi se Bondye.

8,24-30 : «Mwen di nou n ap mouri nan peche nou yo. Si nou pa kwè **mwen se Sila ki la a**, n ap mouri nan peche nou yo ». **Mwen se Sila ki la a** se Yave, Bondye Delivrans lan (Egzòd 3,8). Jezi se prezans Bondye Delivrans lan k ap aji, (Egzòd 3,14) k ap libere pèp la anba esklavaj peche, epi ki kondi l nan yon lavi tounèf, lavi Bondye. Jezi

«Lè nou va leve Pitit moun nan anlè, se lè sa a nou va konnen mwen se Sila a ki la a, e nou va konnen mwen pa fè anyen pou kont mwen, men jan Papa a montre m se sa mwen pale. ²⁹Sila ki voye m lan, li avè m, li pa kite m pou kont mwen, paske mwen toujou fè sa ki fè l plezi.» ³⁰Antan li t ap di sa, anpil moun te kwè nan li.

16,32

Jezi ak Abraram

³¹Jezi di Jwif ki te kwè nan li yo: «Si nou rete nan pawòl mwen an, nou se patizan m toutbon vre. ³²Nou va konnen laverite a, epi laverite a va ban nou libète.» ³³Yo reponn li: «Nou se ras Abraram. Nou pa t janm esklav pèsonn. Kijan w fè di: N a gen libète nou?»

Lk 3,8

³⁴Jezi di yo: «Anverite, anverite, mwen di nou, tout moun ki fè peche, se esklav peche a. ³⁵Esklav la pa rete nan kay la toutan. Men pitit la li menm toujou la. ³⁶Si Pitit la ban nou libète n, nou va lib toutbon vre. ³⁷Mwen konnen nou se ras Abraram. Men paske pawòl mwen yo pa antre nan nou, n ap chèche touye m. ³⁸Sa mwen wè lakay Papa m, se sa mwen di. E nou menm sa nou tande lakay papa nou, se sa nou fè.» ³⁹Yo reponn li: «Se Abraram ki papa n.» Jezi di yo: «Si nou se pitit Abraram, se pou nou fè sa Abraram fè.

Jen
21,10;
Gal 4,30;

Wm
6,17;

1Jn 3,8

⁴⁰Men n ap chèche touye m, mwen menm yon moun ki di nou laverite mwen tande nan bouch Bondye. Abraram pa t fè sa. ⁴¹Nou menm nou fè zèv papa nou.» Yo di l: «Se pa nan dezòd nou fèt. Nou menm, sèl papa nou genyen se Bondye.» ⁴²Jezi di yo: «Si

Iz
63,16;
64,8

pral fè Delivrans Egzòd la nan lanmò ak leve byen vivan li a.

8,39-47 : Yo reponn li: «Se Abraram ki papa nou.» Jezi di yo: «Si nou se pitit Abraram, nou ta fè sa Abraram fè». Jwif yo mete konfyans yo nan ras. Yo te rete kwè se ras la k ap sove yo. Si yo sòti nan ras Abraram, yo nan laverite, yo lib. Epi sa yo di, sa yo fè, se bagay Bondye. Men Jezi detwi mòd sekirite sa a. Li di yo se dyab la ki papa yo (v. 44).

Bondye te Papa n, nou ta renmen m, paske se nan Bondye mwen sòti pou mwen vini. Se pa mwen ki te deside vini, men se li menm ki voye m.

⁴³Poukisa nou pa kapab konprann sa m ap di nou an? Se paske nou pa kapab koute pawòl mwen. ⁴⁴Se dyab la ki papa nou. E se sa papa nou anvi, nou vle fè. Li te asasen depi nan kòmansman. Li pa t rete nan laverite, paske nanopwen laverite nan li. Lè l ap bay manti, manti a se afè li, paske li se mantè, li se papa manti. ⁴⁵Mwen menm, nou pa kwè mwen paske m ap di nou laverite. ⁴⁶Kilès nan nou ki kapab bay prèv mwen fè peche? Si mwen di laverite, poukisa nou pa kwè mwen? ⁴⁷Moun ki patizan Bondye, koute pawòl Bondye. Sa ki fè nou pa koute, se paske nou pa moun pa Bondye. » ⁴⁸Jwif yo reponn li: «Èske nou pa gen rezon di, ou se moun Samari, epi ou gen yon demon sou ou? » ⁴⁹Jezi reponn: «Mwen pa gen okenn demon sou mwen. Men mwen respekte Papa m, men nou menm nou derespekte m. ⁵⁰Mwen p ap chèche glwa pou tèt mwen. Gen yon lòt k ap chèche l pou mwen, epitou k ap jije.

⁵¹Anverite, anverite, mwen di nou, si yon moun kenbe pawòl mwen, li p ap janm konnen sa yo rele lanmò. » ⁵²Jwif yo di l: «Bon! Kounye a nou konnen ou gen yon demon sou ou. Abraram mouri, pwofèt yo tou, ou menm ou di: Si yon moun kenbe pawòl mwen, li p ap janm konnen sa yo rele lanmò. ⁵³Pou di ou ta pi gran pase Abraram, papa nou an ki mouri a? Ata pwofèt yo mouri. Ou menm menm pou kilès ou fè tèt ou pase? » ⁵⁴Jezi reponn: «Si mwen t ap fè glwa pou tèt mwen, menm menm, glwa mwen an ta san valè. Men se Papa m k ap fè glwa pou

9,1-12: Levanjil la mete mirak sa a apre deklarasyon Jezi te fè sou li menm ki limyè tè a, pou li montre sa l te di se laverite. Antan li t ap pase, Jezi wè yon nèg ki avèg depi li fèt. Patizan l

mwen, li menm nou di ki Bondye nou an. ⁵⁵Nou pa konnen l, se mwen menm ki konnen l. Si mwen di mwen pa konnen l, mwen ta yon mantè tankou nou. Men mwen konnen l, e mwen kenbe pawòl li. ⁵⁶Abraram, papa nou an, se pa ti kontan li te kontan pou li ta wè jou pa m lan rive. Li wè l, e li kontan. »

⁵⁷Jwif yo di li: «Ou pokò gen senkan-tan epi ou te wè Abraram? » ⁵⁸Jezi di yo: «Anverite, anverite, mwen di nou, anvan Abraram te fèt, mwen menm, mwen la. » ⁵⁹Yo ranmase wòch pou yo voye sou li. Men Jezi kache kò l epi li sòti nan Tanp lan.

Jezi geri yon nèg ki fèt tou avèg

9 ¹Antan li t ap pase, Jezi wè yon nèg ki avèg depi l fèt. ²Patizan l yo mande l yon kesyon, yo di l: «Rabi, kilès ki peche, se li menm oswa paran l yo, ki fè li fèt tou avèg? » ³Jezi reponn: «Se pa ni li, ni paran l yo ki peche. Men se pou travay Bondye a parèt aklè nan li menm. ⁴Fòk nou fè travay Sila ki voye mwen an toutotan li lajounen. Talè konsa lannwit pral rive, pèsonn p ap kapab travay. ⁵Toutotan mwen sou tè a, se limyè tè a mwen ye. »

⁶Apre li fin di sa, li krache atè. Li fè yon ti labou ak krache a, epi li fwote l sou je avèg la. ⁷Li di l: «Al lave kò w nan basen Siloye a. » Sa vle di: Moun yo voye a. Konsa l ale, li lave kò l. Epi lè li tounen, li te wè.

⁸Vwazinaj ak moun ki te konn wè l anvan sa ap mande lacharite, yo t ap di: «Se pa nèg ki te konn chita ap mande lacharite a? » ⁹Yon pòsyon t ap di: «Se li. » Yon lòt pòsyon t ap di: «Non, men li sanble avè l. » Li menm menm li t ap di: «Se mwen menm. » ¹⁰Yo t ap di l: «Men kouman fè je w louvri? » ¹¹Li reponn: «Nèg yo rele Jezi a fè yon

yo mande l yon kesyon, yo di l: «Rabi, kilès ki peche, se li menm oswa paran li yo ki fè li fèt tou avèg? » Pèp la te kwè maladi sòti nan peche moun. Jezi pa aksepte lide sa a.

ti labou. Li fwote l sou je m, epi li di m: Al lave kò w Siloye. Se konsa m ale, mwen lave kò m, epi mwen wè. » ¹²Yo di l: « Kote nèg sa a ye? » Li di yo: « Mwen pa konnen. »

^{Mt 12,10; Lk 14,1} ¹³Yo mennen nèg ki te avèg anvan an kote Farizyen yo. ¹⁴Men se te yon saba jou Jezi te fè ti labou a epi li te louvri je l yo. ¹⁵Poutèt sa Farizyen yo mande l ankò kijan li fè wè. Li di yo: « Li mete yon ti labou sou je m, mwen lave kò m, epi mwen wè. » ¹⁶Gen kèk Farizyen ki t ap di: « Nèg sa a, se pa bò kote Bondye li sòti, piske li pa respekte saba a. » Gen lòt ki t ap di: « Kouman yon moun ki nan peche kapab fè kallite mirak sa yo? » Yo te tonbe andezakò. ¹⁷Se konsa yo tounen di avèg la: « Ou menm, sa w di sou li pou je w li louvri a? » Li reponn: « Li se yon pwo-fèt. »

^{Mt 16,14} ¹⁸Men Jwif yo pa t kwè li te avèg epi li te vin wè, kifè yo voye chèche paran l yo. ¹⁹Yo mande yo kesyon, yo di yo: « Nèg sa a, se ptit gason nou an, nou di ki te fèt tou avèg la? Kouman fè li wè kounye a? » ²⁰Paran l yo reponn: « Nou konnen nèg sa a se ptit nou, epi li fèt tou avèg. ²¹Kouman fè li wè kounye a, ak kilès ki louvri je l, nou menm nou pa konnen. Se li menm pou nou mande. ^{7,13; 12,42} Li gen laj. Li va pale pou tèt li. » ²²Paran l yo pale konsa paske yo te pè Jwif yo. Se vre, Jwif yo te deja dakò pou yo mete tout moun ki ta deklare Jezi se

Kris la, deyò nan sinagòg la. ²³Se pou-tèt sa paran l yo te di: Li gen laj. Se li menm pou nou mande.

²⁴Yo voye chèche nèg ki te avèg la yon dezyèm fwa. Yo di l: « Bay Bondye glwa. Nou menm, nou konnen nèg sa a se yon pechè. » ²⁵Li reponn yo: « Si l se yon pechè, mwen pa konnen. Yon sèl bagay mwen konnen: Mwen te avèg, kounye a mwen wè. » ²⁶Yo di l: « Sa li te fè w? Kouman li te fè louvri je w? » ²⁷Li reponn: « Mwen di nou sa déjà, men nou pa t koute. Poukisa nou vle tande sa ankò? Pou di nou menm tou, nou ta vle vin patizan l? » ²⁸Yo joure l, yo di l: « Se ou menm ki patizan nèg sa a! Nou menm nou se patizan Moyiz. ²⁹Nou konnen Bondye te pale ak Moyiz. Men li menm nou pa konnen kote l sòti. » ³⁰Nèg la reponn yo: « Ala dwòl! Nou pa konnen kote l sòti, men ak tou sa li louvri je m! ³¹Nou byen konnen Bondye pa koute pechè yo. Men si yon moun respekte l epi fè volonte l, se moun sa a li koute. ³²Kote w janm tande yon nèg te louvri je yon moun ki te fèt tou avèg? ³³Si Sila a pa t sòti bò kote Bondye, li pa ta kapab fè anyen. » ³⁴Yo reponn li: « Se tout ou menm ki te fèt nan peche, epi w ap vin ban nou lesion? » Yo mete l deyò. ³⁵Jezi tande yo te mete l deyò. Lè li vin jwenn ak li, li di l: « Èske w kwè nan Pitit moun nan? » ³⁶Li reponn: « Kilès li ye, Mèt, pou mwen kapab kwè nan li? » ³⁷Jezi di

Sòm
66,18;
lz 1,15;
Pwv
15,29

Sòm
51,5

9,13-34: Yo mennen nèg ki te avèg anvan an, kote Farizyen yo. Men se te yon saba jou Jezi te fè ti labou a epi li te louvri je l yo. Ak aktivite delivrans li an, Jezi montre pèp avèg la li dwe bay jou saba a yon lòt sans. Se pou yo fè l tounen yon jou pou youn ede lòt jwenn delivrans. Se sans sa a jou Saba a te genyen nan kòmansman: bay esklav yo ak moun ki travay di yon souf pou yo refè fòs yo (Detewonòm 5,14-15). Men, Farizyen yo ak chèf Jwif yo te fè jou saba a tounen jou ki paralize pèp la. Nan jou saba a, moun yo pa kapab mache plis pase 30 rive 40 pa konsa, yo pa kapab pote yon ti bagay nan men yo, yo pa ka fè manje, ni limen dife.

9,20-21: Paran l yo reponn: « Nou konnen nèg sa a se ptit nou, epi li fèt tou avèg. ²¹Kouman fè li

wè kounye a, ak kilès ki louvri je l, nou menm nou pa konnen. Se li menm pou nou mande, li gen laj, li va pale pou tèt li. » Farizyen yo te gen tan pase lòd pou yo mete tout moun ki di Jezi se Kris la deyò nan sinagòg la. Konsa, moun yo pèdi tout pwoteksyon yo jwenn nan sinagòg la devan Women yo. Poutèt sa, paran nèg ki te fèt tou avèg la, pa vle di ki moun ki bay pitit li yo lasante.

9,35-41: Jezi tande yo te mete l deyò. Lè li vin jwenn ak li, li di l: « Èske w kwè nan Pitit moun nan? ». Jezi pa kite nèg yo te mete deyò a pou kont li. Jezi al chèche l. Jezi pa mande l si l kwè nan Bondye. Li mande l si li kwè nan Jezi menm. Jezi bay tèt li tit Pitit Moun nan. Sa vle di yon Sovè ki sòti nan ras moun ki vin sove moun. Yo sèvi ak mo sa a pou yo pale sou Mesi a.

I: «Ou wè l. Se li menm menm k ap pale ak avè w la a.» ³⁸ Li di: « Granmèt, mwen kwè. » Epi li mete ajenou devan l.

^{8,12;}
^{12,47;}
^{M1}
^{13,13;}
^{Lk}
^{18,14;}
^{1Kor}
^{1,20}

³⁹ Jezi di: « Mwen vin sou tè sa a pou fè yon jijman. Konsa moun ki pa wè yo pral wè, moun ki wè yo, pral vin avèg. »

^{Mt}
^{15,14}

⁴⁰ Kèk Farizyen ki te avè l yo tandé tou sa, e yo di l: « Pou di nou menm tou nou avèg? » ⁴¹ Jezi di yo: « Si nou te avèg, nou pa ta gen peche. Kounye a nou di nou wè, peche nou an rete la. »

Parabòl gadò mouton an

Ez 34,1-31; Jr 23,1-3

^{Mi 2,12}

10 ¹ « Anverite, anverite, mwen di nou: Moun ki pa pase nan baryè a pou li antre nan pak mouton yo, men ki pase yon lòt kote, moun sa a se vòlè, se eskamotè. ² Sila a menm ki pase nan baryè a pou li antre, li se gadò mouton yo. ³ Moun ki nan baryè a louvri ba li. Mouton yo tandé vwa l. Li rele chak mouton pa l yo ak non yo epi li mennen yo deyò. ⁴ Lè li fin fè tout mouton pa l yo sòti, li mache devan yo. Mouton yo swiv li paske yo konnen vwa l. ⁵ Men nanopwen jou pou yo swiv yon etranje, y ap kouri pou li, paske yo pa konnen vwa etranje yo. » ⁶ Jezi di yo parabòl sa a, men yo pa t konprann sa li t ap di yo.

^{Mi 2,12}

^{Jer}
^{23,1;}
^{Ezk}
^{34,2}

^{Sòm}
^{23;}
^{Iz 49,9}

⁷ Jezi tounen di yo: « Anverite, anverite, mwen di nou, se mwen ki baryè pak mouton yo. ⁸ Tou sa ki te vini anvan mwen yo, se te yon bann vòlè ak eskamotè. Men mouton yo pa t koute yo. ⁹ Se mwen ki baryè a. Si yon

moun pase nan mwen pou li antre, l a sove. L a antre sòti, l a jwenn manje pou l manje. ¹⁰ Vòlè pa vini pou lòt bagay pase pou li vòlè, pou li touye, pou li detwi. Mwen menm, mwen vini pou yo gen lavi, pou yo genyen l pou piyay. ¹¹ Se mwen bon gadò a. Bon gadò a fè kado lavi l pou mouton l yo. ¹² Moun k ap fè yon dyòb, moun ki pa gadò, moun mouton yo pa pou li a, wè li wè chen anraje a ap vini, li lage mouton yo, li sove. Chen anraje a pran mouton yo, li gaye yo. ¹³ Se paske se yon moun k ap fè yon dyòb li ye. Ki mele l ak mouton yo. ¹⁴ Se mwen bon gadò a. Mwen konnen mouton m yo, mouton m yo konnen m, ¹⁵ menm jan Papa a konnen m, epi mwen konnen Papa a. Mwen fè kado lavi m pou mouton yo. ¹⁶ Mwen gen lòt mouton toujou ki pa nan pak sa a. Fòk mwen mennen sa yo vini tou. Y a koute vwa m. Konsa va gen yon sèl bann mouton ak yon sèl gadò. ¹⁷ Se sa ki fè Papa a renmen m, se paske mwen fè kado lavi m pou mwen tounen pran l. ¹⁸ Pèsonn pa wete l nan men m, men se mwen ki fè kado l pou pwòp volonté pa m. Mwen gen pouvwa fè kado l, mwen gen pouvwa tounen pran l. Se lòd sa a mwen jwenn nan men Papa m. »

^{11,52;}
^{18,37;}
^{21,15;}
^{Iz 49,6;}
^{Ezk}
^{37,24;}
^{1Pyè}
^{2,25}

^{Fip 2,8;}
^{Jn 14,31;}
^{15,10;}
^{Ap 5,9}

¹⁹ Vin gen dezakò toujou nan mitan Jwif yo poutèt pawòl sa yo. ²⁰ Anpil pamì yo t ap di: « Li gen yon demon sou li, li fou. Poukisa n ap koute l? » ²¹ Gen lòt ki t ap di: « Pawòl sa yo pa pawòl moun ki gen demon sou li. Kote demon kapab louvri je avèg? »

kite nou nan dout? Si w se Kris la, di nou sa klè!» Mesi se mo ebre a, Kris se mo grèk la. Se menm kesyon sa a yo te mande Janbatis. Chèf yo pè Mesi ki pral vini an anpil. Jezi pa t vle sèvi ak non Mesi a, poutèt Jwif yo ak pèp la ap kwè li vle pran pouvwa politik nan Jerizalèm ak pouvwa relije nan Tanp lan. Men kounye a Jezi santi lè pou li bay lavi li a, vanse. Rive kounye a li pale aklè: li se Pitit Bondye. Prèv yo ki montre li se Mesi toutbon an se travay delivrans li te fè nan mitan pèp la, menm jan ak Bondye Papa ki te delivre pèp la lè l te nan esklavaj. Jwif yo vle touye l, men Jezi ale.

10,7-9: Se mwen ki baryè a. Kounye a Jezi pase nan yon lòt konparezon. Li pa sèlman gadò mouton yo, se li menm ki baryè a. Se li ki mèt pak mouton yo. Se li ki kapab di ki moun ki kapab antre, ki mouton ki kapab sòti. Pòt sa a louvri pou lavi ak libète.

10,20-23: Vwala nan Jerizalèm yo t ap fete jou yo te konsakre Tanp lan. Se te sezon fredi. Se denyè fwa Jezi pran pozisyon klè devan chèf Jwif yo. Jezi pral antre nan Tanp lan yon lòt fwa ankò.

10,24: Jwif yo antoure l, yo di l: «Jiskilè w ap

Jezi deklare li se Ptit Bondye

<sup>1Mkb
4,36</sup> <sup>T Ap
3,11;
5,12;</sup> ²²Vwala nan Jerizalem yo t ap fete jou yo te konsakre Tanp lan. Se te sezon fredi. ²³Jezi t ap pwonmennen nan Tanp lan, anba galri Salomon an. ²⁴Jwif yo antoure l, yo di l: «Jiskilè w ap kite nou nan dout? Si w se Kris la, di nou sa klè!» ²⁵Jezi reponn yo: «Mwen di nou li, nou pa kwè. Zèv m ap fè nan non Papa m lan, se yo ki sèvi m temwen. ²⁶Men nou pa kwè paske nou pa fè pati mouton m yo. ²⁷Mouton m yo koute vwa m. Mwen konnen yo, yo swiv mwen. ²⁸Mwen ba yo lavi ki p ap janm fini an. Yo p ap janm peri, e pèsonn p ap kapab rache yo nan men m. ²⁹Sa Papa m ban mwen an pi gran pase tout bagay. Pèsonn pa kapab rache anyen nan men Papa a. ³⁰Mwen ak Papa a nou se youn. » ³¹Jwif yo tounen pote wòch pou yo kalonnen l. ³²Jezi reponn, li di yo: «Mwen montre nou anpil bél zèv ki sòti nan Papa a. Pou kilès ladan yo n ap kalonnen mwen an? » ³³Jwif yo reponn li: «Se pa poutèt yon bél zèv n ap kalonnen w, men se pou derespektan w ak Bondye, paske se moun ou ye, epi w ap fè tèt ou pase pou Bondye. » ³⁴Jezi reponn yo: «Èske nan liv Lalwa nou an yo pa ekri: *Mwen di, se Bondye nou ye?* ³⁵Moun Bondye te pale ak yo nan liv Lalwa a, yo rele yo Bondye. Sa ki ekri nan Liv la pa kapab efase. ³⁶Si se sa, kouman nou fè di moun Papa a mete apa a epi li voye sou tè a: ‘w ap fè derespektan ak Bondye’, paske mwen di: mwen se Ptit Bondye? ³⁷Si mwen pa fè zèv Papa m yo, nou mèt pa kwè m. ³⁸Si mwen fè yo, nou ta mèt pa kwè m, men kwè nan zèv mwen yo. Konsa nou va konnen e nou va rekonèt Papa a nan mwen, mwen nan Papa a. » ³⁹Yo t ap chèche arete l ankò, men li chape nan men yo.

^{8,59} ^{Mk 10,1} ⁴⁰Li tounen al lòt bò larivyè Joudan

an, kote Jan t ap batize anvan an. Li rete la. ⁴¹Anpil moun vin kote l, yo t ap di: «Jan li menm pa t fè okenn mirak. Men tou sa Jan te di sou nèg sa a, se laverite. » ⁴²Anpil moun ki te la yo, te vin kwè nan li.

Jezi leve Laza byen vivan

11 ¹Te gen yon moun malad: se te Laza, moun Betani, nan ti bouk kote Mari ak sè li a, Mat, te rete. ²Se Mari sa a ki te fwote Granmèt la ak losyon an, lèfini ki te siye pye l ak cheve l. Laza, ki te malad la, se te frè l. ³Sè li yo voye di Jezi: «Granmèt, sila w renmen an, malad. » ⁴Lè Jezi tande sa, li di: «Maladi sa a p ap pote lanmò, men l ap pote glwa pou Bondye. Konsa, grasa li, Ptit Bondye a va jwenn glwa. » ⁵Jezi te renmen ni Mat, ni sè li a, ni Laza. ⁶Lè li fin aprann Laza malad, li rete kote li te ye a de jou toujou. ⁷Apre sa, li di patizan l yo: «An nou tounen nan Jide. » ⁸Patizan yo di l: «Rabi, Jwif yo te fèk ap chèche kalonnen w, epi w ap tounen laba a ankò? » ⁹Jezi reponn: «Apa douzèd tan ki genyen nan yon jounen? Si se lajounen yon moun ap mache, li p ap bite, paske li wè limyè ki sou tè sa a. ¹⁰Men si se lannwit yon moun ap mache l ap bite, paske li pa gen limyè nan li. » <sup>7,8;
9,4</sup> <sup>8,12;
12,35</sup>

¹¹Se konsa li pale. Apre sa, li di yo: «Zammi nou, Laza ap dòmi. Men mwen pral leve l nan dòmi. » ¹²Patizan li yo di l: «Granmèt, si l ap dòmi, l ap chape. » ¹³Jezi t ap pale sou lanmò l, men yo menm yo te konprann li t ap pale sou dòmi somèy. ¹⁴Se lè sa a li di yo aklè: «Laza mouri. ¹⁵Mwen kontan pou nou poutèt mwen pa t la, konsa n a kwè. Men an n al kote l. » ¹⁶Toma, yo te rele Marasa a, di lòt patizan parèy li yo: «An n ale nou menm tou pou nou mouri ak li. » <sup>Mk 5,39;
Lk 8,52</sup> <sup>T Ap
7,60</sup> <sup>Mk
10,32</sup>

¹⁷Lè Jezi rive, li jwenn Laza te deja gen kat jou nan kavo. ¹⁸Te gen yon distans twa kilomèt konsa ant Betani ak Jerizalèm. ¹⁹Anpil Jwif te vin lakay Mat ak Mari pou yo konsole yo pou frè yo a. ²⁰Lè Mat tande Jezi t ap vini, l al rankontre l. Mari menm te rete chita nan kay la. ²¹Mat menm di Jezi : « Granmèt, si w te la, frè m lan pa ta mouri. ²²Ata kounye a mwen konnen tou sa w mande Bondye, Bondye ap ba ou l. » ²³Jezi di l : « Frè w la va leve. » ²⁴Mat di l : « Mwen konnen li pral leve byen vivan nan dènye jou a, lè tout mò yo va leve byen vivan. » ²⁵Jezi di l : « Lavi a ak leve byen vivan an, se mwen menm. Moun ki kwè nan mwen, menm si li ta mouri, l ap viv. ²⁶Tout moun k ap viv, ki mete lafwa l nan mwen, p ap jamm mouri. Èske w kwè sa ? » ²⁷Li di l : « Wi, Granmèt, mwen kwè ou se Kris la, Ptit Bondye ki dwe vin sou tè a. » ²⁸Lè li fin di sa, l al rele Mari, sè li a, li di l tou ba : « Pwofesè a la, li voye rele w. » ²⁹Lè Mari tande sa, li prese leve pou l al jwenn li. ³⁰Jezi pa t ko rive nan bouk la. Li te kote Mat t al rankontre li a toujou. ³¹Jwif yo menm ki te ak Mari nan kay la, e ki t ap konsole l, lè yo wè li fè yon sèl leve pou li sòti, yo mete swiv li. Yo te kwè li ta pral sou kavo a pou l kriye. ³²Lè Mari rive kote Jezi te ye a, wè li wè l, li lage kò l nan pye l, li di l : « Granmèt si w te la, frè mwen an pa ta mouri. » ³³Lè Jezi wè ni li, ni Jwif ki te ak li yo t ap kriye, li santi kè l ap rache. Li boulvèse. ³⁴Apre sa li di : « Kote nou mete !? » Yo di l : « Granmèt, vin wè non. » ³⁵Jezi mete kriye. ³⁶Jwif yo di :

^{Dan}
^{12,1;}
^{T Ap}
^{24,15;}
^{Jn 5,28;}
^{6,39}

^{1Jn}
^{3,14}

^{Mt}
^{16,16}

« Gade jan li te renmen l. » ³⁷Men pam yo gen ki di : « Apa li ki te louvri je avèg la ? Èske li pa t kapab fè nèg sa a pa mouri ? » ³⁸Jezi tounen santi kè l ap rache, epi l al sou kavo a. Se te yon twou wòch yo te mete yon wòch sou li. ³⁹Jezi di : « Wete wòch la. » Mat, sè mò a, di l : « Granmèt, li santi deja. Li gen kat jou. » ⁴⁰Jezi di l : « Mwen pa di w, si w kwè, w a wè glwa Bondye ? » ⁴¹Yo wete wòch la. Jezi leve je l anlè, li di : « Papa o, mwen di w mèsi paske ou koute m. ⁴²Mwen te byen konnen ou toujou koute m. Men, se pou tout foul moun sa yo ki toutotou mwen yo mwen di sa, pou yo kapab kwè se ou menm ki voye m. » ⁴³Lè li fin di sa, li rele byen fò : « Laza, sòti, vin deyò ! » ⁴⁴Mò a sòti, pye l ak men l tou mare ak ti bann twal, figi l vlope ak yon mòso twal. Jezi di yo : « Lage l, kite l ale. »

^{1,14;}
^{2,11;}
^{4,23;}
^{17,1;}
^{Mt14,19}

^{1Wa}
^{18,36}

^{5,26}

^{19,40;}
^{20,5}

Chèf Jwif yo deside fòk Jezi mouri

Mt 26,1-5; Mk 14,1-2; Lk 22,1-2

⁴⁵Anpil nan Jwif ki te vin lakay Mari yo te kwè nan li, lè yo wè sa li te fè a. ⁴⁶Men kèk nan yo t al jwenn Farizyen yo pou di yo sa Jezi te fè. ⁴⁷Chèf prêt yo ak Farizyen yo reyini Konsèy la. Yo di konsa : « Sa n ap fè ? Nèg sa fè anpil mirak ! » ⁴⁸Si nou kite l kontinye konsa, tout moun pral kwè nan li. Nèg Wòm yo ap vini, yo pral detwi ni Tanp nou an, ni pèp nou an. » ⁴⁹Youn ladan yo, Kayif, ki te Prêt anchèf lane sa a, di yo : « Nou pa konprann anyen. ⁵⁰Nou pa kalkile, li pi bon pou nou pou yon sèl moun mouri pou pèp la pase pou tout pèp la peri annantye. » ⁵¹Li pa t di sa

^{Lk}
^{16,31}

^{Mt26,3}

^{15,24;}
^{T Ap}
^{4,16}

11,17-26 : Lè Jezi rive, li jwenn Laza te deja gen kat jou nan kavo. Apre kat jou Jwif yo setèn li mouri nèt. Li kòmanse pouri, e li pa kapab leve ankò. Poukisa si Jezi renmen Laza li pa t ale tousswit pou l pa mouri ? Se pa misyon Jezi delivre moun anba lanmò fizik la. Misyon li se mennen moun nan lavi toutbon an, lavi bò kote Bondye. Jezi se leve byen vivan ak lavi. Pou lafwa kretyen yo lanmò fizik la se pa lanmò pou toutan. Se yon pa pou n al jwenn lavi nètale a. Leve Laza byen vivan an anonce Jezi li menm pral leve byen vivan, pou toutan. Leve Laza byen vivan an

^{Lk 19,}
⁴¹⁻⁴²

montre tou Jezi bay lavi Bondye depi kounye a. Nou pa bezwen tann lanmò pou nou jwenn lavi Bondye. Nou genyen l depi kounye a si nou swiv Jezi, si nou fè youn avè l.

11,27-44 : Mat di l : « Wi, Granmèt, mwen kwè ou se Kris la, Ptit Bondye ki dwe vin sou tè a ». Nan Levanjil sinoptik yo, se Pyè ki te fè deklarasyon lafwa apot yo (Mak 8,27-30 ; Lik 9,18-21 ; Matye 16,13-20). Levanjil Jan an mete l nan bouch yon fi. Sa montre nou gwo enpòtans fi genyen nan kominate kote Levanjil sa a sòti.

pou kont li. Men kòm li te Prèt anchè lane sa a, li fè yon kout pwofèt pou li di Jezi te gen pou l mouri pou pèp la.⁵² E se pa sèlman pou pèp la, men tou pou li te rasanble tout ptit Bondye yo ki gaye, fè yo fè youn.⁵³ Se depi jou sa a,^{7,1} yo deside pou yo touye l.⁵⁴ Jezi pa t sikile lib nan mitan Jwif yo ankò. Men li pati al nan yon zòn bò dezè a, nan yon vil yo rele Efrayim. Se la li rete ak patizan l yo.

^{2,13;}
^{6,4;}
Res
^{9,6;}
T Ap
^{21,24}
Mk 14,1
nan fèt la?⁵⁵ Chèf prèt yo ak Farizyen yo te bay lòd pou si yon moun te konnen kote li ye pou li denonse l, konsa pou yo te kapab fè arete l.

Pafen Betani an

Mt 26,6-13; Mk 14,3-9; Lk 7,36-38

^{Mt 26,}
^{6-13;}
^{Mk 14,}
³⁻⁹
^{11,2;}
^{Lk}
^{10,40}
^{Lk 7,37}
12 ¹Sis jou anvan fèt Pak la, Jezi vin Betani, kote Laza li te fè leve sòti pamì mò yo, te rete. ²Yo fè yon festen pou li. Mat t ap sèvi. Laza te youn nan moun ki te bò tab la avè l yo. ³Mari pran yon liv losyon kalite siperiyè, ki te fèt ak bon kalite plant santi bon ki koute chè. Li fwote pye Jezi avè l, lèfini li siye pye l ak cheve l. Odè losyon an te plen kay la. ⁴Jida Iska-

ryòt, youn nan patizan l yo, sila ki ta pral bay li a, di:⁵ « Poukisa yo pa t vann losyon sa a pou twasan denye pou nou bay pòv? »⁶ Li te di sa, men se pa paske li te enterese nan pòv, se pito paske se vòle li te ye. Kòm bwat lajan an te nan men l, li te konn pran sa yo mete ladan l.⁷ Jezi menm di: « Kite l. Li te sere l pou jou antèman m.⁸ Reyèlman vre, nou toujou gen pòv ak nou, men nou p ap genyen m toutan. »

^{13,29;}
Lk 8,3
^{19,40}
^{Dtw}
^{15,11}

⁹Anpil anpil Jwif vin konnen Jezi te la. Yo pa t vini sèlman pou wè Jezi, men pou yo te wè Laza li te leve sòti pamì mò yo. ¹⁰Chèf prèt yo deside touye Laza tou,¹¹ paske se poutèt li anpil Jwif t ap lage yo, pou yo kwè nan Jezi.

Jezi antre Jerizalèm

Mt 21,1-11; Mk 11,1-11; Lk 19,28-38

Mt 21,
1-9;
Mk 11,
1-10;
Lk 19,
28-38

¹² Nan demen, tout kantite foul moun ki te vin nan fèt la, tandé yo tandé Jezi te rive Jerizalèm,¹³ pran fèy palmis epi y al rankontre l. Yo t ap rele: Ozana, konpliman pou Sila k ap vini nan non Granmèt la, pou wa Izrayèl la.

Sòm
118,2
5-26;
1Mkb
13,51;
Ap 7,9;
Jn 1,49

¹⁴ Jezi jwenn yon jenn ti bourik, li chita sou li, jan sa te ekri:

¹⁵ Ou pa bezwen pè, pítit fi Siyon, men wa w la ap vini
li chita sou pítit yon manman Bourik.

Zak 9,9

¹⁶ Bagay sa yo, patizan l yo, pa t konprann yo anvan. Men, lè Jezi te fin

2,22;
14,26

12,1 : Sis jou anvan fèt Pak la, Jezi vin Betani, kote Laza li te fè leve sòti pamì mò yo te rete.

Betani : vle di kay pòv yo.

Laza : non sa a vle di moun ki bezwen èd. Ak konkou Jezi, li te ranpòte viktwa sou lanmò.

Mat : non li vle di metrès kay la. Li reprezante kominote kote renmen an te vin tounen sèvis.

Mari : non li vle di prensès, madanm. Li reprezante kominote a nan rapò li ak Jezi.

12,3-7 : Jès Mari, moun Betani an, montre li menm li renmen Jezi ak tout kè li, e kominote sa a renmen Jezi tou (Pi Bèl Kantik 1,12). Li pare kò Jezi pou lantèman l. Mari, moun Betani an, konprann, epi li aksepte lanmò Jezi kòm prèv li renmen nou jouk nan dènye bout. Men se pa tout moun ki dakò ak sa. Jida Iskaryòt fè kòmsi se moun pòv yo ki enterese l, men se anvi richès li genyen.

12,7-8 : Jezi menm di : « Kite l. Li te sere l pou jou antèman m. Reyèlman vre, nou toujou genyen pòv ak nou, men nou p ap genyen m toutan ». Jezi defann Mari devan Jida, epi li deklare nan kominote kretyen an ap toujou genyen moun pòv. Sa vle di moun pòv yo ap toujou jwenn plas ak diyite yo nan yon kominote kretyen. Anpil fwa moun sèvi ak fraz sa a, pou yo pa chèche chanjman sosyal ki kapab bay tout moun sa yo bezwen, pou yo viv ak tout diyite yo. Men se pa sans fraz la.

12,12-19 : Nan demen, tout kantite foul moun ki te vini nan fèt la, tandé yo tandé Jezi te rive Jerizalèm, pran fèy palmis epi y al rankontre l. Yo t ap rele: Ozana, konpliman pou Sila k ap vini nan non Granmèt la, pou wa Izrayèl la. Pèp la bat bravo pou Jezi kòm Mesi politik ki pou peyi Izrayèl sèlman, poutèt sa yo rele l « Wa Izrayèl

11,47 jwenn glwa l, se atò yo vin sonje tout bagay sa yo, se sou li yo te ekri, epi se bagay sa yo, yo te fè pou li. ¹⁷ Se foul la ki te ak li a, lè li te rele Laza nan kavo a pou li te fè l leve byen vivan pami mò yo, se yo ki t ap sèvi l temwen. ¹⁸ Se poutèt sa, foul la tou t al rankontre l, lè li te tande li te fè mirak sa a. ¹⁹ Farizyen yo t ap di youn ak lòt: «Nou wè, nou pa rive fè anyen. Gade, se tout moun k ap mache dèyè l.»

Jezi anonse glwa l apre lanmò 1

^{7,35} ²⁰ Te gen kèk Grèk nan moun ki te monte vin sèvi Bondye nan fèt la. ²¹ Yo pwoche bò kot Filip, moun Betsayida nan Galile a, yo di l: «Mèt, nou vle wè Jezi.» ²² Filip al di Andre sa. Andre ak Filip al pale Jezi. ²³ Jezi reponn yo: «Lè pou Ptit moun nan jwenn glwa a rive. ^{13,31;} ^{17,1;} ^{lz 53,10;} ^{Mt} Anverite, anverite, mwen di nou, si grenn ble ki tonbe nan tè a pa mouri, li rete sèl pou kont li. Men si l mouri, li donnent anpil. ²⁵ Moun ki renmen lavi l, ap pèdi l. Moun ki rayi lavi l sou tè sa a, ap kenbe l pou lavi ki p ap janm fini an. ²⁶ Si yon moun ap sèvi m, se pou li swiv mwen. Kote mwen ye, se la tou sèvitè m lan va ye. Si yon moun sèvi m, Papa a va konsidere l. ²⁷ Kounye a, nanm mwen boulvèse. Sa mwen ta di: Papa o, sove m anba lè sa a. Men se pou lè sa a menm mwen vini. ²⁸ Papa, fè Non w jwenn glwa.» ^{Mk 8,35;} ^{Lk 17,33} ^{7,34;} ^{14,3;} ^{17,24;} ^{Mt 16,24} ^{16,21;} ^{18,11;} ^{Mk 14,34;} ^{Eb 5,7} ^{16,21;} ^{18,11;} ^{Mk 14,34;} ^{Eb 5,7} ^{Mk 9,7;} ^{Lk 3,22}

Vwala yon vwa sòti nan syèl, la ki di: «Mwen te fè wè glwa m. M ap fè wè l ankò.» ²⁹ Foul moun ki te la yo, ki te tande, t ap di se yon kout loray ki pati. Gen lòt ki t ap di: «Se yon zanj ki sòt pale avè l.» ³⁰ Jezi reponn, li di: «Se pa pou mwen vwa sa a pale, men se pou nou. ³¹ Se kounye a jijman tè sa a. Se

la». Yo pa konprann Jezi se Sovè pou tout moun ki sou tè a, epi li pa vini sèlman pou pèp Jwif la. Jezi ki monte sou ti bourik la prezante tèt li kòm Mesi Bib la te anonse a. L ap vini kòm yon moun pòv (li pa monte sou chwal tankou gwo jeneral lame Women an te konn fè) epi li vini pou li bay lavi l kòm pi gwo sèvis pou tè a.

kounye a yo pral jete chèf tè sa a deyò. ³² Mwen menm, lè yo va leve m anlè sòti sou tè a, mwen va rale tout moun vin jwenn mwen.» ³³ Li te di sa pou montre kijan li te dwe mouri. ³⁴ Foul la reponn li: «Nou tande nan Lalwa a, Kris la ap rete toutan. Kouman fè w di fòk yo leve Ptit moun nan anlè? Ptit moun sa a kilès li ye?» ³⁵ Jezi di yo: «Limyè a nan mitan nou pou yon ti tan ankò. Mache antan nou gen limyè pou fènwa pa bare nou. Moun k ap mache nan fènwa pa konnen kote l prale. ³⁶ Antan nou gen limyè a, se pou nou kwè nan limyè a, pou nou kapab tounen ptit limyè a.»

Jezi fin di sa, li wete kò l, l al kache pou yo.

Jwif yo pa kwè

³⁷ Malgre tout kalite mirak sa yo, li te fè devan yo a, yo pa t kwè nan li. ^{29,1;} ^{Mt 11,20} ³⁸ Konsa se pou pawòl pwofèt Izayi te di a te kapab rive vre:

*Granmèt, kilès ki kwè pawòl nou,
kilès moun Granmèt la te montre fòs
ponyèt li.*

³⁹ Se poutèt sa yo pa t kapab kwè a, paske Izayi di toujou:

⁴⁰ *Li fè je yo pa kapab wè.* ^{Iz 6,} ^{9-10;} ^{Mt 13,14;} ^{T Ap 28,26} *Li fè kè yo vin di, pou yo pa wè nan je yo,*
pou yo pa konprann nan kè yo,
pou yo pa kase tèt tounen, pou mwen ta geri yo.

⁴¹ Izayi te di pawòl sa yo, paske li te wè glwa li a, epi se sou li, li t ap pale. ^{Iz 6,1;} ^{1Kor 10,4}

⁴² Avèk tou sa, ata nan chèf yo te gen yon bon valè ki te kwè nan li. Men yo pa t deklare sa poutèt Farizyen yo, pou yo pa mete yo deyò nan sinagòg

12,20-36: *Te gen kèk Grèk nan moun ki te monte vin sèvi Bondye nan fèt la. Grèk ki te monte pou fèt la se moun ki renmen reliyon Jwif la, menm si yo pa swiv Lalwa Moyiz la nan tout detay li.*

3,14;
8,28;
18,32;
21,19;
Sòm
89,5;
110,4;
Iz 9,6;
Dan
7,14

7,33;
8,12;
9,4;
12,46;
Jer
13,16

11,10;
Ef 5,8;
1Tes
5,5

^{5,44} la. ⁴³ Reyèlman vre, yo te pi renmen glwa nan men moun pase glwa nan men Bondye.

^{13,20;}
^{Mt}
^{10,40} ⁴⁴ Jezi pale fò, li di: « Moun ki kwè nan mwen, se pa nan mwen li kwè, men nan Sila ki voye m lan. ⁴⁵ Epi moun ki wè m, wè Sila ki voye m lan. ⁴⁶ Mwen menm, limyè a, mwen vin sou tè a pou tout moun ki kwè nan mwen yo, pa rete nan fènwa. ⁴⁷ Si yon moun tandemawò mwen san li pa kenbe l, se pa mwen k ap jije l, paske se pa jije mwen

vin jije tè a. Men se sove mwen vin sove tè a. ⁴⁸ Moun ki rejte mwen e ki pa aksepte pawòl mwen yo, li jwenn sa k ap jije li a: Pawòl mwen pale a, se li menm k ap jije l nan dènye jou a. ⁴⁹ Paske se pa pou kont mwen m ap pale, men Papa ki voye mwen an, se li menm ki ban mwen lòd sa pou mwen di ak sa pou m pale. ⁵⁰ Mwen konnen lòd li se lavi ki la pou toutan an. Pawòl mwen pale yo, se jan Papa a di mwen, mwen pale yo. »

^{5,19;}
^{6,57;}
^{7,17}

^{Dtw}
^{31,26;}
^{Jn 6,40;}
^{17,2}

DEZYÈM PATI LEVANJIL JAN AN

Jezi lave pye Apot yo

^{12,12;}
^{Jn 2,4} **13** ¹ Anvan fèt Pak la, Jezi te konnen lè pa l te rive pou li kite tè sa a, pou l janbe al jwenn Papa a. Kòm li te renmen moun pa l yo ki te sou tè a, li renmen yo jis nan dènye bout.

^{Mt}
^{26,20} ² Yo t ap soupe. Dyab la te deja mete lide fè pran l nan kè Jida, pittit Simon Iskaryòt la. ³ Jezi te konnen Papa a te renmèt tout bagay nan men l, epi li te konnen li sòti nan Bondye, l ap tounen kote Bondye. ⁴ Li leve kite soupe a. Li wete manto ki te sou li a. Li pran yon sèvyèt, li mare li nan tay li. ⁵ Lèfini, li vide dlo nan yon kivèt. Li kòmanse lave pye patizan yo. Li siye yo ak sèvyèt li te mare nan tay li a. ⁶ Se konsa li rive sou Simon Pyè ki di l: « Granmèt, se ou menm k ap lave pye m? » ⁷ Jezi pran lapawòl epi li di: « Sa m ap fè a, ou pa konprann li kounye a, w a konprann apre. » ⁸ Pyè di l: « Nan-pwen jou pou w lave pye mwen. » Jezi reponn li: « Si mwen pa lave w, ou p ap

jwenn pa w nan men mwen. » ⁹ Simon Pyè di l: « Granmèt, se pa pye m sèlman, men ni men ni tèt. » ¹⁰ Jezi di l: « Yon moun ki fèk fin benyen, se pye l sèlman li bezwen lave. Tout kò l pwòp nèt. Nou menm, nou pwòp, men se pa nou tout. » ¹¹ Li te byen konnen kilès ki ta pral fè pran li an. Se poutèt sa li di: Se pa nou tout ki pwòp.

^{15,3;}
^{Ef 5,26}

¹² Lè li fini lave pye yo, li mete manto l. Epi li tounen atab. Li di yo: « Nou konprann sa mwen sòt fè pou nou an? ¹³ Nou rele m Pwofesè, Granmèt. Nou gen rezon, se sa mwen ye vre. ¹⁴ Si mwen menm ki Granmèt ak Pwofesè, mwen lave pye n, nou menm tou, fòk youn lave pye lòt. ¹⁵ Se yon egzanp mwen ban nou, pou nou kapab fè menm jan mwen fè pou nou an.

^{Lk}
^{22,27;}
^{1Tm}
^{5,10}

^{1Pyè}
^{5,5;}
^{1Jn 3,16;}
^{Flo 2,5;}
^{Ef 5,2;}
^{Kol 1,13}

¹⁶ Anverite, anverite, mwen di nou, yon sèvitè pa plis pase mèt li. Ni yon moun yo voye pa plis pase moun ki voye li a. ¹⁷ Si nou konnen sa, se chans pou nou, si nou fè sa. ¹⁸ Mwen pa pale

^{Mt}
^{10,24;}
^{Lk 6,40;}
^{Jn 15,20}

^{Sòm}
^{41,10}

DEZYÈM PATI LEVANJIL JAN AN: Jezi pare kominate pa li a, pou li viv nan lafwa mèvèy retou l kay Papa l nan lanmò l ak nan leve li leve byen vivan a.

13,1-17: Anvan fèt Pak la, Jezi te konnen lè pa li te rive pou li kite tè sa a, pou li janbe al jwenn Papa a. Kòm li te renmen moun pa l yo ki te sou tè a, li renmen yo jis nan dènye bout. Lanmò Jezi louvri chemen pou l al jwenn Papa a. Li fè nou konnen renmen dènye degré a ki sans tout lavi l.

Se renmen Jezi a ki fè kominate pa li a kapab swiv li. Nan Levanjil Jan an nou pa jwenn pawòl sou Lekaristi Jezi te di nan dènye soupe a. Men li ranplase pawòl sa yo ak sa nou jwenn ni nan chapit 6 la sou pataj pen an, ni ak lave pye patizan l yo. Lekaristi se renmen nan pataj ak nan sèvis.

Jezi fè travay esklav yo, ni fi ni gason, te konn fè lakay mèt yo. Jès Jezi a se yon lesyon li ye: li montre jan otorite, anndan kominate kreyten an, se sèvis. Se kounye a lè pa Jezi a (Jan 2,2-4).

pou nou tout. Mwen konnen kilès mwen chwazi. Men se pou sa ki ekri a rive vre :

Moun k ap manje pen mwen an leve talon pye l sou mwen.

^{14,29; Mt 24,25} ¹⁹ Mwen di nou sa depi kounye a anvan sa rive, pou lè sa rive, nou kwè mwen se Sila ki la a. ²⁰ Anverite, anverite, mwen di nou : Moun ki resevwa yon moun mwen voye, se mwen li resevwa. Moun ki resevwa m, se Sila a ki voye m lan li resevwa. »

Anons trayizon Jida

Mt 26,21-25; Mk 14,18-21; Lk 22,21-23

^{Mt 26, 21-25; Mk 14, 18-21; Lk 22, 21-23} ²¹ Lè Jezi fin di sa, lespri l boulvèse, li deklare : « Anverite, anverite, mwen di nou, youn nan nou pral fè pran m. » ²² Patizan yo, youn t ap gade lòt. Yo t ap chèche konnen sou kilès li t ap pale a. ²³ Youn nan patizan l yo, sa Jezi te renmen an, te bò tab la tou kole avè l, ²⁴ Simon Pyè fè l siy pou di l : « Mande l pou ki moun li t ap pale. » ²⁵ Se konsa li panche tèt li sou lestomak Jezi pou li di l : « Granmèt, se kilès ? » ²⁶ Jezi reponn : « Se sila mwen pral tranpe ti moso pen ba li a. » Li tranpe yon ti moso pen. Li pran l, li lonje l bay Jida, pittit Simon Iskaryòt la. ²⁷ Lè Jida fin pran ti moso pen an, Satan anpare l. Jezi di l : « Sa w ap fè a, prese fè l. » ²⁸ Pèsonnan moun ki te bò tab yo pa t konnen poukisa li te di l sa. ²⁹ Paske se nan men Jida sikit lajan an te ye, genyen ki te kwè Jezi te vle di l : Achte sa nou bezwen pou fet la. Oubyen li te mande l bay pòv yo kichòy. ³⁰ Kou li fin pran ti moso pen an, li sòti deyò. Se te lannwit. ³¹ Lè Jida fin sòti, Jezi di konsa : « Kounye a Pitit moun nan jwenn glwa, e Bondye jwenn glwa poutèt li. » ³² Si Bondye jwenn glwa nan men l, Bondye pral fè li jwenn glwa nan men pa l tou. ^{7,33} Li pral ba l glwa touswit. ³³ Timoun yo,

mwen avè nou pou yon ti tan ankò. Nou pral chèche m, men m ap di nou sa mwen te di Jwif yo : Kote m prale a, nou pa kapab ale.

³⁴ Mwen ban nou yon kòmandman ^{15,12} tounèf : Se pou youn renmen lòt. Menm jan mwen renmen nou an, se konsa nou menm tou pou nou youn renmen lòt. ³⁵ Se nan sa tout moun va rekònèt nou se patizan m, si nou youn renmen lòt. »

Mt 26,31-35; Mk 14,27-31; Lk 22,31-34

³⁶ Simon Pyè di Jezi : « Granmèt, kote w prale ? » Jezi reponn li : « Kote m prale a, ou pa kapab swiv mwen kounye a, w a swiv mwen pi ta. » ³⁷ Pyè di l : « Granmèt, poukisa mwen pa kapab swiv ou kounye a ? Ata lavi m, m ap bay pou ou. » ³⁸ Jezi reponn : « W ap bay lavi w pou mwen ? Anverite, anverite, mwen di w, anvan kòk chante, w ap deklare twa fwa ou pa konnen m. »

Jezi se chemen ki mennen kay Papa a

14 ¹ « Kè nou pa bezwen boulvèse. ^{Dtw 1, 29-33; Jn 14,27; 16,33} Kwè nan Bondye, kwè nan mwen menm tou. ² Nan kay Papa m lan, gen anpil kote pou moun rete. Si se pa t sa mwen ta di nou li. Se yon plas mwen pral pare pou nou. ³ Lè m a fin al pare yon plas pou nou, m a tounen vin pran nou avè m, pou kote mwen ye se la pou nou ye tou. ⁴ Epitou, kote m prale a, nou konn chemen an. »

⁵ Toma di l : « Granmèt, nou pa konn kote w prale, kouman pou nou ta fè konn chemen an ? » ⁶ Jezi di l : « Se mwen chemen an. Se mwen laverite a. Se mwen lavi a. Pèsonnan pa kapab al jwenn Papa a, san li pa pase nan mwen. ⁷ Si nou te konnen m, nou ta konnen Papa m tou. Depi kounye a nou konnen l, epi nou wè l. »

⁸ Filip di l : « Granmèt, montre nou ^{33,18} Papa a, se va kont nou. » ⁹ Jezi di l :

14,8-11 : Filip di l : « Granmèt, montre nou Papa a, se va kont nou » Patizan l yo pa t kò konprann Jezi se pòtre Bondye toutbon an, se egal Papa a. Kòm li Pitit Bondye, li menm jan ak Bondye.

« Depi toutan sa a m ak nou an, Filip, nou pa konnen m? Moun ki wè m, wè Papa a. Kouman w fè di: Montre nou Papa a? ^{10,38; 17,21} Ou pa kwè mwen nan Papa a, epi Papa a nan mwen? Pawòl m ap di nou yo, yo pa sòti nan mwen. Se Papa a ki rete nan mwen an k ap fè zèv li yo. ¹¹ Nou mèt kwè mwen: Mwen nan Papa a e Papa a nan mwen. Osinon se pou nou kwè pou zèv sa yo menm. ^{M1 21,21} Anverite, anverite, mwen di nou, moun ki kwè nan mwen, zèv m ap fè yo, l ap fè yo li menm tou. E l ap fè zèv ki pi gran toujou, paske mwen pral jwenn Papa a. ^{15,16; 16,24; T Ap 3,16} Nenpòt kisa nou mande o Non mwen, m ap fè l pou Papa a kapab jwenn glwa nan Pitit la. ¹⁴ Si nou mande m kichòy o Non mwen, m ap fè l. ¹⁵ Si nou renmen mwen, se pou nou kenbe kòmandman mwen yo. ¹⁶ Mwen menm, m a mande Papa a e li va ban nou yon lòt avoka pou li ak nou toutan. ¹⁷ Se Lespri Laverite a. Sila a tè a pa kapab resevwa l paske li pa wè l, ni li pa konnen l. Nou menm nou konnen l, paske li rete lakay nou e li anndan nou. ¹⁸ Mwen p ap kite nou san papa san manman. M ap vin jwenn nou. ¹⁹ Nan yon ti kadè konsa, tè a p ap wè m ankò, men nou menm n a wè m, paske m ap viv, nou menm tou n ap viv. ²⁰ Jou sa a nou va konnen m nan Papa m, nou nan mwen, e mwen nan nou. ²¹ Moun ki gen kòmandman mwen yo, epi ki kenbe

<sup>8,21; 16,16
Ap 3,20;
Pvv</sup>

yo, se li ki renmen m. Moun ki renmen m, Papa mwen va renmen l. Mwen menm, m a renmen l tou, epi m a fè l wè m. »

²² Jida—se pa Jida Iskaryòt non—di l: « Granmèt, poukisa se nou menm w ap fè wè w, men se pa tè a? » ²³ Jezi reponn e li di l: « Si yon moun renmen m, li va kenbe pawòl mwen. Papa m va renmen l tou. N ap vini jwenn li, nou va tabli nou lakay li. ²⁴ Moun ki pa renmen m pa kenbe pawòl mwen. Pawòl nou tande a, se pa pawòl pa m, men se pawòl Papa a ki voye m lan. ²⁵ Mwen te di nou sa antan mwen te ansanm avè nou. ²⁶ Avoka a menm, Lespri Sen an, Papa a pral voye nan Non mwen an, se li ki va montre nou tout bagay. E li pral fè nou sonje tou sa mwen te di nou yo. ²⁷ Mwen kite kè poze pou nou. Mwen ban nou kè poze pa m lan. Se pa jan tè a bay li mwen ban nou li, mwen menm. Kè nou pa bezwen boulvèse, kè nou pa bezwen pè. ²⁸ Nou te tande mwen di nou: Mwen prale, epi m ap tounen vin jwenn nou. Si nou te renmen m, nou ta kontan mwen pral jwenn Papa a, paske Papa a pi gran pase m. ²⁹ Mwen di nou sa depi kounye a anvan sa rive, pou lè sa va rive, nou kapab kwè. ³⁰ Pa gen anpil bagay m ap pale ak nou ankò, paske chèf tè a ap vini. Li pa gen okenn pouvwa sou mwen. ³¹ Men fòk tè a konnen mwen renmen Papa a, e sa Papa a

<sup>8,17;
2Kor
6,16;
Ef 3,17</sup>

<sup>14,16;
15,26;
16,13</sup>

<sup>2Tes
3,16;
Wm 5,1;
Ef 2,14;
Fil 4,7</sup>

<sup>13,19;
Fil 2,7</sup>

<sup>Mk
14,41</sup>

14,16-26: Mwen menm, m a mande Papa a, epi l a ban nou yon lòt avoka pou li ak nou toutan, se Lespri Laverite a, Sila a tè a pa kapab resevwa a, paske li pa wè l, ni li pa konnen l. Nou menm nou konnen l, poutèt li rete lakay nou, e li anndan nou. Nan Legliz la, lè sa a, te genyen anpil moun ki te gen wòl pwofèt. Lè yo pale pa pouvwa Lespri Sen an, yo pale menm jan ak pwofèt yo te konn fè anndan kominate pèp Iz-rayèl la. Jezi rele Lespri Sen an Avoka. Yon avoka se yon moun k ap defann yon kòz. Ki defann akize a devan tribunal. Nan epòk sa a te gen yon pakèt Farizen ki te mennen kretyen devan tribunal Women yo pou yo bat yo, mete yo nan prison osinon touye yo (Matye 10,20-23). Men Lespri Sen an ba yo fòs ak kouraj pou yo sèvi Jezi temwen.

14,26: «Avoka a menm, Lespri Sen an, Papa

14,27-31: «Mwen kite kè poze pou nou. Mwen ban nou kè poze pa mwen an. Se pa jan tè a bay li mwen ban nou li mwen menm. Kè nou pa bezwen boulvèse, kè nou pa bezwen pè» Jezi pale sou kè poze ak kè kontan nan moman lanmò l déjà anba pye l. Kè poze se pa sèlman pa gen pwoblèm, pa gen lagè osinon vyolans. Kè poze se gen piyay lavi ki sòti nan Bondye. Lanmò Jezi ban nou kè poze toutbon vre a, kote nou annakò ak Bondye, nou annakò ak frè n ak sè n yo, ni ak tout kreyasyon an.

pase m lòd fè, se sa mwen fè. Leve ! An nou sòti isit la ! »

Jezi pye rezen toutbon vre a

15 ¹ « Mwen se pye rezen toutbon vre a. Papa m se kiltivatè a.

^{Jer 2,21; Iz 5,1; Sòm 80,9} ² Tout ti branch nan mwen ki pa donne, li coupe l. Tou sa ki donnent li netwaye l, pou li kapab donne piplis.

^{Ektik 24,17; Mt 3,10; 15,13; T Ap 15,9; Wm 11,17} ³ Nou menm, nou deja netwaye, grasa pawòl mwen te pale avèk nou an. Rete nan mwen, e mwen rete nan nou.

^{1Kor 12,12} ⁴ Menm jan ti branch lan pa kapab donne pou kont li, si l pa rete nan pye rezen an, se menm jan tou pou nou menm si nou pa rete nan mwen.

^{Ezk 15, 1-8; Mt 3,10} ⁵ Mwen se pye rezen an, nou se ti branch yo. Moun ki rete nan mwen, e mwen nan li, moun sa a ap donne anpil, paske san mwen nou pa kapab fè anyen.

^{Mk 11,24; 1Jn 5,14} ⁶ Si yon moun pa rete nan mwen, y ap jete l deyò tankou ti branch la, l ap vin chèch. Epi y ap ran-

mase yo voye jete nan dife pou yo boule.

^{Mt 5,16; Pp 1,11} ⁷ Si nou rete nan mwen e pawòl mwen yo rete nan nou, mande sa nou vle, n ap jwenn li.

^{14,15; 1Jn 2,5; 5,3} ⁸ Se nan sa pou Papa mwen jwenn glwa, se nan donne nou donne anpil e nan tounen nou tounen patizan m.

⁹ Menm jan Papa a te renmen m, se konsa mwen menm tou mwen te renmen nou. Rete nan ren-

^{16,20; 1Jn 1,4} ¹⁰ Si nou kenbe kòmandman mwen yo, n a rete nan renmen mwen an, menm jan mwen kenbe kòmandman Papa m yo, e mwen rete nan renmen li an.

¹¹ Mwen di nou sa pou kontantman ki nan kè m lan ka-

pab anndan kè nou tou, pou kè nou fin

kontan nèt. ¹² Se sa a ki kòmandman pa m lan : Se pou youn renmen lòt menm jan mwen te renmen nou an.

¹³ Pèsonn pa renmen piplis pase yon moun ki bay lavi l pou zanmi l yo.

¹⁴ Nou se zanmi m, si nou fè sa mwen ban nou lòd pou nou fè a.

^{Lk 12,4; 33,11} ¹⁵ Mwen p ap rele nou sèvitè ankò, paske sèvitè a pa konnen sa mèt li ap fè. Mwen rele nou zanmi, paske tou sa mwen te tande nan bouch Papa m, mwen fè nou konnen l.

¹⁶ Se pa nou ki chwazi m, men se mwen ki chwazi nou. Mwen mete nou la pou n ale, pou nou donne, pou fwi nou an dire.

Konsa, tou sa nou va mande Papa a o Non mwen, li va ban nou li.

¹⁷ Lòd mwen pase nou, se pou youn renmen lòt.

Patizan yo ak tè a

^{Mt 10,22; Mk 13,13; Jn 17,14; 1Jn 3,13} ¹⁸ Si tè a rayi nou, konnen byen li te rayi m anvan nou.

¹⁹ Si nou te moun pa tè a, tè a ta renmen sa ki pou li a. Men nou pa moun pa tè a, paske mwen chwazi nou, mwen wete nou nan tè a, se poutèt sa tè a rayi nou.

²⁰ Sonje pawòl mwen te di nou an : Yon sèvitè pa plis pase mèt li. Si yo pèsekite m, y a pèsekite nou tou. Si yo kenbe pawòl mwen, y a kenbe pawòl nou tou.

²¹ Men y a fè nou tou sa, poutèt Non mwen, paske yo pa konnen Sila a ki voye m lan.

²² Si mwen pa t vini, si mwen pa t pale yo, yo pa ta gen okenn peche. Men kounye a yo pa gen eskiz pou peche yo a.

²³ Moun ki rayi m, rayi Papa m tou.

²⁴ Si nan mitan yo mwen pa t fè zèv okenn lòt moun pa fè, yo pa

ta gen peche. Men kounye a yo te wè,

15,1-6 : « Mwen se pye rezen toutbon vre a, Papa mwen se kiltivatè a ». Jaden rezen se te yon lòt senbòl anndan Bib la, ki reprezante pèp Izrayèl la kòm pèp Bondye (Izayi 5,1). Kounye a Jezi di se li ki pye rezen toutbon vre a. Paske Jwif yo te derefize li kòm moun Bondye voye a, e pou yon pèp tounèf Bondye kòmanse. Bondye Papa se mèt pye rezen an, se li ki travay jaden an. Chak kreyten se yon manm Kris la, li branche dirèk dirèk sou Jezi, li se yon branch pye rezen an.

15,18-27 : Si tè a rayi nou, konnen byen li te rayi mwen anvan nou. Tè a nan levanjil Jan an gen twa sans : Nan yon premye sans, tè a se kreyasyon Bondye te fè a e li bon, se pou nou pran swen li. Nan yon dezyèm sans, tè a se tout moun ki sou latè beni. Li gen yon bon sans tou. Epi nan yon twazyèm sans, tè a se sosyete ki pa kadre ak Levanjil la, nan sans sa a li pa bon, li pa kadre ak pwoje Jezi, li pa kadre ak lavi moun. Se nan move sans sa a yo pale sou tè a nan chapit sa a.

<sup>Sòm
35,19;
69,5</sup> epi yo rayi ni mwen, ni Papa m. ²⁵ Men se pou pawòl la ki ekri nan Lalwa yo, kapab rive: *Yo rayi m pou granmesi.* <sup>14,26;
Mt
10,19;
T Ap
5,32</sup> ²⁶ Lè Avoka m ap voye sòt nan Papa a ban nou an va vini, Lespri Laverite a ki sòti nan Papa a, se li menm ki va sèvi m temwen. ²⁷ Nou menm tou n a sèvi m temwen, paske nou avè m depi nan kòmansman. »

<sup>9,22;
T Ap
26,
9-11</sup> **16** « ¹ Mwen di nou sa pou nou pa bite. ² Yo pral mete nou deyò nan sinagòg yo. Epi lè a va rive kote nenpòt moun ki touye nou, va konprann se sèvi l ap sèvi Bondye. ³ Yo pral fè sa, paske yo pa konnen ni Papa a ni mwen menm. ⁴ Mwen di nou sa, pou kou lè pa yo rive, nou sonje mwen te di nou sa.

Lè Avoka a ap vini

Mwen pa t di nou sa depi nan kòmansman, paske mwen te avè nou. ⁵ Kounye a mwen pral jwenn Sila ki te voye m lan. Nou youn pa mande m: ^{14,1} Kote w prale? ⁶ Men paske mwen di nou sa, chagren anvayi kè nou. ⁷ Men sa m ap di nou an se laverite: li nan avantaj nou pou m ale. Reyèlman vre, si mwen pa ale, Avoka a p ap vin jwenn nou. Men si m ale, m ap voye l ban nou. ⁸ Vini li vini, l ap pote prèv kont tè a sou afè peche a, sou afè jistis la ak sou afè jjiman an. ⁹ Sou afè peche a, paske yo pa kwè nan mwen. ¹⁰ Sou afè jistis la, paske mwen pral jwenn Papa a, e nou p ap wè m ankò. ¹¹ Sou afè jjiman an, paske chèf tè sa a fin kondane. ¹² Mwen gen anpil bagay pou

mwen di nou toujou, men se twòp chay pou nou pote kounye a.

¹³ Lè Lespri Laverite a va vini li menm, li va mete nou nan wout tout laverite a. Li p ap pale pawòl pa l, men l ap di sa l tandé. E l ap fè nou konnen sa ki pral rive. ¹⁴ Se li menm ki pral bay glwa pou mwen, paske se nan men mwen l ap pran sa li pral fè nou konnen an. ¹⁵ Tou sa Papa a genyen se pou mwen. Se poutèt sa mwen di nou se nan men mwen, l ap pran, e l ap fè nou konnen. ^{17,10}

Jezi anonse l ap tounen touswit

¹⁶ Yon ti kadè konsa nou p ap wè m ankò, epi yon lòt ti kadè ankò nou va wè m. »

¹⁷ Kèk nan patizan l yo t ap di antre yo: « Sa l ap di nou konsa : Yon ti kadè konsa nou p ap wè m ankò, epi yon lòt ti kadè ankò nou va wè m? Epi: Mwen pral jwenn Papa a? » ¹⁸ Konsa yo t ap di: « Sa li vle di lè li di: Yon ti kadè konsa? Nou pa konprann sa l ap di. »

¹⁹ Jezi te konnen yo te vle mande l yon kesyon, li di yo: « Poukisa n ap diskité youn ak lòt paske mwen di: yon ti kadè konsa nou p ap wè m ankò, epi yon lòt ti kadè ankò nou va wè m? ²⁰ Anverite, anverite, mwen di nou: Nou menm, nou pral kriye, nou pral fè rèl. Tè a menm pral kontan. Nou menm menm, nou pral chagren, men chagren nou an pral tounen kè kontan. ²¹ Lè yon madanm prêt pou akouche, li chagren paske lè li rive sou jou li. Men lè li fè timoun nan, li pa sonje soufrans li ankò, <sup>Lk 5,35;
Ap
11,10</sup>

<sup>Iz
26,17;
Wm
8,22</sup>

16,8-12: « *Vini li vini, l ap pote prèv kont tè a sou afè peche a, sou afè jistis la ak sou afè jjiman an.* » Lespri Sen an montre aklè kouman peche a se derefize travay Bondye nan Jezi Kri ak nan patizan l yo te fè a. *Sou zafè jistis la :* se Jezi ki te fè jistis Bondye boujonnen sou tè a. Li la, epi l ap aji nan moun k ap sèvi temwen pou li. *Sou zafè jjiman an :* nan Jezi, Bondye te kondane chèf tè sa a, ki te kondane Jezi e ki toujou chèche kondane moun ki fè menm travay ak Jezi. Jijman Bondye mete lide moun tèt anba.

Konsa lanmò Jezi vin tounen lavi, e moun ki te kondane l yo se yo menm Lespri a kondane kounye a.

16,16-24: « *Yon ti kadè konsa nou p ap wè m ankò, epi yon lòt ti kadè ankò n a wè m.* » Lanmò Jezi pral bay patizan l yo anpil chagren paske yo p ap wè l ankò. Men se yon lanmò ki bay anpil bon rezulta, paske li pral bay kè kontan. Nan Lespri Sen an Jezi pral genyen yon prezans tounèf nan kominate a.

<sup>1Kor
3,1;
T Ap
1,4</sup>

pou kontantman li genyen, paske yon moun fèt sou tè a.²² Nou menm tou, kounye a nou gen lapenn. Men m ap tounen wè nou ankò, e kè nou va kontan. E kontanman nou an, pèsonn p ap wete l nan men nou.²³ Jou sa a, nou p ap mande m okenn kesyon ankò.

Anverite, anverite, mwen di nou, nenpòt sa nou va mande Papa a, li va ban nou li o Non mwen.²⁴ Jis kounye a nou pa t mande anyen o Non mwen. Mande, nou va jwenn. Konsa kè nou va fin kontan nèt.²⁵ Mwen te di nou tou sa anparabòl. Lè a rive pou mwen pa pale avè n anparabòl ankò, men se aklè mwen pral pale avè n sou Papa a.²⁶ Jou sa a n a mande o Non mwen, men mwen pa di nou se mwen ki pral mande Papa a pou nou.²⁷ Li menm Papa a, li renmen nou, paske nou renmen mwen e nou kwè se nan Bondye mwen sòti.²⁸ Mwen sòti nan Papa a, epi mwen vin sou tè a. Kounye a m ap kite tè a pou m al jwenn Papa a.»

²⁹Patizan I yo di l: «Men kounye a w ap pale aklè, ou pa di okenn parabòl.³⁰ Kounye a nou konnen w konn tout bagay, e ou pa bezwen pèsonn mande w okenn kesyon. Se pou sa nou kwè se nan Bondye w sòti.»³¹ Jezi reponn yo : «Kounye a nou kwè? ³²Men lè a rive, li fin rive, nou pral gaye, chak moun bò pa l, e nou pral kite m sèl pou kont mwen. Men mwen pa sèl pou kont

Zak
13,7;
Mt
26,31;
Lk
22,31

17,1-2 : *Lè Jezi fin di sa, li leve je l anlè nan syèl la, li di : «Papa o, lè a rive, bay Pitit ou glwa, pou Pitit la kapab ba w glwa».* Levanjil Jan an pa ban nou lapriyè Papa nou ki nan syèl la, men nou ka di chapit 17 la reprezante lapriyè sa a. Se yon lapriyè Jezi fè ak tout konfyans li, lè li bay tèt li pou Peyi kote Bondye Wa a, pou l bay moun lavi epi lavi an kantite. Pou yon kretyen lavi l gen sans, lè li pran yon angajman toutbon ak Bondye, epi ak moun, jan Jezi te fè a.

17,3-5 : *Lavi ki p ap janm fini an, se sa li ye : Se pou yo konnen ou menm, sèl Bondye toutbon vre a ak Sila ou voye a, Jezi Kri.* Bondye Papa ki renmen moun gratis san limit, se li sèl ki Bondye toutbon vre a. Li ban nou sèl gress Pitit li a, li ban nou lavi, lavi ki pa janm fini an. Nenpòt pouvwa a ki pa sòti pou l bay moun yo lavi

mwen paske Papa a avè m.³³ Mwen di nou sa pou nou kapab jwenn kè poze nan mwen. N a jwenn soufrans sou tè a, men kouraj! Mwen genyen batay la kont tè a.»

14,27;
2Tm
3,12;
Wm
8,37;
1Tes
1,6;
2Tes
1,4

Lapriyè Jezi pou Apot yo ak pou patizan I yo

17 ^{11,41;} ^{12,23;} ^{13,1} *Lè Jezi fin di sa, li leve je l anlè nan syèl la, li di : «Papa o, lè a rive, bay Pitit ou glwa, pou Pitit la kapab ba w glwa.* ²Menm jan w te ba li pouvwa sou tout moun, se pou tou sa w te ba li yo, li fè yo jwenn lavi ki p ap janm fini an.³ Lavi ki p ap janm fini an, se sa li ye : Se pou yo konnen ou menm, sèl Bondye toutbon vre a ak Sila w voye a, Jezi Kri.

5,21;
6,39;
Mt
28,18

Saj
15,3;
Jer
24,7;
31,34;
Ezk
36,25

⁴ Mwen ba w glwa sou tè a, mwen fin fè travay ou te ban m fè a.⁵ Kounye a, Papa, se ou menm ki pou ban m glwa. Se menm glwa mwen te genyen bò kote w la anvan tè a te fèt.⁶ Moun ou te wete nan tè a pou w te ban mwen yo a, mwen montre yo Non w. Yo te pou ou, ou te ban mwen yo. Yo kenbe pawòl ou a.⁷ Kounye a, yo konnen tou sa w ban mwen se nan ou li sòti.⁸ Paske mwen te ba yo pawòl ou te ban mwen yo, yo aksepte yo. Yo konnen reyèlman vre se nan ou mwen sòti, epi yo kwè se ou ki voye mwen.⁹ Mwen lapriyè pou yo. Mwen pa lapriyè pou tè a, men pou moun ou te ban mwen yo, paske se pou ou yo ye.¹⁰ Tou sa ki pou mwen,

1,1;
8,58;
Flp 2,6

3,13;
Sòm
22,23;
Eb 2,12

3,16;
12,31;
1Jn 2,16

kapab tounen yon ziddòl. Moun toutbon vre a se sila a ki louvri kè l ni bay Bondye lavi a, ni bay frè ak sè l, menm jan ak Jezi.

17,6-10 : *«Moun ou te wete nan tè a pou w te ban mwen yo a, mwen montre yo Non w. Yo te pou ou, ou te ban mwen yo. Yo kenbe pawòl ou a».* Nan vèsè sa a tè a gen sans soyete ki chita sou lenjistis, magouy, legoyis, peze souse, egal yon soyete peche ki pa cadre ak Levanjil Jezi Kri a (nòt Jan 15,18-27). Patizan Jezi yo pral kontinye misyon Jezi a, epi menm jan ak Jezi, yo dwe koupe rapò ak vye lide sa yo k ap dirije soyete a. Misyon yo poutan se pa sòti kite «tè a», men se fè youn, se rete prezan nan mitan soyete a, pandan y ap travay pou lavi. Pou yo kapab wete kò yo nan vye sistem sa a, fòk yo rete tèt kole youn ak lòt, pou yo sèvi Jezi temwen.

se pou ou. Tou sa ki pou ou, se pou mwen. Epi mwen jwenn glwa nan yo.
11 Mwen pa sou tè a ankò. Men yo menm, yo sou tè a. Mwen menm, se ou mwen pral jwenn.

Papa ki sen, kenbe sa w te ban mwen yo nan Non w, pou yo kapab fè youn tankou nou. **12** Lè mwen te avè yo, mwen te kenbe yo nan Non w, yo menm ou te ban mwen an. Mwen te veye sou yo. Pa yon sèl nan yo pa pèdi, sòf nèg ki te la pou li pèdi a, konsa pou sa ki ekri a te kapab rive. **13** Kounye a m ap vin jwenn ou. Mwen di sa antan mwen sou tè a, pou kè kon tan m lan kapab fin plen yo nétale.

14 Mwen te ba yo pawòl ou a. Tè a rayi yo, paske yo pa moun pa tè a, tankou mwen pa moun pa tè a. **15** Mwen pa mande pou w wete yo sou tè a, men pou w pwoteje yo kont Malveyan an. **16** Yo pa moun pa tè a, menm jan mwen menm mwen pa moun pa tè a. **17** Mete yo apa nan laverite, pawòl ou se laverite.

18 Menm jan ou te voye m sou tè a, se konsa mwen voye yo sou tè a tou. **19** Se pou yo mwen mete tèt mwen apa, pou yo menm tou yo kapab apa nan laverite. **20** Se pa pou yo menm sèl mwen lapriyè. Men pou tout moun ki va kwè nan mwen poutèt pawòl yo a. **21** Pou yo tout fè youn, menm jan, Papa, ou nan mwen, e mwen nan ou, dekwa

17,11-19: Mwen pa sou tè a ankò, men yo menm yo sou tè a. Mwen menm, se ou mwen pral jwenn.

Papa ki sen, kenbe nan Non w sa w te ban mwen yo, pou yo kapab fè youn tankou nou. Bondye Papa va bay patizan l yo pwoteksyon pou yo pa soumèt tèt yo devan yye sosyete peché a. Sistèm sa a ki te rayi Jezi, paske li pa t kapab sipòte sosyete tounèf Jezi te vin ban nou an. Se li menm ki pral rayi patizan Jezi yo tou.

17,20-26: Se pa pou yo menm sèl mwen lapriyè, men pou tout moun ki va kwè nan mwen poutèt pawòl yo. Poutèt temwayaj patizan l yo, anpil moun pral kwè nan Jezi, epi yo pral mache ak Jezi. Jezi lapriyè pou yo tou.

18,1-2: Lè Jezi fin di sa, li sòti ak patizan l yo, y al lòtbò ravin Sedron an, kote ki te gen yon

pou yo menm tou yo kapab nan nou. Se konsa tè a va kwè se ou menm ki voye m.

22 Glwa ou ban mwen an, mwen ba yo li, pou yo kapab youn tankou nou menm nou youn. **23** Mwen nan yo, e ou menm, ou nan mwen, pou yo kapab fin youn nèt. Konsa tè a va konnen se ou ki voye m, epi ou renmen yo tankou ou renmen m. **24** Papa, sa w ban mwen yo, mwen vle pou kote mwen ye yo la avè m tou, pou yo wè glwa ou te ban mwen an, paske w renmen m depi anvan kòmansman tè a.

25 Papa ki kòrèk la, tè a pa konnen w. Mwen menm, mwen konnen w, e sila yo rekonèt se ou ki voye m. **26** Mwen fè yo konnen Non w. M ap fè yo konnen I ankò, pou renmen w genyen pou mwen an pase nan yo, e pou mwen tou, mwen nan yo. »

Arestasyon Jezi

Mt 26,30-36; Mk 14,26-32; Lk 22,39

18 **1** Lè Jezi fin di sa, li sòti ak patizan l yo, y ale lòt bò ravin Sedron an, kote ki te gen yon jaden. Li antre ladan l ak patizan l yo. **2** Jida, ki ta pral fè pran li an, te konnen kote a tou, paske Jezi te konn reyini la souvan ak patizan l yo.

Mt 26,47-56; Mk 14,43-52; Lk 22,47-53

3 Konsa Jida pran bann sòlda yo ak kèk gad chèf prèt yo ak Farizyen yo te

1Kor 6,17;
Gal 2,20;
Ef 1,4;
12,26;
Jen 45,13

Wm 8,39

Mt 26,
30,36;
Mk 14,
26,36;
Lk 22,
22,39;
2Sam
15,23

Mt 26,
47-56;
Mk 14,
43-52;
Lk 22,
47-53

jaden. Li antre ladan l ak patizan l yo. Premye fwa Levanjil Jan an pale sou jaden an. Se nan jaden sa a yo pral met men sou Jezi. Nan yon jaden y ap antere l (19,41), epi nan jaden sa a l ap leve byen vivan e l ap paret devan Mari moun Magdala a. Jaden an fè n sonje Paradi nan Jenèz la. Se yon senbòl pou montre Jezi se Adan tounèf la. Bondye te mete moun yo deyò nan jaden paradi a akòz peche yo. Kounye a, Jezi antre nan jaden an pou l bay lavi l, epi pou l ranpòte viktwa sou fòs fènwa ak lanmò.

18,3-5: Konsa, Jida pran bann sòlda yo ak kèk gad chèf prèt yo ak Farizyen yo te ba li. Li rive la ak fanal, ak flanbo, ak zam. Jezi menm ki te konnen sa ki ta pral rive l, sòti pou l di yo : «Ki moun n ap chèchè?» Pa gen yon moun ki kapab met men sou Jezi, si l pa vle. Se li ki fè premye pa a.

ba li. Li rive la ak fanal, ak flanbo, ak zam.⁴ Jezi menm ki te konnen sa ki ta pral rive l, sòti pou li di yo : « Ki moun n ap chèche ? »⁵ Yo reponn li : « Jezi, nèg Nazarèt la. » Li di yo : « Se mwen menm. » Jida ki te pral fè pran li an te la nan mitan yo.⁶ Kou Jezi di yo : ‘Se mwen menm’ nan, yo rale kò yo dèyè, yo tonbe atè.⁷ Li tounen mande yo : « Ki moun n ap chèche ? » Yo di l : « Jezi, nèg Nazarèt la. »⁸ Jezi reponn : « Mwen di nou, se mwen menm. Konsa, si se mwen n ap chèche, kite moun sa yo ale. »⁹ Se pou pawòl li te di a kapab rive : *Mwen pa pèdi yon sèl nan sa w te ban mwen yo.*

^{6,39;}
^{10,28;}
^{17,12} <sup>Mk
10,38;
Jn
12,27</sup> <sup>Sòm
27,2</sup> ^{10,24;}
^{10,25;}
^{10,26;}
^{10,27} Simon Pyè te gen yon manchèt, li rale l, li frape sèvitè Prèt anchèf la. Li koupe bout zòrèy dwat li. Yo te rele sèvitè a Malkis.¹¹ Jezi di Pyè : « Mete manchèt la nan fouwo l. Vè Papa a ban mwen an, pou mwen pa bwè l ? »

Jezi devan An ak Kayif

^{11,50} ¹² Bann sólda yo menm, kòmandan an ak gad Jwif yo, met men sou Jezi, yo mare l.¹³ Yo mennen l devan An anvan. Se te bòpè Kayif ki te Prèt anchèf lane sa a.¹⁴ Se Kayif ki te bay Jwif yo kònsèy sa a : Li pi bon pou se yon sèl moun ki mouri pou pèp la.

Mt 26,58.69-70; Mk 14,54.66-68; Lk 22,54-57

¹⁵ Simon Pyè ak yon lòt patizan t ap swiv Jezi. Patizan sa a te yon moun Prèt anchèf la te konnen. Konsa li antre

Li sòti, li di yo : « Ki moun n ap chèche ? » Pèsonn pa gen dwa arete Jezi. Yo fè l prizonye paske li bay pwòp lavi l, pou l fè, jis nan dénye bout, misyon Papa a te konfyé li a : fè Peyi kote Bondye Wa a kòmanse sou tè a.

18,6-7 : Kou Jezi di yo : *Se mwen menm nan, yo rale kò yo dèyè. Yo tonbe atè. Se mwen menm* se non Yave, Bondye Delivrans lan (Egzòd 3,14). Menm jan pèp Ansyen Kontra a pa t kapab sipòte gade figi Yave, kounye a gad Tanp yo ak sólda yo tonbe atè devan figi Jezi, Nèg Nazarèt la, prezans Bondye delivrans lan.

18,8-9 : Jezi reponn : « Mwen di nou, se mwen menm. Konsa, si se mwen n ap chèche, kite moun sa yo ale. » Jezi pran swen patizan l yo.

ansanm ak Jezi nan lakou Prèt anchèf la.¹⁶ Pyè menm te rete deyò, bò baryè a. Lòt patizan an, sa Prèt anchèf la te konnen an, sòti, li pale ak fi ki nan baryè a, li fè Pyè antre.¹⁷ Sèvant ki nan baryè a di Pyè konsa : « Pou di, ou menm tou, ou pa youn nan patizan nèg sa a ? » Pyè reponn : « Non, mwen pa ladan. »¹⁸ Moun ki t ap sèvi nan kay la ak gad yo, te fè yon dife chabon paske li te fè frèt. Yo t ap chofe kò yo. Pyè te la tou ansanm ak yo, li t ap chofe kò l tou.

Mt 26,59-66; Mk 14,55-64; Lk 22,66-71

¹⁹ Prèt anchèf la mande Jezi kesyon sou patizan l yo, ak sou sa li te konn montre.²⁰ Jezi reponn li : « Mwen te pale aklè devan tout moun. Mwen te toujou montre anpil bagay nan sinagòg yo, ak nan Tanp lan kote tout Jwif konn reyini an. Mwen pa t di anyen ankachèt,²¹ poukisa w ap mande m kesyon ? Mande moun ki te tande ki sa mwen te di yo. Yo menm yo byen konnen sa m te di. »²² Lè li fin di sa, youn nan gad ki te la yo, pase Jezi yon souflèt, li di l : « Se konsa w reponn Prèt anchèf la ? »²³ Jezi reponn li : « Si mwen mal pale, montre m sa mwen di ki mal la. Men, si mwen byen pale, poukisa w frape m ? »²⁴ Apre sa, An voye l tou mare bay Kayif, Prèt anchèf la.

<sup>T Ap
23,2</sup>

Mt 26,71-75; Mk 14,69-72; Lk 22,58-62

²⁵ Simon Pyè te la, li t ap chofe kò l. Yo di l : « Pou di, ou menm tou, ou pa

Li se zanmi toutbon. Nan menm moman y ap kondi l nan lanmò l, li pa sonje pwòp tèt li, se lòt yo li wè.

18,13-27 : Yo mennen l devan An anvan. Se te bòpè Kayif ki te Prèt anchèf lane sa a. Lè sa a Kayif te Prèt anchèf nan Tanp Jerizalèm lan. Lè An te fini manda l, li te pase pouvwa a bay Kayif, bofis li. Men li te kenbe gwo otorite ak privilèj nan men l toujou. Jezi se yon nèg vanyan. Li pa pè devan otorite yo. Li pale kare ak yo.

18,22 : Lè li fin di sa, youn nan gad ki te la yo, pase Jezi yon souflèt. Li di l : « Se konsa w reponn Prèt anchèf la ? ». Levanjil la pa di anyen sou jij-man nan kay Kayif la. Li vle montre nou yo te deside lanmò Jezi anvan yo jije l (Jan 11,49-53).

youn nan patizan l yo?» Li menm li nye, li di: «Non, mwen pa ladan.»²⁶ Youn nan moun k ap sèvi lakay prêt anchèf la, ki te fanmi nèg Pyè te coupe zòrèy li a, di l: «Se pa ou mwen te wè avè l nan jaden an?»²⁷ Pyè tounen di non. Menm moman an, yon kòk mete chante.

Jezi devan Pilat

Mt 27,1-2.11-26; Mk 15,1-15; Lk 23,1-7.13-25

<sup>Mt 27,
2.11-26;
Mk 15,
1-15;
Lk 23,
1-7;
23,13-
25;
11,55</sup> <sup>3,32;
8,47;
10,26;
1Tm
6,13</sup> Yo mennen Jezi sòti lakay Kayif al nan palè a. Se te gramm maten. Yo pa antre nan palè a pou yo pa sal, defason pou yo kapab manje manje Pak la.²⁸ Pilat sòti al jwenn yo deyò a, li di yo: «Ki plent nou vin fè pou nèg sa a?»²⁹ Yo reponn li: «Si li pa t yon malfektè, nou pa ta lage l nan men w.»³⁰ Pilat di yo: «Pran li nou menm, jije l dapre Lalwa nou an.» Jwif yo di l: «Nou pa gen dwa touye pèsonn.»³¹ Konsa, se pou pawòl Jezi te di pou li montre kijan li ta pral mouri a, te kapab rive.

<sup>6,15;
12,32;</sup> <sup>1Kor
1,23;
Lk
23,11</sup> <sup>1,29,36;
Iz 53,4</sup> <sup>3,14;
12,33</sup> Pilat tounen antre nan palè a, li rele Jezi, li di l: «Èske w se wa Jwif yo?»³² Jezi reponn: «Èske ou di sa pou kont ou, oubyen èske se lòt moun ki di w sa sou mwen?»³³ Pilat reponn: «Èske mwen se Jwif, mwen menm? Pèp ou a, ak chèf prêt yo lage w nan men m, sa w fè?»³⁴ Jezi reponn: «Peyi

kote mwen Wa a pa fè pati tè sa a. Si Peyi kote mwen Wa a te fè pati tè sa a,³⁵ gad mwen yo ta goumen pou yo pa lage m nan men Jwif yo. Men Peyi kote mwen Wa a se pa isit la li ye.»³⁶ Pilat di l: «Bon, konsa ou se wa?» Jezi reponn: «Se ou ki di se wa mwen ye. Mwen menm se pou sa mwen fèt, se pou sa tou mwen vin sou tè a, pou mwen sèvi laverite a temwen. Tout moun ki patizan laverite koute vwa m.»³⁷ Pilat di l: «Sa sa ye laverite?» Kou li fin di sa, li sòti deyò ankò al jwenn Jwif yo, li di yo: «Mwen pa jwenn okenn kòz nan li.»³⁸ Men se lakoutim lakay nou pou mwen lage yon moun ban nou pou fèt Pak la, èske nou vle mwen lage ‘wa Jwif yo’ ban nou?»³⁹ Yo pran rele ankò pou yo di: «Pa li menm, men Barabas.» Barabas la se te yon atoufè.

Mt 27,27-31; Mk 15,16-20

19 <sup>1Kor
1,23;
Lk
23,11</sup> <sup>Mt 27,
27-31;
Mk 15,
16-20</sup> <sup>1,29,36;
Iz 53,4</sup> <sup>T Ap
3,14</sup> ^{1Se konsa Pilat pran Jezi, li fè kale l. 2Sòlda yo trese yon kouwòn ak pikan, yo mete l sou tèt li, epi yo vlope l ak yon manto wouj. 3Yo mache sou li, yo t ap di: «Bonjou wa Jwif yo.» Yo ba li souflèt.}

⁴ Pilat tounen sòti deyò, li di yo: «Men li, mwen mennen li deyò a ban nou, pou nou byen konnen mwen pa jwenn okenn kòz nan li.»⁵ Lè sa a Jezi

18,28-30: «Yo mennen Jezi sòti lakay Kayif al nan palè a. Se te gramm maten. Yo pa antre nan palè a pou yo pa sal, defason pou yo kapab manje manje Pak la.» Pons Pilat te youn nan gouvenè Women yo te mete nan Jide. Reprezantan pouvwa reliye a (Chèf Jwif yo) bay reprezantan pouvwa politik la (Pilat) presyon pou yo regle ka Jezi, nèg Nazarèt la.

18,31: Pilat di yo: «Pran li nou menm, jije l dapre Lalwa nou an.» Jwif yo di l: «Nou pa gen dwa touye pèsonn.» Jwif yo te kapab regle afè pèp la. Men yo pa t gen otorizasyon kondane amò. Poutèt sa y al chèche Pilat, gouvenè Women an. Yo konnen li kapab kondane Jezi pou l mouri, si yo ta fè presyon sou li, menm si li rekonèt Jezi inosan.

18,33-38: Jezi reponn: «Peyi kote mwen Wa a pa fè pati tè sa a. Si Peyi kote mwen Wa a te fè pati tè sa a, gad mwen yo ta goumen pou yo pa lage m nan men Jwif yo. Men Peyi kote mwen Wa

a se pa isit la li ye.» Jezi di wi, li wa. Men reyalite pa l pa menm ak reyalite pa moun ki wa sou tè a. Poutèt fraz sa a, anpil fwa moun konprann Wayòm Bondye a se pa yon reyalite pou tè a, men se yon reyalite pou nou viv nan syèl la, aprè lanmò. Men Jezi pa di sa. Li di li pa wa menm jan ak wa ki sou tè a. Men Peyi kote Bondye Wa a dwe kòmanse depi sou tè a, epi l ap rive ak tout bèle l nan finisman listwa.

18,38-40: Yo pran rele ankò pou yo di: «Pa li menm, men Barabas.» Barabas la se te yon atoufè. Barabas se te senbòl tout mouvman revòlt kont Women yo, mouvman k ap chèche yon liberasyon nasyonalis ak politik. Men nan fason yo aji, yo bay vyolans jarèt.

19,1-3: Se konsa Pilat pran Jezi, li fè kale l. Si Pilat te rekonèt Jezi inosan, poukisa li fè kale l? Se yon fason pou l fè Jwif yo plezi, epi pou l lage Jezi. Men li twonpe l nèt.

sòti deyò ak kouwòn pikan an, ak man-to wouj la sou li. Pilat di yo : « Men nonm nan ! » ^{Lev 24,16; Jn 5,18} ^{Sòm 82; Saj 6,3; Wm 13,1} ⁶Lè chèf prèt yo ak gad yo wè l, yo pran rele : « Kloure l sou kwa ! Kloure l sou kwa ! » Pilat di yo : « Pran li nou menm, kloure l sou kwa, paske mwen menm mwen pa jwenn okenn kòz nan li. » ⁷Jwif yo reponn li : « Nou gen Lalwa pa nou. Dapre Lalwa nou an, fòk li mouri, paske li fè tèt li pase pou Ptit Bondye. » ⁸Lè Pilat tande pawòl sa a, li vin pi pè toujou. ⁹Li tounen antre nan palè a, li di Jezi : « Ki kote w sòti ? » Men Jezi pa ba li repons. ¹⁰Pilat di l : « Ou pa vle pale avè m ? Ou pa konnen mwen gen pouvwa lage w, ni tou, mwen gen pouvwa kloure w sou kwa ? » ¹¹Jezi reponn : « Ou pa ta gen okenn pouvwa sou mwen si pouvwa yo ba ou a pa t sòti anwo. Se pou sa, moun ki lage m nan men w lan fè yon pi gwo peche. »

Kondanasyon amò

¹²Poutèt sa Pilat t ap chèche lage l. Men Jwif yo mete rele pou yo di : « Si w lage nèg sa a, ou pa zanmi Seza. Tout moun ki fè tèt li pase pou wa, li kont Seza. » ¹³Lè Pilat tande sa, li mennen Jezi deyò, li chita sou tribal la, yon kote yo rele Lakou Pave, nan lang ebre se Gabata. ¹⁴Se te jou preparasyon fèt Pak la, li te vè midi konsa. Pilat di Jwif yo : « Men wa nou an ! » ¹⁵Men yo mete rele : « Disparèt li ! Disparèt li ! Kloure l

19,7-8 : « Nou gen Lalwa pa nou. Dapre Lalwa nou an, fòk li mouri, paske li fè tèt li pase pou Ptit Bondye. Lè Pilat tande pawòl sa a, li vin pi pè toujou ». Jwif yo jwenn yon eskiz nan Lalwa Bondye a pou yo touye moun Bondye voye a.

19,12-14 : Poutèt sa Pilat t ap chèche lage l. Men Jwif yo mete rele pou yo di : « Si w lage nèg sa a, ou pa zanmi Seza. Tout moun ki fè tèt li pase pou wa, li kont Seza. ». Yo chanje akizasyon relijie (li fè tèt li pase pou Ptit Bondye) pou yon akizasyon politik (li vle wa). Yo rive jouk yo pa rekonèt Yave kòm sèl wa yo (1Sam 8,7). Konsa yo mete ansanm ak pwòp lènmi pa yo, pou yo fè touye Jezi. Pwoblèm Pilat se pwoblèm yon moun ki chita nan yon sistèm kote lenjistis blayi. Pou li kenbe pouvwa a, oswa li pèdi pozisyon l, oswa li sakrife yon inosan. Se konsa bagay la ye pou tout moun ki pa viv nan laverite.

sou kwa ! » Pilat di yo : « Pou mwen kloure wa nou an sou kwa ? » Chèf prèt yo reponn : « Nou pa gen lòt wa pase Seza ! »

Mt 27,26; Mk 15,15; Lk 23,24-25

16 Se lè sa a li lage Jezi nan men yo pou yo kloure l sou kwa.

Jezi sou kwa

Konsa yo pran Jezi, yo mennen I ale. ¹⁷Jezi li menm t ap pote kwa l, li mache sòti al kote yo rele Zo Tèt la, an ebre yo rele l Gòlgota. ¹⁸Se la yo kloure l sou kwa ak de lòt moun, youn chak bò, Jezi menm nan mitan. ¹⁹Pilat te fè ekri yon afich mete sou tèt kwa a. Men sa yo te ekri : Jezi, moun Nazarèt la, wa Jwif yo. ²⁰Afich sa a menm anpil Jwif te li l, paske kote yo te kloure Jezi sou kwa a, te pre lavil la. Epi li te ekri nan lang ebre, nan lang laten ak nan lang grèk. ²¹Chèf prèt Jwif yo di Pilat konsa : « Pa ekri ‘wa Jwif yo’, men ‘nèg sa a di mwen se wa Jwif yo.’ » ²²Pilat reponn : « Sa mwen fin ekri a, mwen fin ekri l. »

Mt 27,35; Mk 15,24; Lk 23,34

²³Lè sòlda yo fin kloure Jezi sou kwa a, yo pran rad li, yo fè kat pòsyon avè l, yon pòsyon pou chak sòlda. Yo pran wòb li a tou. Se te yon wòb san kouti, li te fèt ak yon sèl mòso twal depi anwo

^{Mt 27,31-33; 27,37-38; Mk 15, 20-27; Lk 23, 33,38; Jen 22,6}

^{Iz 53,12}

^{18,33}

^{Mt 27,15; Mk 15,24; Lk 23,24}

19,14-16 : Se te jou preparasyon fèt Pak la, li te vè midi konsa. Pilat di Jwif yo : « Men wa nou an ! » Jou preparasyon fèt la, vè midi, Prèt nan Tanp lan te konn kòmanse touye mouton, pou fèt pak la, ki te fè yo sonje lè pèp la t ap sòti Lejip la. Nan menm moman sa a, chèf Jwif yo bay Bondye do pou fè zanmi ak pwòp lènmi pa yo. Nan menm moman sa a tou, yo fè Pilat kondane Jezi, Mouton Bondye a.

19,17-18 : Jezi li menm t ap pote kwa l, li mache sòti al kote yo rele Zo Tèt la, an ebre yo rele l Gòlgota. Levanjil Jan an pa nonmen Simon moun Sirèn nan, ki te ede Jezi pote kwa a. Li vle montre Jezi monte sou mòn Kalvè a ak pwòp volonté pa l. Nan Levanjil Jan an kwa a se fotèy kote Jezi Wa a bay lavi l. Se sous lavi nou e se yon egzanp pou nou.

^{Sòm 22,19} jis anba. ²⁴ Youn t ap di lòt: « Pinga nou chire l, pito nou tire osò pou nou wè pou kilès l ap ye. » Se pou sa ki te ekri a kapab rive :

Yo separe rad mwen, yo tire wòb mwen an osò.

Se sa menm sòlda yo fè.

Mt 27,55-56; Mk 15,40-41; Lk 23,49

^{Mt 27, 55-56; Mk 15, 40-41; Lk 23,49} ²⁵ Bò kwa Jezi a, te gen manman l ki te kanpe la ak sè manman li an, Mari, madanm Klopas la, ak Mari, moun Magdala a. ²⁶ Jezi menm wè manman an ak patizan li te renmen an bò kote l. Li di manman an : « Madanm, men pitit ou. » ²⁷ Apre sa, li di patizan a : « Men manman w. » Depi lè sa a, patizan an pran l lakay li.

Jezi mouri

Mt 27,48-50; Mk 15,36-37; Lk 23,46

^{Dtw 21, 22-23; Gal 3,13; Sòm 22,15} ²⁸ Apre sa, kòm Jezi te konnen tout bagay te fin bout nèt, pou sa ki ekri a te rive, li di : « Mwen swaf. » ²⁹ Te gen la yon vesò plen vinèg. Yo mete yon eponj plen vinèg nan pwent yon branch izòp, yo pwoche l bò bouch li. ³⁰ Lè Jezi fin pran vinèg la, li di : « Tout bagay fini nèt. » Epi li panche tèt li, li renmèt lespri l.

^{4,7} ³¹ Se te jou preparasyon fèt Pak la. Pou kò yo pa t rete sou kwa a jou saba a, paske jou saba sa a, se te yon gran jou, Jwif yo mande Pilat pou yo pote kò yo ale, apre yo fin kase janm yo. ³² Konsa sòlda yo rive, yo kase

janm premye a ak pa lòt la, yo te kloure sou kwa ansanm ak li a. ³³ Lè yo rive sou Jezi, yo wè li deja fin mouri, yo pa kase janm li. ³⁴ Men youn nan sòlda yo pèse bò kòt li ak yon pikèt. Menm moman an san ak dlo sòti. ³⁵ Se nèg ki te wè a ki sèvi temwen. Sa li deklare a vre. Li konnen li di laverite pou nou menm tou nou kapab kwè.

^{7,37; 1Jn 5,6} ³⁶ Tou sa fèt pou sa ki te ekri te kapab rive :

Yo p ap kraze yon sèl zo nan kò l.

^{12,46; Res 9,12; Sòm 34,21} ³⁷ Genyen yon lòt bagay ankò ki ekri :

Yo va leve je yo gade Sila a yo fin pèse a.

Mt 27,57-60; Mk 15,42-46; Lk 23,50-54

³⁸ Apre sa, Jozèf, moun Arimati, ki te yon patizan Jezi ankachèt, poutèt li te pè Jwif yo, vin mande Pilat pou li wete kò Jezi. Pilat aksepte. Se konsa, li vini, li wete kò a. ³⁹ Nikodèm vini tou. Se li ki te vin kot Jezi anvan sa yon premye fwa lannwit. Li pote yon melanj lami ak Lalwa, valè pou san liv konsa. ⁴⁰ Yo pran kò Jezi, yo mare l ak ti bann twal tranpe nan losyon an jan Jwif yo konn fè pou mò yo. ⁴¹ Kote yo kloure Jezi sou kwa a, te gen yon jaden. Nan jaden an te gen yon kavo tou nèf, kote yo pa t ko mete pèsonn. ⁴² Akòz jou preparasyon Jwif yo pou fèt Pak la, se la yo depoze Jezi, paske kavo a te tou pre.

^{Mt 27, 57-60; Mk 15, 42-46; Lk 23, 50-54}

^{11,44; 12,7}

19,25-27: Bò kwa Jezi a... Si nou byen gade tèks sa a pa gen gason ki te nan pye lakwa a. Se sa ki fè moun savan yo di se pa apot Jan ki Disip Jezi te Renmen anpil la. Disip Jezi te Renmen anpil la se yon kominate idéyal ki viv dapre sa Jezi te montre nou. Epi se nan kominate sa a Levanjil ki pote non Jan an soti (Jan 21,24).

19,31a: Kòm se te jou preparasyon fèt Pak la, pou kò yo pa t rete sou kwa a jou saba a, paske jou saba sa a se te yon gran jou... Depi premye pale chèf Jwif yo ak Pilat, yo te byen sonje pwòpte pou yo fè pou Pak la ki t ap pwoche (18,28). Yo kòndane yon inosan, men yo kontinye ak pratik pwòpte yo, kòm si yo pa fè anyen

ki mal. Jou saba a pi enpòtan pou yo pase laverite, pase lavi moun yo, pase sa ki kòrek.

19,33-34: Lè yo rive sou Jezi, yo wè li deja fin mouri, yo pa kase janm li. Men youn nan sòlda yo pèse bò kòt li ak yon pikèt. Menm moman an san ak dlo sòti. San ki sòti bò kòt Jezi a reprezante lanmò li aksepte a, pou l kapab sove moun sou tè a (18,11). Se siy renmen li jis nan dènye bout (1,14 ; 13,1), renmen yon Gadò Mouton ki bay lavi l pou mouton l yo (10,11), yon Zanmi ki bay lavi li pou zanmi l yo (15,13).

Dlo a reprezante Lespri a ki bay lavi : ak lanmò li Jezi pote lavi ban nou. Lè a rive pou Jezi ban nou diven tounèf li te anonsé nan nòs Kana a

Yo jwenn kavo a vid

Mt 28,1-8; Mk 16,1-8; Lk 24,1-11

20 ^{Mt 28, 1-8; Mk 16, 1-8; Lk 24, 1-11; T Ap 20, 7} ¹Premye jou semèn nan, Mari, moun Magdala a, al nan kavo a granm maten, pandan te fè nwa toujou. Li wè yo te wete wòch la devan kavo a. ²Konsa li kouri al kote Simon Pyè ak lòt patizan Jezi te renmen an, li di yo: « Yo wete Granmèt la nan kavo a, nou pa konn kote yo mete l. »

³Pyè sòti ak lòt patizan an, y ale nan kavo a. ⁴Toulède t ap kouri ansanm, men lòt patizan a kouri pi vit pase Pyè. Li rive anpremye nan kavo a. ⁵Li panche kò l, li wè ti bann twal yo, men li pa antre. ⁶Simon Pyè ki t ap vini dèyè l, rive tou. Li antre nan kavo a, li wè ti bann twal yo la. ⁷Li wè tou moso twal yo te mete sou tèt li a. Li pa t ansanm ak ti bann twal yo, men li te vlope yon kote apa. ⁸Kounye a atò, lòt patizan an, ki te rive anpremye nan kavo a, antre tou. Li wè, epi li kwè. ⁹Yo pa t ko konprann sa ki te ekri a: Fòk li leve byen vivan sòti pamì mò yo. ¹⁰Epi patizan yo tounen al lakay yo.

^{Sòm 16,10; Lk 24,26; T Ap 2,27; 1Kor 15,4}

(2,4). Maryaj toutbon an gen tan kòmanse. Dlo ak san an se de prensipal sous lavi nan Legliz la, batèm ak Lekaristi.

20,1-2 : Premye jou semèn nan, Mari, moun Magdala a, al nan kavo a granm maten. Li te fè nwa toujou. Li wè yo te wete wòch la devan kavo a. Premye jou semèn nan se dimanch (Ap 1,10). Menm si te gen plizyè fi ki t al nan kavo a (Lik 24,10) sèl non Levanjil Jan an bay, se Mari, moun Magdala a, pou fè nou konnen wòl enpòtan madanm sa a a te genyen nan premye komi note kretyen yo.

20,3 : Pyè sòti ak lòt patizan an, y ale nan kavo a. Toude kouri, men lòt patizan an ki te rive anpremye a pa antre nan kavo a. Li bay Pyè premye plas. Kominote yo rekonèt gwo otorite Pyè te genyen an, menm apre Pyè te nye Jezi.

20,8 : Kounye a atò, lòt patizan an, ki te rive anpremye nan kavo a, antre. Li wè, e li kwè. Premye bagay lafwa a montre nan Jezi ki leve byen vivan an, Jezi pa nan kavo a ankò. Kavo ki vid la montre Jezi pa rete prizonye lanmò. Dezyèm bagay lafwa a montre nan Jezi leve byen vivan an, se Jezi antre nan lavi total Bondye Papa a ak Lespri a. Tout lafwa kretyen yo, sa ki bay kretyen yo fòs pou yo kontinye batay pou Peyi kote Bondye Wa a, lí chita sou yon bèl reya-

Mt 28,9-10; Mk 16,9-11

¹¹Mari, li menm, te rete deyò, bò kavo a, li t ap kriye. Pandan li t ap kriye, li panche kò l, li gade anndan kavo a. ¹²Li wè de zanj toutanblan chita, youn nan tèt, lòt la nan pye, kote yo te mete kò Jezi a. ¹³Yo di l: « Madanm, poukisa w ap kriye? » Li di yo: « Yo wete Granmèt mwen an, mwen pa konnen kote yo mete l. » ¹⁴Di li fin di sa, li vire gade dèyè, li wè Jezi kanpe. Men li pa t konnen si se te Jezi. ¹⁵Jezi di l: « Madanm, poukisa w ap kriye? Kilès w ap chèche? » Li te kwè se jeran jaden an, li di l: « Mèt, si se ou ki pote l ale, di mwen ki kote ou mete l, mwen va al pran l. » ¹⁶Jezi di l: « Mari! » Mari vire, li di l nan lang ebre: « Rabouni! » (sa vle di, Pwofesè). ¹⁷Jezi di l: « Pa kenbe m, paske mwen poko monte kote Papa a. Men al kote frè m yo epi di yo: M ap monte kot Papa m ki Papa nou tou, kote Bondye mwen an ki Bondye nou tou. » ¹⁸Mari, moun Magdala a, al pote nouvèl la bay patizan yo: « Mwen wè Granmèt la, » ak tou sa li te di l.

^{Mt 28, 9-10; Mk 16, 9-11}

^{Kant 3,3}

^{14,28; 16,7; Sòm 22,23; Mt 12,49; 28,10; Wm 8,29; Eb 2,11}

lite: Jezi pa rete nan lanmò, Jezi byen vivan pou toutan, li antre nan lavi total Bondye a.

20,11-18 : Mari, li menm, te rete deyò, bò kavo a. Li t ap kriye. Antan li t ap kriye, li panche kò l, li gade anndan kavo a. Mari pa t retounen lakay li menm jan Pyè ak lòt disip la te fè. Li te rete deyò kavo a epi li t ap kriye. Mari se temwen lafwa ki makonnen ak renmen.

20,12 : Li wè de zanj toutanblan chita, youn nan tèt, lòt la nan pye, kote yo te mete kò Jezi a. Ni pou Women yo ni pou Jwif yo, se de moun ki fè deklarasyon yon temwen gen valè. Koulè blan an se koulè viktwa.

20,16 : Jezi di l: « Mari! » Mari vire, li di l nan lang ebre: « Rabouni! » (sa vle di, Pwofesè). Jezi ki te leve byen vivan an, se bon gadò mouton ki konnen non mouton l yo. Mari, moun Magdala a, rekonèt vwa Gadò li a (Jan 10,3-4).

20,17 : Men al kote frè m yo epi di yo: M ap monte kot Papa m ki Papa nou tou, kote Bondye mwen an ki Bondye nou tou. Se premye fwa Jezi rele patizan l yo « frè m yo ». Ak lanmò l sou kwa a Jezi louvri chemen pou nou vin pitit Bondye a. Kounye a Bondye se Papa nou tout, epi nou tout nou se pitit Bondye nan Pitit la. Nou tout nou se frè ak sè Jezi, frè ak sè youn lòt.

Jezi parèt devan patizan l yo

Mk 16,14-18; Lk 24,36-49

<sup>Mk 16,
14-18;
Lk 24,
36-49;
Jn 14,18</sup> <sup>7,39;
TAp 18;
Jen 2,7;
Ezk 37,9;
1Kor
15,45</sup> <sup>Mt
16,19;
18,18</sup> <sup>1Kor
9,1;
1Jn 1,1</sup> <sup>Mk
16,14;
Lk
24,25;
Mt
28,17</sup> <sup>4,48;
1Pjè
1,8</sup> ¹⁹ Jou sa a, premye jou semèn nan, nan aswè, pòt kote patizan yo te ye a te fèmen, poutèt yo te pè Jwif yo. Jezi vini, li kanpe nan mitan yo, li di yo : « Kè poze pou nou. » ²⁰ Antan l ap di sa, li montre yo men l yo ak bò kòt li. Patizan yo kontan wè Granmèt la. ²¹ Jezi tounen di yo : « Kè poze pou nou. Menm jan Papa a te voye mwen, mwen menm tou mwen voye nou. » ²² Antan l ap di sa li soufle sou yo, li di yo : « Re-sevwa Lespri Sen an. » ²³ Depi nou padonnen peche yon moun, peche l yo ap padonnen, depi nou kite yo san padonnen, yo va rete san padonnen. »

²⁴ Men Toma, youn nan Douz yo, sa yo rele Marasa a, pa t avèk yo lè Jezi te vini an. ²⁵ Lòt patizan yo di l : « Nou wè Granmèt la. » Li di yo : « Si mwen pa wè mak klou yo nan men l, si mwen pa mete dwèt mwen nan mak klou yo, epi si mwen pa mete men mwen bò kòt li, mwen p ap kwè. » ²⁶ 8 jou apre, patizan l yo te anndan kay la ankò. Toma te avè yo. Jezi vini antan pòt yo fèmen. Li kanpe nan mitan yo, li di yo : « Kè poze pou nou. » ²⁷ Apre sa li di Toma : « Mete dwèt ou isit la, epi gade men m yo. Lonje men w, mete l bò kòt mwen. Pa rete san lafwa, men se pou w gen lafwa. » ²⁸ Toma reponn li : « Granmèt mwen an, Bondye mwen an! » ²⁹ Jezi di

Nan jaden paradi tounèf la, kominate patizan yo fè esperyans lavi tounèf ki sòti nan Jezi a, premye jou kreyasyon tounèf la. Li vivan, men li pa montre figi l menm jan yo te konn wè l lè li te avè yo anvan sa.

20,19-20 : Jou sa a, premye jou semèn nan, nan aswè. Pòt kote patizan yo te ye a te fèmen, poutèt yo te pè Jwif yo. Jezi vini, li kanpe nan mitan yo, li di yo : « Kè poze pou nou. » Laperèz anpeche patizan yo ananse Bon Nouvèl la bay lòt yo. Jezi delivre moun anba laperèz pou yo kapab sèvi l temwen. Li montre lè w renmen jis ou rive nan lanmò se sous viktwa, kè poze ak kè kontan.

20,21-23 : Jezi tounen di yo : « Kè poze pou nou. Menm jan Papa a te voye mwen, mwen menm tou mwen voye nou » Se Apot yo an premye e avè yo tout kominate kreyen an ki rese-

li : « Ou kwè paske w wè m, ala chans pou moun ki kwè san yo pa wè. »

³⁰ Jezi te fè anpil lòt mirak devan patizan l yo, ki pa ekri nan liv sa a.

³¹ Sa yo menm, yo ekri yo pou nou kapab kwè Jezi se Kris la, se Pitit Bondye a. Konsa poutèt kwè nou kwè a, nou va gen lavi, nan Non li.

<sup>3,15;
1Jn
5,13;
T Ap
3,16</sup>

Jezi parèt bò lanmè Tiberyad la

21 ¹Apre sa, Jezi tounen fè patizan l yo wè l bò lanmè Tiberyad la.

Men kijan li fè yo wè l : ²Simon Pyè, ^{Lk 5,10} Toma, sa yo rele Marasa a, Natanayèl, moun Kana nan Galile a, pitit Zebede yo, ak de lòt nan patizan l yo, te twouve yo ansanm. ³Simon Pyè di yo : « Mwen pral lapèch. » Yo di l : « Nou pral avè w tou. » Yo pati, yo monte nan kannòt la. Nwit sa a yo pa pran anyen.

⁴Granm maten, Jezi te kanpe bò lanmè a. Men patizan l yo pa t konnen si se te Jezi. ⁵ Jezi di yo : « Ti mesye, nou pa gen pwason? » Yo reponn li : « Non. » Li di yo : « Voye senn lan adwat kannòt la, nou va jwenn. » Yo voye senn nan, epi yo pa t gen fòs pou yo rale l pou jan li te plen pwason. ⁷Patizan Jezi te renmen an di Pyè : « Se Granmèt la! » Tande Simon Pyè tande se Granmèt la, li vlope kò l ak yon rad, paske li te toutouni. Epi li lage kò l nan lanmè a. ⁸Lòt patizan yo rive ak kannòt la, yo trennen senn pwason yo. Yo pa t lwen tè a,

vwa misyon ananse Bon Nouvèl Jezi Kri a bay lòt yo. Dapre Levanjil Jan an Jezi te bay Apot yo Lespri Sen an menm jou li leve byen vivan pamì mò yo (Jenèz 1,2 ; 2,7). Li voye souf li, sa vle di Lespri a sou Apot yo menm jan Bondye te fè nan premye kreyasyon an, konsa se yon kreyasyon tounèf ki fèt ak Jezi. Konsa Apot yo kapab kontinye menm misyon ak Jezi : bay tout moun lavi tounèf la ki sòti nan lanmò ak nan leve byen vivan Jezi a. Li ba yo pouvwa padonnen peche pou montre nan kreyasyon tounèf sa a, peche pa gen pouvwa ankò, se lavi Bondye ki tout.

21,1-14 : Apre sa, Jezi tounen fè patizan l yo wè l bò lanmè Tiberyad la. Men kijan li fè yo wè li. Vèsè sa yo plen ak senbòl : Li nonmen sèt patizan yo, sa vle di tout kominate kreyen yo.

Patizan l yo pa t konnen si se te Jezi. Yo pa t ko

yo te kapab yon distans san mèt konsa.⁹ Desann yo desann atè, yo wè yon dife chabon ak pwason sou li, ak pen.¹⁰ Jezi di yo: «Pote nan pwason nou fèk pran yo.»¹¹ Simon Pyè monte nan kannòt la, li rale senn nan atè. Li te plen ak san senkant twa gwo pwason. Ak tout kantite sa a, senn nan pa t chire.¹² Jezi di yo: «Vin fè yon ti manje.» Okenn nan patizan yo pa t pèmèt yo mande l 'Kilès ou ye? Yo te konnen se Granmèt la.¹³ Jezi vanse, li pran pen an, li lonje l ba yo. Li fè menm jan ak pwason an tou.¹⁴ Sa te fè twazyèm fwa déjà Jezi te fè patizan yo wè l, depi li te leve byen vivan sòti pamì mò yo.

^{Mt 14,19} ^{Lk 7,42} ^{Mt 16,17;} ^{T Ap 20,28;} ^{1Pyè 5,2} Lè yo fin manje, Jezi di Simon Pyè: «Simon, ptit Jan, èske w renmen mwen plis pase sila yo?» Li di l: «Wi Granmèt, ou konnen mwen renmen w.» Li di l: «Okipe ti mouton m yo.»¹⁶ Li tounen di l yon dezyèm fwa: «Simon, ptit Jan, èske w renmen m?» Li di l: «Wi Granmèt, ou konnen mwen renmen w.» Jezi di l: «Gade mouton m yo.»¹⁷ Li di l yon twazyèm fwa: «Simon, ptit Jan, èske w renmen m?» Pyè te gen lapenn, paske sa te fè twazyèm fwa li di l: Èske w renmen m. Pyè di l: «Granmèt, ou konnen tout bagay, ou

konnen mwen renmen w.» Jezi di l: «Okipe mouton m yo.¹⁸ Anverite, anverite, mwen di w, lè ou te pi jèn, ou te konn mare tay ou pou kont ou, epi ou te konn ale kote w vle. Men lè w va vin pi granmoun, ou va lonje men w, se yon lòt ki va mare tay ou, ki va mennen w kote w pa vle.»

^{T Ap 21,11;}
^{Mt 16,22}

^{2Pyè 1,14}
^{13,25} ^{Mt 16,28} ^{Li di sa pou l montre kijan Pyè ap mouri pou li bay Bondye glwa. Lèfini li di l: «Swiv mwen.»²⁰ Pyè vire, li wè patizan Jezi te renmen an ap swiv yo. Se patizan sa a ki te panche sou lesto-mak Jezi lè yo t ap manje a, epi ki te di: «Granmèt, kilès ki pral fè pran w?»²¹ Lè Pyè wè l, li di Jezi: «Granmèt, e li menm, kisa w di pou li?»²² Jezi di l: «Si mwen vle li rete jis mwen vini, sa sa fè w? Ou menm swiv mwen.»²³ Pawòl sa a gaye pamì frè yo, kòmkwa patizan sa a p ap mouri. Jezi pa t di li, li p ap mouri, men: Si mwen vle li rete jis mwen vini, sa sa fè w?}

²⁴ Se patizan sa a ki sèvi temwen bagay sa yo, epi ki ekri yo. Nou konnen deklarasyon li an vre.

²⁵ Gen anpil lòt bagay ankò Jezi te fè. Si yo ta ekri yo youn pa youn, mwen pa kwè ta gen plas sou tè a pou liv yo ta ekri yo.

rekònèt fason tounèf Jezi ki te leve byen vivan an la nan mitan yo.

Jezi di yo: «Voye senn lan adwat kannòt la, n a jwenn.» Depi yo swiv Pawòl Jezi a, travay yo donneñ anpil.

Li te plen ak san senkant twa gwo pwason. Chif sa a reprezante tout peyi yo. Nan tan sa a, yo te kwè te gen sèlman 153 nasyon sou latè. Misyon Jezi bay Apot li yo pral donneñ anpil.

Apre sa yo manje ansanm, paske misyon Legliz la rive toujou nan Lekaristi kote yo reyalize kominyon an ak Jezi.

21,15-23: Lè yo fin manje, Jezi di Simon Pyè: «Simon, ptit Jan, èske w renmen m plis pase sila yo?» Li di l: «Wi Granmèt, ou konnen mwen renmen w.» Li di l: «Okipe ti mouton m yo.» Yon gadò mouton toutbon vre swiv Jezi, ki mete tèt li nan sèvis kominote a, li renmen l jis li bay

pwòp lavi l pou li. Jezi mande Pyè kesyon twa fwa pou fè li sonje li te nye li twa fwa. Nan vèsè 19 li di l «Swiv mwen», Jezi rele li pou li swiv li toutbon nètale. Li vin gadò mouton Jezi yo. Konsa fòk li fè menm jan ak Jezi.

21,24-25: Se patizan sa a ki sèvi temwen bagay sa yo, epi ki ekri yo. Nou konnen deklarasyon li an vre. Gen anpil lòt bagay ankò Jezi te fè, si yo ta ekri yo youn pa youn, mwen pa kwè ta gen plas sou tè a pou liv yo ta ekri yo. Levanjil la se yon liv ki bay yon doktrin, sa vle di yon seri verite ak prensip, men se pa sa ase. Levanjil la se yon esperyans pèsonèl ou fè ak Jezi ki fè w sèvi temwen nan mitan yon kominote pou lòt moun rive kwè tou Jezi se Sovè a. Epi konsa yo va gen lavi nan li. Se poutèt sa Kominote Disip Jezi te renmen anpil la te ekri Levanjil li a (Jan 20,30-31).